**ÓZBEKSTAN RESPUBLIKASÍ JOQARÍ HÁM ORTA ARNAWLÍ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**BERDAQ ATÍNDAǴÍ**
**QARAQALPAQ MÁMLEKETLIK UNIVERSITETI**
**MAGISTRATURA BÓLIMI**

***Qoljazba huqıqında***

***UDK: 911.6 (575.172)***

**BALTABAYEV OMIRBAY OSERBAYEVICH**

# QARAQALPAQSTAN ARQA RAYONLARÍNÍŃ GEOGRAFIYALÍQ ATAMALARÍ HÁM OLARDÍŃ AYMAQLÍQ TARQALÍWÍ (TAXTAKÓPIR, QARAÓZEK HÁM SHÍMBAY RAYONLARÍ MÍSALÍNDA)

**5A 140602 – «Geografiya (ulıwma geografiya)» qánigeliginiń**
**Magistr**
**akademiyalıq dárejesin alıw ushın jazılǵan**
**DISSERTACIYA**

MAK da jaqlawǵa ruqsat.
Magistratura bólimi baslıǵı:
y.i.k. doc. Gulimov A.B.
________________

Geografiya kafedrası baslıǵı:
g.i.k. doc. Embergenov N.J.
_________________

Ilimiy basshı:
g.i.k. doc. Allanazarov K.J.
_________________

**NÓKIS – 2019**

## MAZMUNÍ

**KIRISIW** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3

**I BAP. ÚYRENIW OBYEKT SÍPATLAMASÍ, TOPONIMIKA HÁM TERMINOLOGIYANÍŃ RAWAJLANÍWÍNA TARIYXÍY SÍPATLAMA**

I.1. Úyreniw obyekt sıpatlaması . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7

I.2. Toponimika terminologiyası haqqında qısqasha sıpatlama . . . . . . . . 12

I.3. Mámleketimizde toponimika hám terminologiyanıń rawajlanıwı . . . 18

**II BAP. GEOGRAFIYALÍQ TERMINLER HAQQÍNDA TÚSINIK**

II.1. Geografiyalıq terminlerge qısqasha sıpatlama . . . . . . . . . . . . . . . . . . 28

II.2. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń arqa rayonları (Taxtakópir, Qaraózek, Shımbay) toponimiyasında ushırasatuǵın jergilikli geografiyalıq terminler . . . 37

**III BAP. QARAQALPAQSTAN ARQA RAYONLARÍ (Taxtakópir, Qaraózek, Shımbay) TOPONIMLERINE SÍPATLAMA**

III.1. Oronimler . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 47

III.2. Gidronimler . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 51

III.3. Oykonimler . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 61

**JUWMAQLAW** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 69

**PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 72

**QOSÍMSHALAR** . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 82

# KIRISIW

**Temanıń tiykarlanıwı hám aktuallıǵı.** Hár qanday aymaqtı úyreniwde geografiyalıq atamalar, olardı payda etken toponimler aytarlıqtay úlken áhmiyetke iye. Olardı úyreniw jámiyetimizde hár bir úlkeniń mádeniyatı, xalqınıń tariyxı, tiliniń, tábiyatınıń sırların biliwde járdem beredi. Sonday-aq, úlkemiz geografiyalıq atamaları, terminleri jáne olardıń mazmun-mánisin ashıp beriw búgingi kúni Watanımızdıń ótmishin, xalıqlarımızdıń tili hám mádeniy miyrasların keleshek áwlad sanasına sińdiriwde, olarǵa degen patriotlıq sezimler oyatıwda úlken áhmiyetke iye.

Atamalar haqqında húrmetli birinshi prezidentimiz I.A.Karimovtıń aytqanınday, «…ata-babalarımız ózleri jasaytuǵın máhálle, qala hám awıllarǵa at tańlawǵa júdá úlken itibar bergen. Áyyemgi atamalarda ata-babalarımızdıń turmıs hám oy-pikir qálpi ayqın óz kórinisin tapqan»[1].

Uzaq tariyxqa iye bolǵan elimiz toponimiyası da ózine tán milliy miyrasımız bolıp tabıladı. Húrmetli prezidentimiz Sh.M.Mirziyoyevtıń da, «…tariyxıy miyrastı asırap-abaylaw, úyreniw hám áwladlarǵa qaldırıw, mámleketimiz siyasatınıń eń baslı baǵdarlarınan biridur»[2] - degen, sózleriniń túp-tiykarında da tariyxıy miyrasımızǵa baylanıslı derek sıpatında elimiz toponimlerin úyreniw máselesi de jatadı.

Jáne de, Prezidentimizdiń 2017-jıl 7-fevraldaǵı «Ózbekstan Respublikasın jánede rawajlandırıw boyınsha Háreketler strategiyası haqqında»ǵı PF-4947-Pármanı bul baǵdarda ámelge asırılıp atırǵan isler kólemin elede keńeytiwde júdá áhmiyetli bolıp esaplanadı[3].

[1] Каримов И. Юксак маънавият енгилмас куч. – Т.: Маънавият, 2008. 92-б.
[2] Мирзиёев Ш.М. Миллий тараққиёт йўлимизни қатъият билан давом эттириб, янги босқичга кўтарамиз. 1-жилд. – Т.: Ўзбекистон, 2017. 29-б.
[3] Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги «Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Харакатлар стратегияси тўғрисида»ги ПФ-4947 Фармони, 40-банди

Toponimler uzaq dáwirler jemisi bolıp, ol tariyx, geografiya, lingvistika, arxeologiya, etnografiya hám tağı basqa da ilimler ushın bay material deregi esaplanadı. Toponimikalıq materiallar arqalı biz kóplegen tariyxıy sırlardı, ertedegi xalıqlardıń ekonomikalıq hám mádeniy qatnasıqların jáne de til ózgesheliklerinde anıqlawımız múmkin.

**Izertlew obyekti sıpatında** Qaraqalpaqstan Respublikasınıń arqa rayonları (Taxtakópir, Qaraózek, Shımbay) aymağı alındı. Bul rayonlar respublikamızdıń arqa hám arqa-shığısında jaylasqan bolıp, óziniń tábiyatı, xojalığı xarakteri boyınsha aytarlıqtay ózgesheliklerge iye. Bul aymaq bir tárepten Ámiwdáryanıń deltalıq tegislikleri, bir tárepten Qızılqum shóli menen, jáne bir tárepten Aral teńizi menen ushlasadı. Álbette, bunday tábiyğıy kompleksler bul aymaqtıń xojalıq ózgesheliklerine kúshli tásir etedi, ol óz gezeginde aymaqtıń toponimleri, olardı jaratıwshı topoformantlarğa da tásir etpey qalmaydı.

**Izertlew predmeti** Qaraqalpaqstan Respublikasınıń arqa rayonları (Taxtakópir, Qaraózek, Shımbay) toponimleri hám olardıń tarqalıw nızamlıqları, geografiyalıq terminlerdiń analizi, jáne olardıń toponim payda etiwdegi rolin úyreniw bolıp tabıladı.

**Jumıstıń maqseti** – Respublikamızdıń Arqa rayonları (Taxtakópir, Qaraózek, Shımbay) mısalında úlkemiz toponimleri, olardıń kelip shığıwın hám aymaqlıq tarqalıwın izertlew bolıp tabıladı.

**Jumıstıń wazıypalarına tómendegiler kiredi:**

- úlkemiz geografiyalıq atamalarınıń kelip shığıwın, aymaqlıq tarqalıwın hám toponim payda etiwde qatnasqan jergilikli geografiyalıq terminlerdi analizlew;
- jergilikli geografiyalıq terminler hám olardıń toponim payda etiwdegi ornın anıqlaw;
- jergilikli geografiyalıq terminler haqqında mağlıwmatlar toplaw;
- usı rayonlar aymağındağı toponimlerge sıpatlama beriw.

**Ilimiy jańalıǵı.** Alıp barılǵan izertlewler nátiyjesinde toponimler hám jergilikli geografiyalıq terminler menen baylanıslı áhmiyetli tiykarǵı ilimiy ideya hám nızamlıqlar ashıp berilgen. Sonıń menen birge, orınlanǵan izertlewdiń tiykarǵı juwmaq hám usınısları, toponimikalıq hám terminologiyalıq materialları oǵada áhmiyetli esaplanadı.

**Izertlewdiń tiykarǵı máseleleri hám boljawları.** Qaraqalpaqstan arqa rayonları (Taxtakópir, Qaraózek, Shımbay)nıń geografiyalıq atamaları hám jergilikli geografiyalıq terminleri kórip shıǵılǵan. Izertlewlerdiń nátiyjeleri toponimikalıq sózlikler dúziwde, geografiyalıq atamalardı tártipke salıwda, geografiyalıq terminlerdiń túsindirme sózliklerin dúziwde hám de joqarı oqıw orınlarında toponimika kursların oqıtıwda xızmet ete aladı.

**Izertlew teması boyınsha ádebiyatlar túsindirmesi (analizi).** Mámleketimiz geografiyalıq atamaları hám geografiyalıq terminleri máseleleri boyınsha bir neshe alımlar izertlewler alıp barǵan bolıp, olar E.Murzaev, H.Hasanov, S.Qoraev, P.Ǵulomov, Z.Dosimov, T.Enazarov, N.Begaliev, M.Mirakmalov, Q.Hakimov hám basqalar bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaqstanda bul máseleler menen Q.Ábdimuratov, E.Umirbaev, E.Berdimuratov, Q.Seytniyazov, Q.Paxratdinov, K.Allanazarov, G.Tóreeva, M.Qurbanov, D.Yuldashev, G.Mambetova, G.Abishov, F.Urinbaeva hám basqa da ilimpazlar shuǵıllanǵan hám shuǵıllanıp kelmekte. Biz jumısımızdı jazıw barısında joqarıda kórsetilgen ilimpazlardıń miynetlerinen kóbirek paydalanıwǵa háreket ettik hám pikirlerin basshılıqqa aldıq.

**Izertlewde qollanılǵan metodlar.** Izertlew dawamında kartografiyalıq, tariyxıy, tariyxıy-etimologiyalıq analiz hám basqa da usıllardan keń túrde paydalanıldı. Bul jumıstıń metadologiyalıq tiykarların ǵárezsizlik dáwirinde respublikada júz berip atırǵan social-ekonomikalıq tarawlardaǵı ózgerislerge qaratılǵan usınıslarǵa hámde usı máselelerge tiyisli respublikamızda qabıl etilgen nızam hám kórsetpeler menen sıpatlanadı.

**Izertlew nátiyjeleriniń teoriyalıq hám ámeliy áhmiyeti.** Alıp barılǵan izertlewler nátiyjesinde toponimika hám terminologiyaǵa baylanıslı ilimiy jandasıwlardı kóriwimizge boladı. Respublikamız toponimleri hám jergilikli geografiyalıq terminlerdiń sózliklerin dúziwde xızmet qıla aladı.

**Jumıstıń dúzilisi.** Dissertaciya kirisiw, úsh bap, juwmaqlaw, paydalanılǵan ádebiyat hám qosımshalardan ibarat. Jumıs jámi 81 betti quraydı. Jumıstı orınlawda 68 atamadaǵı ilimiy ádebiyatlar hám basqa da dereklerden paydalanıldı.

# I BAP. ÚYRENIW OBYEKT SÍPATLAMASÍ, TOPONIMIKA HÁM TERMINOLOGIYANÍŃ RAWAJLANÍWÍNA TARIYXÍY SÍPATLAMA

## I.1. Úyreniw obyekt sıpatlaması

Qaraqalpaqstan dúnya júzi kartasında belgili úlken tegislik Turan oypatlıǵında, Evraziya materiginiń orayında, Ózbekstan Respublikasınıń arqa-batısında jaylasqan. Respublikamızdıń aymaǵına Aral teńiziniń qubla-batıs bólimi, Ústirt tegisliginiń qubla-shıǵıs yarımı, Qızılqum shólistanlıǵınıń arqa-batıs hám Ámiwdárya deltasınıń oraylıq, qubla-shıǵıs hám arqa-batıs bólimleri kiredi.

Respublikamızdıń qubla shetindegi toshkası Tórtkúl qalasınıń qublasında ($40^0$ $55^1$ a.k.), al arqa shetindegi toshkası Ústirt platosınıń arqa-shıǵısında ($45^0$ $35^1$ a.k.), batıs shetindegi toshkasi Ústirtte ($56^0$ $00^1$ sh.b.) hám shıǵıs shetindegi toshkası Qızılqumda Jańadáryanıń eski ańǵarında ($62^0$ $24^1$ sh.b.). Ekvatordan, bas meridian hám arqa polyuslerden bir neshe mıńlaǵan kilometr uzaqta jaylasqan. Ol dúńya júzlik saat poyasınıń IV poyasına kiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikası batıstan shıǵısqa qarap 660 km ge, al arqadan qublaǵa 420 km ge sozılǵan bolıp, ulıwma jer maydanı 166,6 mıń $km^2$. Xalqınıń sanı 1869700 adam (01.01.2019). Xalıqtıń ortasha tıǵızlıǵı 1 $km^2$ jerge 11,2 adamnan tuwra keledi.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń shegarası arqada, arqa-batısta Qazaqstan Respublikasınıń Aqtóbe, Manǵıstaw, arqa-shıǵısta Qızıl-Orda, qubla-batısta Túrkmenstan Respublikasınıń Tashawız, Balxan (Krasnovodsk), qubla hám qubla-shıǵısta Ózbekstannıń Xorezm, Buxara, Nawayı wálayatları menen ótedi.

Qaraqalpaqstan Respublikası Ózbekstan Respublikasınıń arqa-batıs bólimindegi oǵada úlken aymaqtı iylep jatır. Qaraqalpaqstan jer maydanı

boyınsha Ózbekstan wálayatları arasında birinshi orındı iyelep, onıń úlesine Ózbekstan aymaǵınıń 36,8% ten aslamı tuwra keledi.

Respublika aymaǵınıń úlkenligi 13,0 mln. xalqı bar Gruziya, Armenistan, Litva Respublikalarınıń jer kólemine, yamasa 36,0 mln.nan aslam xalıqqa iye bolǵan Batıs Evropadaǵı rawajlanǵan Belgiya, Daniya, Niderlandiya, Shveycariya elleri aymaǵınan da derlik 8,0 mıń $km^2$ ge kóp.

Usı keń aymaq 15 hákimshilik rayonǵa bólinedi: olar – Ámiwdárya, Beruniy, Ellikqala, Kegeyli, Qaraózek, Qanlikól, Qońırat, Moynaq, Nókis, Taxıyatas, Taxtakópir, Tórtkúl, Xojeli, Shımbay, Shomanay rayonları. Respublikanıń paytaxtı – Nókis qalası. Xalıq tiykarınan Ámiwdárya deltasında tıǵız jasaydı.

Úyrenilip atırǵan Qaraqalpaqstannıń arqa rayonları (Taxtakópir, Qaraózek hám Shımbay)nıń ulıwma jer maydanı 29,29 mıń $km^2$ tı quraydı. Bul Qaraqalpaqstan Respublikası jer maydanınıń 17,5% i degen sóz. Xalqı 207500 adam (01.01.2019). Bul Qaraqalpaqstan Respublikası xalqınıń 11% i degen sóz.

Respublika shól zonasında jaylasqanlıqtan onıń kópshilik bólegin Ústirt platosı hám Qızılqum shóli iyelep, olar qarakól qoy sharwashılıǵın rawajlandırıw ushın tiykarǵı jaylaw retinde paydalanıladı. Bul jerlerde turaqlı, otırıqshı xalıq derlik ushıramaydı. Bul aymaqlarda aǵın suw derekleri bolmaǵanı menen jer astı suwlarına bay hám olar hár qıylı tereńlikte jaylasqan bolıp, sharwashılıq ushın úlken áhmiyetke iye. Kópshilik orınlarda artezian qudıqları islep tur.

Bul region usınday tábiyǵıy komplekslerdiń ortasında jaylasqanlıǵı sebepli atamalarınıń payda bolıwında hám olardıń atalıwında da belgili dárejede ózgeshelikler bar. Qızılqum shólinde tiykarınan sharwashılıq ushın qazılǵan artezian qudıqları hám qaq (suw saqlaǵısh)lar kópshilikti quraydı. Máselen, Taxtakópir rayonı aymaǵında 200 den zıyat gidronimikalıq obyektler anıqlanǵan

bolsa, solardıń 150 den aslamı usı aymaqtaǵı artezian qudıqları hám sharwashılıq ushın mólsherlengen qaq (suw saqlaǵısh)lardan ibarat.

Taxtakópir rayonı Qaraqalpaqstan Respublikasınıń arqa-shıǵıs, Qızılqum shóliniń arqa-batıs hám Aral teńiziniń qubla-shıǵıs bóliminde jaylasqan. Onıń jer maydanı 21,12 mıń kv km di quraydı. Rayon maydanınıń úlkenligi jaǵınan Qaraqalpaqstan Respublikasında Qońırat hám Moynaq rayonlarınan keyin 3 – orında turadı. Taxtakópir rayonı Qaraqalpaqstan Respublikası jer maydanınıń 12,7% in quraydı. Rayon arqa-shıǵısta Qazaqstan Respublikasınıń Qızıl-Orda wálayatı hám shıǵısta Ózbekstan Respublikasınıń Nawayı wálayatı menen, sonday-aq, Qaraqalpaqstannıń qublada Ellikqala, Beruniy, batısta Qaraózek, Moynaq rayonları menen shegaralas. Rayonnıń administrativlik orayı – Taxtakópir qalashası.

Taxtakópir rayonı 1928-jılı 10-mayda dúzilgen. Ol 1963-jılı Shımbay rayonına birlestirilgen hám 1965-jıl 29-dekabr kúni jáne usı Taxtakópir atı menen óz aldına rayon bolıp ajıralıp shıqqan. Xalqı 39900 adam (01.01.2019). Qaraqalpaqstan Respublikası xalqınıń bolsa 2,1% in quraydı.

Házir rayonda 8 awıl puqaralar jıyını (APJ) bar bolıp, olar tómendegishe atalǵan:

1. Atakól,
2. Beltaw,
3. Jańadárya,
4. Múlik,
5. Qaraoy,
6. Qaratereń,
7. Qońıratkól,
8. Taxtakópir.

Rayon Respublikamız paytaxtı esaplanǵan Nókis qalasınan 107 km uzaqlıqta jaylasqan.

Qaraózek rayonı Qaraqalpaqstan Respublikasınıń arqa-shıǵıs bóliminde jaylasqan bolıp, qublada Beruniy, Ámiwdárya rayonları, shıǵısta Taxtakópir, arqada Moynaq rayonı, batısta Shımbay, Kegeyli, Nókis rayonları hám Nókis qalası menen shegaralas.

Rayon 1975-jıl 26-sentyabrde dúzilgen, rayonnıń ulıwma jer maydanı 5,89 mıń $km^2$ tı quraydı. Qaraózek rayonı Qaraqalpaqstan Respublikası jer maydanınıń 3,5% in quraydı. Xalqı 52400 adam (01.01.2019). Qaraqalpaqstan Respublikası xalqınıń bolsa 2,8% in quraydı. Rayonnıń administrativlik orayı – Qaraózek qalashası.

Házir rayonda 8 awıl puqaralar jıyını (APJ) bar bolıp, olar tómendegishe atalǵan:

1. Akademik Sabır Kamalov,
2. Alǵabas,
3. Allayar Dosnazarov,
4. Esimózek,
5. Qaraózek,
6. Qarshıǵalı,
7. Qoybaq,
8. Mádeniyat.

Rayon Respublikamız paytaxtı esaplanǵan Nókis qalasınan 72 km uzaqlıqta jaylasqan.

Shımbay rayonı Qaraqalpaqstan Respublikasınıń arqa bóliminde jaylasqan bolıp, arqada Moynaq rayonı, batısta Kegeyli hám shıǵısta Qaraózek rayonları menen shegaralas.

Rayon 1927-jıl 3-iyul sánesinde dúzilgen bolıp, rayonnıń ulıwma jer maydanı 2,20 mıń $km^2$ tı quraydı. Shımbay rayonı Qaraqalpaqstan Respublikası jer maydanınıń 1,3% in quraydı. Xalqı 115200 adam (01.01.2019). Qaraqalpaqstan Respublikası xalqınıń bolsa 6,1% in quraydı. Rayonnıń administrativlik orayı – Shımbay qalashası.

Házir rayonda 11 awıl puqaralar jıyını (APJ) bar bolıp, olardıń atamaları tómendegishe:

1. Baxıtlı,
2. Keńes,
3. Kóksuw,
4. Mayjap,
5. Páshentaw,
6. Qamısarıq,
7. Qızılózek,
8. Qosterek,
9. Taǵjap,
10. Tazajol,
11. Tazǵara.

Rayon Respublikamız paytaxtı Nókis qalasınan 56 km uzaqlıqta jaylasqan.

## I.2. Toponimika terminologiyası haqqında qısqasha sıpatlama

Hár bir adamnıń óziniń atı bar. Birdey attaǵı adamlar kóp, kópshilik waqıtta olardı laqap penen parıqlaydı. Familiyalarda negizinde adamlardı bir-birinen parıqlaw ushın xızmet etedi. Ulıwma insan nárselerge at qoymastan jasay almaydı. Dúnyada hámme nárseniń atı bar. Atamalar bir nárseni ekinshi nárseden ajıratıwǵa járdem beredi.

Adamlar aq-qaranı tanıp tirishilik ete baslaǵanlı qorshaǵan ortalıqtaǵı jerlerdi, dárya hám kóllerdi, taw hám qırlardı, qum hám jaylawlardı belgili bir atama menen atap kelgen. Dáslepki toponimler bir-birinen parıq etpeytuǵın ápiwayı atamalar edi. Waqıttıń ótiwi menen qorshaǵan ortalıq haqqındaǵı oylawlar keńeyip, bir bulaqtı ekinshisinen, bir jaylawdı basqasınan, jaqındaǵı tóbeshikti basqasınan parıqlaw mútájligi payda bola basladı. Sonnan soń Úlkenbulaq – Kishibulaq, Qaraqum – Qızılqum sıyaqlı quramalıraq orın atamaları payda bolǵan. Sociallıq sana rawajlanǵan sayın túsinikler sanı artıp geografiyalıq atamalar grammatikalıq hám semantikalıq jaqtan quramalasıp barǵan. Ele jazıw payda bolmaǵanlıǵı sebepli alǵashqı dáwirdegi geografiyalıq atamalar bizge shekem jetip kelmegen[1].

Bir orındı ekinshisinen, bir kósheni qasındaǵı kósheden, qala hám awıllardı bir-birlerinen ajıratıw ushın da insanlar atamalardı oylap tapqan. Orın atamaları, ***geografiyalıq atamalar*** yamasa ***toponimler*** dep ataladı. Toponimlerdi ***toponimika*** páni úyrenedi. Toponimika grekshe topos – ***orın*** hám onoma (yamasa onima) – ***at, atama*** sózlerinen quralǵan bolıp, geografiyalıq atamalardı, olardıń kelip shıǵıwın, sistemalılıǵın, sózdiń mazmunın hám tarqalıwın izlertleydi[2]. Toponimlerdiń jıynaǵın bolsa, ***toponimiya*** dep atasaq boladı.

Toponimlerge, olardıń kelip shıǵıwı, yaǵnıy etimologiyası, mánisi, ózgeriwi, aytılıwına adamlar áyyemgi zamanlardan baslap aq qızıǵıp kelgen.

---

[1] Qorayev S. Toponimika. – T.: O'zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 3-b.

[2] Умурбаев Е.У. Географиялық терминлер менен атамалардың орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: Билим, 1993. 216-б.

Hár bir geografiyalıq atama artında qanshadan-qansha waqıya hám hádiyseler, tábiyǵıy hádiyseler, tábiyǵıy ózgeshelikler, xalıq, qáwim, ayırım adamlar iskerligi haqqındaǵı tariyxıy maǵlıwmatlar jasırınıp jatadı.

Qaraqalpaq toponimisti Q.Ábdimuratovtıń aytıwınsha: «… toponimika arqalı kóplegen tariyxıy faktlerdi, ayırım xalıqlar menen urıwlardıń territoriyalıq shegaraların, dástúr, úrip-ádetin, mádeniyatın, til ózgesheliklerin anıqlaw múmkin»[1].

Ullı rus toponimist alımı N.I.Nadejdin bolsa geografiyalıq atamalar haqqında: «... jer sonday bir kitap, onda insaniyat tariyxı geografiyalıq atamalar menen jazılǵan»[2] - degen edi.

Sonıń menen birge, geografiyalıq atamalar hám toponimika páni haqqında belgili geograf alım E.M.Murzaev: «… gazeta oqıǵanda da, radio tıńlaǵanda da waqıya hám hádiyselerdi kóbinese geografiyalıq atamalarǵa baylanıstıramız. Házirgi zaman jámiyetin geografiyalıq atamalarsız kóz aldımızǵa keltire almaymız»[3] - dep, jazǵan edi.

Toponimler haqqında qaraqalpaq geograf alımı Q.M.Seytniyazov ta: «… hár bir toponim hár qıylı tariyxıy, geografiyalıq, arxeologiyalıq, etnografiyalıq hám lingvistikalıq maǵlıwmatka iye. Qálegen geografiyalıq atamada anıq maǵana bar hám burınnan bolǵan, biraq kóp jaǵdaylarda olar joytıladı. Ádette, maǵanasız atamalar bolmaydı. Hár birimiz álemdegi, watanımızdaǵı, qádirdan wálayatlardaǵı, rayon yamasa tuwılıp ósken qaladaǵı geografiyalıq atamalardı az bilemiz. Háttteki geograflar, oylap qarasaq, geografiyalıq kartanı jaqsı bilip, kóz aldına keltire alıwı kerek, al negizinde onıń nomenklaturasın az dárejede biledi»[4] - dep, aytıp ótken.

---

[1] Әбдимуратов Қ. Қарақалпақ топонимикасы ҳәм оны изертлеў мәселелери // Әмиўдәрья, 1965. № 2. 119-б.
[2] Мурзаев М.Э. Топонимика и география. – М.: Наука, 1995. С.3.
[3] Ҳасанов Ҳ. Географик номлар сири: Илмий – оммабоп таъриф. – Т.: Ўзбекистон, 1985. 6-7 б.
[4] Сейтниязов К.М. Топонимы северных районов правобережья Каракалпакии: Диссертация на соис. к.г.н. –Т.: 1998. С. 23.

Orın atamaları, yaǵnıy toponimikaǵa baylanıslı bazı bir lingvistikalıq atamalarǵa qısqasha maǵlıwmat berip ótemiz.

**Agroonim** – toponimniń bir túri bolıp, egin maydanlarınıń atamaları menen baylanıslı toponimler.

**Antonimikalıq atama** – mánileri bir-birine qarama-qarsı bolǵan atamalar.

**Antroponim** – menshikli attıń bir túri. Adamnıń atı, familiyası, laqabına baylanıslı payda bolǵan toponimler.

**Antropotoponim** – hár qanday antroponimnen – adamnıń atınan, familiyasınan, laqabınan at alǵan toponim.

**Appelyativ** – belgili bir atama salma, bulaq, kól, taw, awıl, qum sıyaqlı túrli geografiyalıq terminler hám toponimler quramında ushırasatuǵın basqa sózler.

**Astionim** – (qalaǵa baylanıslı) oykonimniń bir túri. Hár qanday qalanıń menshikli atı.

**Astronim** – menshikli attıń bir túri. Óz aldına aspan denesi, juldız, planeta, kometa hám asteroidlardıń menshikli atı.

**Astrotoponim** – menshikli attıń bir túri. Planetalardaǵı hár qanday relyef obyektleriniń atı: geonim – Jerdegi hár qanday tábiyǵıy obyekttiń ataması (toponim), selenonim – Aydaǵı hár qanday tábiyǵıy obyekttiń ataması.

**Detoponimizaciya** – geografiyalıq atamanıń menshikli atqa, toponimniń appelyativge aylanıwı.

**Deetimologizaciya** – házirgi kúnde atama mánisiniń etimologiyalıq «anıqlıǵınıń» joǵalıwı. Áyyemgi toponimler túrli tillerde sóylesken xalıqlar jasaǵan aymaqlarda fonetikalıq jaqtan ózgerip túsiniksiz bolıp qaladı hám túrli ráwiyatlarǵa sebepshi boladı.

**Drimonim** – hár qanday toǵay, terekzarlıqlar ataması.

**Ekzonim** – basqa bir aymaqtaǵı obyekt atınıń belgili bir til ushın ulıwma basqa bir formada dástúriy tús alıwı.

**Ellips, ellipsis** – dáslepki komponentlerinen biri túsip qalǵan toponim.

**Etimologiya** – 1) atamalardıń kelip shıǵıwı, mánisi, 2) atamalardıń kelip shıǵıw shınlıǵın anıqlaw.

**Etimon** – belgili bir atamanıń izertlewshiler anıqlaǵan dáslepki forması, mánisi.

**Etnotoponim** – túrli xalıq, qáwim, urıw atamaları menen atalǵan toponimler.

**Fitotoponim** – hár qanday ósimliktiń atı menen baylanıslı payda bolǵan toponim.

**Formant** – sóz jasaytuǵın, biraq, ǵárezsiz isletilmeytuǵın qosımta.

**Gibrid atama** – eki hám onnan artıq tillerdiń leksikalıq hám morfologiyalıq belgilerinen quralǵan atamalar.

**Gidronim** – tábiyǵıy yamasa insan tárepinen jaratılǵan hár qanday suw obyektleri – yaǵnıy dáryalar, kóller, teńizler, saylar, kanallar, qoltıqlar, buǵazlar, sarqıramalar hám t.b. atamaları.

**Gidronimika** – toponimikanıń gidronimler, olardıń payda bolıwı, rawajlanıwı, nızamlıqların úyreniwshi bolimi.

**Xalıq etimologiyası** – ilimiy etimologiyaǵa ámel qılınbaǵan halda, anıq emes atamalardıń basqa sózler járdeminde «túsinikli» etip ózlestiriliwi. Bunda sózdiń fonetikalıq hám morfologiyalıq dúzilisi de ózgerip ketedi.

**Xoronim** – hár qanday aymaq, úlke, administrativlik birliktiń menshikli atı.

**Indikator** – termin, toponim quramında ushıraytuǵın hám onıń túrin kórsetip turatuǵın termin.

**Komonim** – awıl hám basqa da kishi xalıq jasaw punktleriniń menshikli atı.

**Limnonim** – gidronimniń bir túri. Kól, suw saqlaǵısh hám háwizlerdiń menshikli atı.

**Makrotoponim** – kópshilikke belgili bolǵan iri tábiyǵıy obyektlerdiń menshikli atı.

**Memorial atamalar** – belgili insanlar, ullı waqıyalarǵa arnap qoyılǵan atamalar.

**Mikrotoponim** – belgili bir kishi orında jasaytuǵın bir topar adamlarǵa ǵana belgili bolǵan baǵlar, qudıqlar, bulaqlar, kóller, kópirler, jarlıqlar, qorǵanlar sıyaqlı kishi obyektlerdiń menshikli atları.

**Nekrotoponim** – qoyımshılıq atamaları menen baylanıslı payda bolǵan toponimler.

**Oykonim** – toponim túri. Xalıq jasaytuǵın hár qanday orınnıń – qalanıń, qalashanıń, awıldıń atı.

**Onimizaciya** – belgili bir atamanıń menshikli atqa aylanıwı.

**Onomastika** – lingvistikanıń hár qanday menshikli atamaların úyreniwshi bólimi.

**Oronim** –jer betindegi relyef formaları – tawlar, shıńlar, qırlar, tegislikler hám t.b atamaları.

**Semantika, toponim semantikası** – geografiyalıq atamanıń mánisi, mazmunı.

**Speleonim** – oronimniń bir túri, jer astı toponimi.

**Substrat toponim** – belgili bir aymaqtaǵı házirgi tiller járdeminde táriyiplep bolmaytuǵın, arnawlı etimologiyalıq izertlewler nátiyjesinde ǵana anıqlanatuǵın yamasa ulıwma túsindirip bolmaytuǵın, áyyemde jasaǵan xalıqlar tárepinen qoyılǵan toponim.

**Toponim** – hár qanday geografiyalıq obyekttiń menshikli atı.

**Toponimikalıq areal** – belgili bir toponimikalıq hádiyse, máselen, – *laq* qosımtası tarqalǵan aymaq, toponimikalıq areal toponimikalıq regionǵa qaraǵanda úlkenirek bolıwı múmkin.

**Toponimikalıq kalka** – atamanıń mazmunı tolıq saqlanǵan halda awdarmalanıwı.

**Toponimikalıq leksema, topoleksema** – menshikli at rolin atqaratuǵın, toponimikalıq modeldi toltırıp turǵan sóz.

**Toponimikalıq leksika** – toponimlerdi payda etetuǵın sózler.

**Toponimikalıq model** – toponimlerdiń payda bolıw formulası, máselen, atlıq-atlıq, atlıq-feyil.

**Toponimikalıq ortalıq** – belgili bir aymaqta túrli dáwirlerde túrli xalıqlar tárepinen jaratılǵan toponimler kompleksi.

**Toponimikalıq sistema** – qanday da bir aymaqta belgili bir xalıq tárepinen jaratılǵan toponimler kompleksi.

**Toponimikalıq universaliya** – kóp ǵana tillerge tán bolǵan hám at qoyıw tarawında insanıylıq oylawı belgili dárejede ulıwmalıq ekenligin kórsetetuǵın toponimikalıq hádiyse.

**Toponimikon** – 1) toponimler sózligi yamasa dizimi, 2) geografiyalıq atamalar repertuarı (jıyındısı).

**Toponimlesiw** – appelyativtiń, belgili bir (attıń) terminniń toponimge aylanıwı.

**Transkripciya, geografiyalıq atamalar transkripciyası** – basqa tildegi geografiyalıq atamalar (fonemalar)dı óz tilindegi grafemalar (háripler) menen kórsetiw, jazıw.

**Transliteraciya, geografiyalıq atamalar transliteraciyası** – bir jazıwdaǵı geografiyalıq atamalar háriplerin basqa jazıw háripler menen kórsetiw.

**Zootoponim** – menshikli attıń bir túri, haywanlardıń, sonıń ishinde úy haywanı, haywanat baǵındaǵı haywan, cirkte isleytuǵın haywan, tájiriybe astındaǵı haywan yaki jabayı haywannıń hám quslardıń atları menen atalǵan atamalar[1].

---

[1] Мурзаев Э.М. Очерки топонимики. – М.: Мысль, 1974. С. 20-27.

## I.3. Mámleketimizde toponimika hám terminologiyanıń rawajlanıwı

Úlkemizdegi geografiyalıq obyektlerdiń atamaları, olardıń mánisi, kelip shıǵıwı hám ulıwma toponimikaǵa baylanıslı maǵlıwmatlar uzaq tariyxqa iye. Xalqımız erte dáwirlerden baslap aq geografiyalıq obyektlerdi ataw boyınsha kóp tájiriybe arttırǵan, olar qanday da bir geografiyalıq obyektti tiykarsız yamasa sebepsiz atamaǵan[1]. Orta Aziya hám onıń geografiyalıq atamaları haqqındaǵı eń áyyemgi maǵlıwmatlardan eramızdan aldıńǵı VI-V ásirlerde grek alımları shıǵarmalarında ushıraydı. «Tariyx páni atası» dep tán alınǵan Gerodot Girkanda (Kaspiy) teńizinen shıǵıs táreptegi aymaqtı «sheksiz tegislikten ibarat» dep ataǵan. Araks dáryasın (Ámiwdárya) tilge alǵan.

Áyyemgi grek alımı 17 tomlıq «Geografiya» shıǵarmasınıń avtorı Strabon, tariyxshı hám jazıwshı «Aleksandr Makedonskiy júrisleri tariyxı» avtorı Flaviy Arrian, 10 tomlıq «Aleksandr Makedonskiy tariyxı»n jazǵan Ruf Kurciy, Yaksart (Sırdárya), Politimet (Zarafshan) haqqında maǵlıwmatlar bergen. Jáne basqa Pomponiy Mela (Xorografiya), Pliniy (Tábiyǵıy tariyx) miynetlerinde toponimikaǵa baylanıslı maǵlıwmatlardı ushıratıwımız múmkin.

Shıǵısta, sonıń ishinde, Orta Aziyada da toponimikaǵa qızıǵıw áyyemnen baslanǵan. Yusuf Xos Hojibtiń «Qutadǵu bilig», Abu Rayxan Beruniydiń «Qonuni Masudiy», «Hindstan», «Saydana», Mahmud Qoshǵariydiń «Devonu luǵatit turk», Ibn Sinanıń «Teńiz jaǵaları» shıǵarmalarında toponimikaǵa baylanıslı maǵlıwmatlardı tabıw múmkin[2].

X-XI ásirlerde jasaǵan Abu Rayxan Beruniy óz dáwiriniń ullı alımı – astronom, matematik hám geograf bolǵan. Onıń ilimiy miyrası arasında toponimikaǵa baylanıslı maǵlıwmatlar kóp ushıraydı. Onıń geografiyalıq hám

[1] Кудайбергенов М., Пахратдинов Қ. Географиялық атамаларға итибар – дәўир талабы // Еркин Қарақалпақстан. 2013. 10-декабрь. № 150 (19456).
[2] G`ulomov P., Mirakmalov M. Toponimika va geografik terminshunoslik. – T.: Universitet, 2005. 6-b.

toponimikalıq miyrası «Geodeziya», «Hindstan», «Mineralogiya», «Saydana» sıyaqlı kitaplarında da keltirilgen.

Abu Rayxan Beruniydiń «Hindstan» atlı miynetinde toponimika nızamlıqlarına baylanıslı bir qansha pikirler bar. Alımnıń pikirinshe, grekler hám arablar túrkiy sózlerdi buzıp, óz tillerine maslap alǵanlıqları aqıbetinde ayırım sózlerdiń mánisi ózgerip ketkenligin aytadı. Máselen, túrkiyshe *tosh* sózin arablar *shosh* dep aytılǵanınan mánisi ózgergenin aytadı. «Saydana» kitabında 400 den artıq awıl, taw, dárya, qalalardıń atları tilge alınǵan.

«Mineralogiya» kitabında kánlerdiń geografiyalıq tarqalıwı, qaysı tastıń qaysı taw, qaysı dárya alabı hám qaysı awıldan qazıp alınıwı haqqında jazıwı menen birge ayırım tas, minerallarǵa táriyip te berip ótken. Beruniydiń dúnya kartasında 40 qa jaqın orın atamaları berilgen.

Avtorı belgisiz «Hudud al – olam» (X ásir) kitabında da geografiyalıq toponimika hám terminologiyaǵa baylanıslı maǵlıwmatlar bar. Bul kitapta Buxara, Samarqand, Kesh, Termiz, Zomin, Jizzax, Shosh hám basqada orınlar haqqında maǵlıwmatlar bar[1].

Orta Aziyadaǵı hámme tariyxıy, geografiyalıq hám lingvistikalıq shıǵarmalar arasında toponimika hám terminologiya ushın házir de óz áhmiyetin joytpaǵan shıǵarma bul Mahmud Qoshǵariydiń úsh tomlı «Туркий сўзлар девони (Девону луғотит турк)» kitabı bolıp tabıladı[2].

Bul shıǵarmanıń toponimika hám terminologiya ushın áhmiyeti sonda, shıǵarmada 200 ge jaqın túrkiy toponimler, kóplep etnonimler – sol waqıttaǵı túrkiy qáwimlerdiń atamaları hám olardıń geografiyası, kóplep geografiyalıq atamalar, sonıń menen birge, ósimlik hám haywanlardıń áyyemgi túrkiy atamaları keltirilgen. Shıǵarmada jazılǵan bay toponimikalıq materiallar orın atamalarınıń etimologiyasın anıqlawda qımbatlı derek bolıp xızmet etedi.

---

[1] G`ulomov P., Mirakmalov M. Toponimika va geografik terminshunoslik. – T.: Universitet, 2005. 6-b.
[2] Маҳмуд Қошғарий. Туркий сўзлар девони. (Девону луғотит турк). III том. – Т.: Ўзфанакаднашр, 1963. – 463 б.

Sonıń menen birge, Zahiriddin Muhammed Baburdıń «Бобирнома» kitabı úlketanıw shıǵarması bolıwı menen birge, ol shıǵarmada toponimika hám terminologiyaǵa baylanıslı maǵlıwmatlar da kóplep tabıladı[1]. Ol Ferǵana alabındaǵı geografiyalıq atamalardıń mánisi hám etimologiyasına itibar bergen. Ándijan, Isfara, Kandibadam, Sayhun, Marǵılan sıyaqlı qalalar haqqında maǵlıwmatlar bar.

Mámleketimizde toponimika hám geografiyalıq terminologiyanıń onnan keyingi XX ásirdegi rawajlanıwında jergilikli izertlewshiler menen birgelikte Orta Aziyanı úyrengen rus alımlarınıń da úlesi úlken boldı. Bular arasında A.V.Kaulbars, V.V.Bartold, V.R.Semenov-Tyanshanskiy, L.S.Berg, E.M.Murzaevlardı kórsetiw múmkin.

A.V.Kaulbarstıń «Низовья Аму-Дарьи» degen kitabında qaraqlapaq jer-suw atamalarınıń kóplegen tariyxıy dereklerin gezlestiriwimizge boladı. Ol Ámiwdárya boylap júzedi hám de Quwanıshjarma, Kókózek, Dáwqara kólleri haqqında maǵlıwmatlar keltiredi[2].

V.V.Bartold ózi tariyxshı, onıń toponimikaǵa baylanıslı arnawlı miyneti joq. Toponimikalıq maǵlıwmatlar onıń 9 tomlı tariyxıy miynetinde ushıraydı[3]. Onıń orın atamaların túsindiriwi ápiwayı, anıq hám kóp pikirleri isenimli. Ol óz shıǵarmalarında jergilikli geografiyalıq terminlerden kóp paydalanadı.

V.V.Bartoldtıń ómiri hám ilimiy iskerliginiń úlken bir dáwiri Orta Aziya sonıń ishinde, Ózbekstan hám Tashkent penen baylanıslı. Alımnıń jaratqan 685 miynetinen 320 sı, tek ǵana Túrkstan úlkesine arnalǵan.

V.R.Semenov-Tyanshanskiydiń «Aholi punktlarining mahalliy nomlarida geografik manzara qanday aks etadi» (1924) atlı miyneti toponimikalıq jaqtan oqıwshıda úlken qızıǵıwshılıq oyatadı. Bul shıǵarmada avtor geografiyalıq atamalardıń payda bolıwında tábiyǵıy sharayattıń tásiri haqqında jazǵan.

---

[1] Заҳириддин Муҳаммад Бобур. Бобирнома. – Т.: Ўзфанакаднаш, 1960. – 512 б.
[2] Каульбарс А.В. Низовья Аму-Дарьи, описанные по собственным исследованиям в 1873 г. Записки РГО по отделу общей географии, кн. IX. 1881. – 630 с.
[3] Бартольд В.В. Сочинения, т. II ч.2. – М.: Наука, 1964. – 657 с. ; т. V. – М.: Наука, 1968. – 759 с.

Belgili geograf alım L.S.Bergtiń 1908-jılı baspadan shıqqan «Аральское море» atlı monografiyasında Aral teńizindegi geypara geografiyalıq atamalardıń kelip shıǵıw tariyxın hám etimologiyasın tabıwǵa háreket etedi. Aral teńizi X ásirlerde Xorezm teńizi dep atalǵanlıǵın, Aral teńizine Ámiwdárya hám Sırdárya kelip quyatuǵınlıǵın aytıp ótken[1].

E.M.Murzaev belgili geograf alım, toponimist. Ol Orta Aziya, Sinjon, Monǵoliyadaǵı geografiyalıq atamalar hám xalıq terminlerin úyrengen. Onıń «Словарь народных географических терминов» (1984) shıǵarması terminologiyada úlken orın tutadı[2]. Onda jergilikli geografiyalıq atamalar hám terminlerdiń mánisin ashıp beredi. Onıń «Средняя Азия» (1957) kitabında 100 den artıq geografiyalıq atamalardıń táriypi berilgen. Máselen, Alay, Ámiwdárya, Aral, Qaraqum hám basqalar.

Orta Aziya úlkesindegi geografiyalıq atamalardı úyreniwde vengriyalıq alım Armeniy Vamberiydiń de xızmeti úlken. Orta Aziyaǵa qupıya sayaxat etken bul alımnıń «Buxara tariyxı», «Oraylıq Aziyanıń geografiyalıq atamaları» atamasındaǵı kitapları dıqqatqa ılayıq. Onıń sózliginde 600 ge jaqın geografiyalıq atama hám terminler berilgen.

Elimizde toponimika hám geografiyalıq terminologiyanı rawajlandırıwda H.Hasanovtıń xızmetleri úlken. Onıń toponimikaǵa baylanıslı maǵlıwmatları «Географик номлар имлоси» (1962), «Ўрта Осиё жой номлари тарихидан» (1965), «Захириддин Мухаммад Бабур» (1966), «Ер тили» (1977), «Географик номлар сири» (1985) shıǵarmalarında, terminologiyaǵa baylanıslı miynetleri «Георгафия терминлари луғати» (1964) kitabında, geografiya hám terminologiya tariyxına baylanıslı miynetleri «Ўрта Осиёлик географ сайёҳлар» (1964) hám basqa kóp ǵana maqaladarında kóriwimizge boladı. Alımnıń toponimikaǵa baylanıslı kitaplarınıń ekinshi bólimi túsindirme sózliklerden ibarat bolıp, bul usı shıǵarmalardıń qunın jánede asıradı.

---

[1] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан, 1965. 7-б.

[2] Мурзаев Э. М. Словарь народных географических терминов. – М.: Мысль, 1984. – 653 с.

H.Hasanov óz izertlewlerinde toponimlerdiń kelip shıǵıwı, mánisi, durıs jazılıwı hám aytılıwı, qaysı tilge tiyisli ekenligi, milliy hám basqa tillerde jazılıw formaları, toponimikalıq terminlerge qarap izertlew usıllarına úlken áhmiyet bergen.

Alımnıń geografiyalıq atamalar transkripciyası tarawındaǵı xızmetleri júdá úlken. «Географик номлар имлоси» kitabı, toponimlerdi ózbek tilinde durıs jazıwǵa arnalǵan[1].

«Ўрта Осиё жой номлари тарихидан» atlı shıǵarması toponimikanıń teoriyalıq máselelerine arnalǵan, sonıń menen birge, onda toponimikalıq sózlik te berilgen. Shıǵarmanıń qosımsha bóliminde bolsa, Orta Aziyadaǵı tariyxıy geografiyalıq atamalardıń túsindirmesi orın alǵan[2].

H.Hasanovtıń «Географик номлар сири» shıǵarması bolsa, geografiyalıq toponimikanıń rawajlanıwına úlken úles qostı. Onda ayırım geografiyalıq atamalardıń kelip shıǵıw tariyxı hám mánisi, Beruniy hám Babur toponimikası haqqında, geografiyalıq atamalardıń kelip shıǵıwına baylanıslı túrleri, olarǵa mısallar, toponimler payda etiwde qollanılatuǵın túrli tillerdegi terminler hám de dúnyadaǵı iri geografiyalıq obyektler atamalarınıń túsindirmesi berilgen. Túsindirme sózlik járdeminde dúnya kartasında túrli tillerde tez-tez ushırasatuǵın geografiyalıq atamalar mánisin bilip alıw múmkin[3].

Orta Aziya úlkesi, sol qatarda Ózbekstan toponimlerin izertlegen jáne bir izertlewshi S.Qoraev bolıp tabıladı. Bul izertlewshi toponimlerdiń etimologiyasına baylanıslı kóp ǵana shıǵarmalar dóretti. Ol toponimlerdi, sonıń ishinde etnotoponimlerdi tereńirek úyrengen. Onıń ilimiy juwmaqların «Географик номлар маъносини биласизми?» (1970), «Географик номлар маъноси» (1978), «Тошкент топонимлари» (1991), «Ўзбекистон вилоятлари топонимлари» (2005), «Toponimika» (2006) atamasındaǵı kitaplarınan kóriwimizge boladı.

---

[1] Ҳ.Ҳасанов. Географик номлар имлоси. - Т.: Ўзфанакаднашр, 1962. – 136 б.
[2] Ҳ.Ҳасанов. Ўрта Осиё жой номлари тарихидан. - Т.: Фан, 1965. – 81 б.
[3] Ҳ.Ҳасанов. Географик номлар сири: Илмий-оммабоп таъриф. – Т.: Ўзбекистон, 1985. – 120 б.

Alımnıń «Toponimika» atlı kitabı keń túrde jazılǵan bolıp, onda toponimikanıń ulıwma nızamlıqları, elimiz aymaǵındaǵı toponimler, geografiyalıq atamalardıń toponimikalıq leksikası, jergilikli geografiyalıq terminlerdiń etimologiyası, ámeliy toponimika hám ayırım jazba dereklerdiń toponimikalıq analizi berilgen[1].

S.Qoraev Ózbekstan aymaǵındaǵı toponimlerdi keń túrde izertlegen alımlardıń biri esaplanadı. Onıń Ózbekstan toponimlerine arnalǵan «Географик номлар маъноси», «Ўзбекистон вилоятлари топонимлари» atlı kitapların atap ótsek boladı[2].

Geografiyalıq terminologiya hám toponimika tarawında nátiyjeli jumıs alıp barıp atırǵan alımlardan jáne biri bul P.N.Ǵulomov. Ol bul tarawda «Географиядан қисқача русча-ўзбекча атамалар ва тушунчалар луғати» (1993), «Мактаб жўғрофия атамалари ва тушунчалари изоҳли луғати» (1994), «Топонимика ва географик атамашунослик» (2000), «Toponimika va geografik terminshunoslik» (2005, M.T.Mirakmalov penen birge) oqıw qollanbaları hám bir qansha ilimiy maqalaları baspadan shıqqan. Alım jumıslarında geografiyalıq atamalar hám geografiyalıq terminlerdiń durıs jazılıwı, awdarması, oqıw hám ilimiy ádebiyatlardan bekkem orın alıwına úlken itibar bergen[3].

Ǵárezsizlik jıllarında da geografiyalıq atamalar hám terminlerdi úyreniwge úlken itibar qaratıldı. Geografiya ilimleri kandidatı M.T.Mirakmalov (1998)tıń jumısları jergilikli tábiyǵıy geografiyalıq terminlerdi izertlewge qaratılǵan. Onda xalıq tábiyǵıy geografiyalıq terminleri, olardıń payda bolıwı, qáliplesiw ózgeshelikleri, derekleri, toponimikalıq terminler, Ózbekstanda geografiyalıq terminologiyanıń rawajlanıwı, geografiyalıq terminologiyaǵa baylanıslı dáslepki derekler, ózbek geografiyalıq terminologiyasınıń XX ásirdegi rawajlanıw

---

[1] Qorayev S. Toponimika. – T.: O'zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. – 320 b.
[2] Қораев С. Географик номлар маъноси. – Т.: Ўзбекистон, 1978. – 203 б., Ўзбекистон вилоятлари топонимлари. – Т.: Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 2005. – 240 б.
[3] Ғуломов П.Н. Мактаб жўғрофия атамалари ва тушунчалари изоҳли луғати. – Т.: Ўзбекистон, 1994. – 144 б., G`ulomov P., Mirakmalov M. Toponimika va geografik terminshunoslik. – T.: Universitet, 2005. – 64 b.

basqıshları, xalıq tábiyǵıy geografiyalıq terminlerin tallaw, gruppalastırıw hám sıpatlaw, olardıń tarqalıw arelları kartasın jaratıw hámde ilimiy hám oqıw ádebiyatlarına kiritiw principleri sıyaqlı máselelerge arnalǵan[1].

Jizzax wálayatı toponimlerin úyrengen Q.Hakimov (2010) geografiyalıq orın atamalarınıń qáliplesiwinde region sotcial-ekonomikalıq geografiyalıq ózgesheliklerin ashıp beriwge baǵdarlanǵan izertlew jumısın orınlaǵan. Onda Jizzax wálayatındaǵı orın atamalarınıń atalıw ózgeshelikleri hám olardıń geografiyalıq tárepleri anıqlanǵan, wálayat oykonimleri kartası islengen. Jańa obyektlerge atama beriw boyınsha usınıslar islep shıǵılǵan[2].

Qaraqalpaqstan toponimikası haqqında elimizge belgili alım E.Berdimuratov: «… qaraqalpaq toponimikası, basqa belgili tillerdiń toponimikası uqsap, ótmishten baslanǵan uzaq tariyxıy dáwirler dawamında payda bolǵan hám jetilisip kelgen. Olar tildegi arnawlı atamalar qatlamı retinde kózge túsedi hám basqa atamalardan ózgeshelikleri menen ayırılıp turadı»[3] - dep, aytıp ótken edi. Qaraqalpaqstanda toponimikaǵa baylanıslı dáslepki izertlewler 1960-jıllardan baslandı. 1966-jılı Q.Ábdimuratov tárepinen Qaraqalpaqstan toponimleri boyınsha tariyxıy-lingvistikalıq planda kandidatlıq dissertaciya jaqlandı. Onıń 1965-jılı «Неге усылай аталған?»[4] degen kitabı qaraqalpaq tilinde, sońınan (1970-j) bul kitap rus tilinde basılıp shıqtı. Bunnan basqa da Q.Ábdimuratovtıń toponimika máseleleri boyınsha kóplegen maqalaları baspa betlerinde járiyalandı[5]. Avtor bul miynetlerinde Qaraqalpaqstandaǵı toponimikalıq atamalardıń quramı hám qurılısın keń túrde izertlep, ayırımlarına etimologiyalıq analiz jasaydı. Sonday-aq, ilimpazlardıń

---

[1] Миракмалов М.Т. Табиий географик терминларнинг шаклланишида халқ атамаларининг ўрни: Геогр. фан номзоди… дисс. – Т.: 1998. – 148 б.; Миракмалов М.Т. Халқ табиий географик терминлари (Монография). – Т.: Fan va texnologiya, 2009. – 176 б.

[2] Миракмалов М.Т., Солиев А.С. Ўзбекистонда географик номларнинг ўрганилиш тарихи, ҳозирги ҳолати ва истиқболлари // Ўзбекистон География жамияти ахбороти. 42-жилд, 2013. 3-7 б.

[3] Бердимуратов Е. Топонимиялық атамаларға дыққат аўдарайық // Еркин Қарақалпақстан. 2000. 20-июнь. № 73 (17355).

[4] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан, 1965. – 80 б.

[5] Әбдимуратов Қ. Қарақалпақ топонимикасы ҳәм оны изертлеў мәселелери // Әмиўдәрья, 1965. № 2. 119-125 б.

miynetlerinen keń túrde paydalana otırıp, kóplegen ádebiy shıǵarmalardan, xalıq awzındaǵı ańızlardan kóp ǵana dálilli mısallar keltirgen.

Qaraqalpaqstan toponimikasınıń aktual máseleleri boyınsha ilimiy maqalalar O.Bekbaulovtıń miynetlerinde de jarıq kórdi. Ol kóbirek Aral boyı jaǵalawlarındaǵı toponimlerge analiz berip ótti[1]. Sonıń menen birge, geograf alım professor J.Mátmuratov ta Qaraqalpaqstan toponimikasına baylanıslı maqalaları gazeta hám jurnallarda járiyalandı. J.Mátmuratov Qaraqalpaq toponimikasınıń ulıwma belgileri retinde, elimizdiń tariyxı soramınıń tábiyǵıy sharayatı hám usı jerde jasawshı xalıqlardıń til ózgeshelikleri menen tıǵız baylanıslı ekenligin aytıp ótedi. Jáne de ol, geografiyalıq atamalardı analizley otırıp, respublikamızda eń jiyi ushırasatuǵın gidrografiyalıq obyektler ekenligi haqqında maǵlıwmatlar berdi[2].

Toponimika pániniń adam atlarına baylanıslı payda bolǵan yaǵnıy, antropotoponimika tarawı boyınsha elimizge belgili ilimpaz O.Sayımbetovtıń miynetlerinde óz sáwleleniwin taptı. O.Sayımbetovtıń aytıwınsha: «… jámiyettiń ózgerip rawajlanıwı menen bir qatarda ilim hám mádeniyat, solar menen birge adam atları da hár jámiyetke say adam atları menen tolısıp baradı, al geyparaları gónerip umıt bolıp, qollanıwdan shıǵıp qaladı. Adam atları arqalı tariyx betleriniń sırları ashıladı, bolıp ótken tariyxıy waqıyalardaǵı is-háreketlerdiń kimler tárepinen islengenligi kórinedi, adamlardıń jámiyettegi ornı anıqlanadı»[3]. Shınında da, antropotoponimler de uzaq tariyx hám tariyxta jasap ótken ullı tulǵalar haqqında maǵlıwmatlar beredi.

Sonıń menen birge, belgili qaraqalpaq geograf alımı E.U.Umirbaev tárepinen 1993-jılı «Географиялық терминлер менен атамалардың орысша-

[1] Бекбаулов У. Топонимы Приаралья как источник изучения истории каракалпакского народа // Вестник Каракалпакского филиала АН УзССР, 1970. № 4 (42), С.60-65.
[2] Матмуратов Ж. Қарақалпақ топонимикасы машқалалары ҳаққында // Совет Қарақалпақстаны, 1991. 4-июль. № 126 (15795); Мәтмуратов Ж. Өзлеримизде де пәкизе атамалар бар ямаса қарақалпақ топонимикасына байланыслы гейпара ойлар // Әмиўдәрья, 1991. № 10, 123-126 б.
[3] Сайымбетов О.Т. Қарақалпақ тлиндеги меншикли адам атлары. – Нөкис: Билим 2000. 4-б.

қарақалпақша түсиндирме сөзлиги»[1] baspadan shıqtı. Bul sózlik 3 mıńnan aslamıraq geografiyalıq terminler menen atamalardı óz ishine alǵan. Sózlik ulıwma geografiyalıq sıpatqa iye bolıp, tábiyǵıy geografiyalıq terminler menen sheklenip qoymastan, ekonomikalıq geografiyalıq terminlerdi de, sonday-aq, geografiyalıq atamalardı da qamtıǵan.

Qaraqalpaqstan toponimlerin jánde de keń túrde úyrengen geograf alımlardan biri bul Q.M.Seytniyazov bolıp tabıladı. Q.M.Seytniyazov tiykarınan Qaraqalpaqstannıń arqa rayonları (Bozataw, Qaraózek, Kegeyli, Shımbay hám Taxtakópir) toponimlerin izertledi. Ol 1998-jılı «Топонимы северных районов правобережья Каракалпакии»[2] atlı temada kandidatlıq jumısın jaqladı. Q.M.Seytniyazov jumısında geografiyalıq atamalardı toplaw, gruppalastırıw, etimologiyasın úyreniw, atamalardıń qaraqalpaq hám rus tillerinde durıs jazılıw máselelerine itibar qaratqan. Sonıń menen birge, alım tárepinen geografiyalıq atamalardıń túrleri karta-xseması islep shıǵılǵan. Ol ulıwma 500 den artıq toponimge sıpatlama berip ótken.

Q.M.Seytniyazovtıń aytıwınsha: «… Qaraqalpaqstannıń jergilikli geografiyalıq atamaları toponimika máselelerin úyreniwde kóp ǵana maǵlıwmatlar beriwi múmkin, sebebi, biziń úlkemiz toponimlerge bay. Biziń Respublika toponimleri quramında arab, mońǵol, áyyemgi Xorezm substratları bar. Rus atamaları hám ózlestirilgen aralas atamalarına uqsaǵan tariyxıy belgili xalıqlardıń tilleri elementlerin de kóriwimizge boladı»[3].

«Qaraqalpaq tilindegi geografiyalıq terminlerdiń leksika-grammatikalıq ózgeshelikleri» atlı temada 2011-jılı kandidatlıq jumısın qorǵaǵan M.D.Qurbanov ta Qaraqalpaqstan toponimikası boyınsha izertlewler alıp barıp atırǵan ilimpazlardan biri bolıp tabıladı. Ol óz jumısında tiykarınan

---

[1] Умурбаев Е.У. Географиялық терминлер менен атамалардың орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: Билим, - 244 б.

[2] Сейтниязов К.М. Топонимы северных районов правобережья Каракалпакии: Диссертация на соис. к.г.н. –Т.: 1998. – 138 с., Сейтниязов К.М. Распространение типов географических названий в Каракалпакстане // Вестник Каракалпакского отделения АН Узбекской, 2001. № 3. С. 109-110.

[3] Сейтниязов К.М. Топонимы северных районов правобережья Каракалпакии: Диссертация на соис. к.г.н. –Т.: 1998. С.36.

Qaraqalpaqstannıń arqa rayonları aymaǵında tarqalǵan geografiyalıq terminler, olardıń etimologiyası hám toponim payda etiwdegi ornına keń túrde toqtalıp ótken[1]. Sonıń menen birge, geografiyalıq terminlerdiń qatnasında jasalǵan ulıwma 464 toponimniń ataması hám jaylasqan ornı haqqında maǵlıwmatlar bergen.

Qaraqalpaqstannıń qubla rayonları toponimleri de belgili dárejede izertlenip atır. Bul aymaq toponimlerine baylanıslı D.Yuldashev «Janubiy Qoraqalpoǵiston toponimlarining tarixiy-etimologik tadqiqi» degen temada 2012-jılı óziniń kandidatlıq jumısın qorǵadı[2]. Izertlewshi óz jumısında Qaraqalpaqstannıń qubla rayonları aymaǵındaǵı toponimlerdi toplaǵan hám olardı sistemalastırǵan.

Toponimika pániniń jáne bir tarawı esaplanǵan gidronimika (suw obyektleri atamaları) boyınsha da elimizde salmaqlı ilimiy jumıslar alıp barılıp atır. 2018-jılı «Qaraqalpaqstannıń arqa rayonları gidronimleri» atlı temada G.Mambetova óziniń filologiya ilimleri boyınsha filosofiya doktorı (Doktor of Philosophy) jumısın tabıslı qorǵadı[3]. Ol óz izertewlerinde tiykarınan jergilikli gidronimikalıq terminlerge hám olardıń toponimler quramında kóp ushırasatuǵınlıǵına toqtalıp ótken. G.Mambetova Qaraqalpaqstannıń arqa rayonları aymaǵında ushırasatuǵın gidronimikalıq terminlerdiń sózligin dúzgen hám ulıwma 644 suw obyektleriniń atamaları haqqında maǵlıwmatlar bergen.

Jáne basqa da elimizde geografiyalıq atamalardıń úyreniliwinde T.Nafasov, N.Oxunov, L.Karimova, X.Egamov, R.Ballieva, Sh.Abdinazimov, Q.Paxratdinov, K.Allanazarov, G.Xodjaeva, G.Tóreeva, S.Ámirlan, G.Abishov, F.Urinbaeva hám t.b. lingvist, geograf hám tariyxshı ilimpazlardıń toponimikalıq izertlewlerinde de belgili dárejede elimiz toponimlerine baylanıslı maǵlıwmatlardı kóriwimizge boladı.

---

[1]Қурбанов М.Д. Қарақалпақ тилиндеги географиялық терминлердиң лексика-грамматикалық өзгешеликлери: Филол. илим. канд.… дисс. – Нөкис, 2011. – 127 б.

[2] Юлдашев Д.Т. Жанубий Қорақалпоғистон топонимларининг тарихий-этимологик тадқиқи: Филол. фан. номзод … дисс. автореф. – Нукус, 2012. – 23 б.

[3] Мамбетова Г. Ж. Қарақалпақстанның арқа районлары гидронимлери: Филология илимлери бойынша философия докторы (Doktor of Philosophy)… дисс. – Нөкис, 2018. – 140 б.

# II BAP. GEOGRAFIYALÍQ TERMINLER HAQQÍNDA TÚSINIK

## II.1. Geografiyalıq terminlerge qısqasha sıpatlama

Hár bir pánniń rawajlanıwında joqarı dárejede úyrenilgen hám ilimiy islep shıǵılǵan terminologiyanıń áhmiyeti júdá úlken. Terminlerdiń anıqlıǵı, jaqsı úyrenilgenligi pánniń rawajlanıwın belgili dárejede anıqlap beredi. Termin járdeminde qanday da bir hádiyse ıqsham beriledi hám sol hádiyseni tez ózlestirip alıw imkaniyatı jaratıladı[1].

Bizdi qorshaǵan ortalıqta hár túrli predmetler bar. Solardıń biri - bul geografiyalıq obyektler. Tilimizdiń leksikasında hám geografiyalıq ádebiyatlarda geografiyalıq terminler tábiyattaǵı hár qıylı obyektlerdi atap kórsetedi, olar haqqında maǵlıwmatlar beredi. Al geografiyalıq obyektlerdi birin ekinshisinen ajıratıp kórsetiw ushın atamalar beriledi. Bunday atamalardıń (toponimlerdiń) payda bolıwında bolsa, geografiyalıq terminler kóp qollanıladı.

Bazıda atama menen termin sózlerin aljastırılıp jiberiledi. Negizinde atama nárse-hádiyse, belgi hám háreket sıyaqlılardıń atı, atawshı sóz, yaǵnıy ulıwma atı esaplanadı. Atama termindi de, geografiyalıq attı da óz ishine aladı. Máselen, gúldirmama, sarqırama, shaqmaq, alma, háwiz, bulaq, japıraq, Jumabazar, Jańaqorǵan hám.t.b. Geografiyada atamalar eki túr atlarǵa bólinedi; termin hám geografiyalıq atama.

**Termin** latınsha sóz bolıp, pán, texnika, kásip-ónerdiń qanday da bir tarawına, sonıń ishinde, geografiyaǵa da tán bolǵan belgili bir túsiniktiń anıq hám turaqlı kórinisi bolǵan sóz yamasa sózler birikpesinen ibarat bolıp tabıladı. Terminler ilim hám texnikanıń, sanaat penen awıl xojalıǵınıń, siyasiy hám

[1] G`ulomov P., Mirakmalov M. Toponimika va geografik terminshunoslik. – T.: Universitet, 2005. 3-b.

mádeniy turmıstıń rawajlanıwı nátiyjesinde payda boladı, qáliplesedi hám paydalanıladı[1].

Geografiyalıq terminlerge tómendegi talaplar qoyıladı:

***1. Terminler ilimiy hám etimologiyalıq jaqtan durıs bolıwı kerek.*** Buǵan pánniń atın mısal etip keltiriw múmkin; geografiya dep atalǵanı maqulma, jóǵrofiya delingeni me? Geografiya termini negizinde grekshe sóz bolıp, «geo» - jer, «grafo» - jazaman, táriyipleymen, súwretleymen sózlerinen ibarat[2]. Jóǵrofiya bizge ingliz hám túrkler arqalı kirip kelgen bolıp, geografiyanıń buzılǵan forması esaplanadı. Geo – jer sózi menen baslanatuǵın bir qansha pánler bar: geografiya, geologiya, geomorfologiya, geofizika, geotektonika, geobotanika hám basqalar. Hámmesi ózgermey qalǵan. Tek ǵana geografiyanı ózgertsek hám ilimiy hám etimologiyalıq qátege jol qoyǵan bolamız. Sebebi, jóǵrofiya degende negizgi mánisi ózgerip ketedi hám mánissiz sózge aylanıp qaladı.

***2. Terminler kópshilikke túsinikli, aytıwǵa ańsat, ıqsham, tuwrı mánili bolıwı kerek.*** Keyingi waqıtta usınılǵan muzoviy, mador, bahr sıyaqlı terminler arabshadan kirip kelgen bolıp, házirgi waqıtta qatnastan shıǵıp ketken, olarǵa kópshilik túsinbeydi. Olardı qollaw maqsetke muwapıq emes. Olar ornına parallel, tropik, teńiz (okean) terminleri payda bolǵan hám hámme túsinedi.

***3. Óz tilimiz normalarına mas bolıwı kerek.***

***4. Terminler sózlik baylıǵı, qatıp qalǵan emes.*** Gónergen terminler qatnastan shıǵıp ketip, jańalanıwı, jańa terminler kirip keliwi múmkin. Máselen, mador, qarat, bahr, ummon ornına tropik, materik, teńiz, okean dep atalatuǵın bolǵan.

Al, terminler qay jerden alınadı? Terminlerdiń bir qansha **derekleri** bar.

---

[1] Бердимуратов Е. Қарақалпақ терминологиясы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. 4-б.

[2] Умурбаев Е.У. Географиялық терминлер менен атамалардың орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: Билим, 1993. 66-б.

***1. Óz ádebiy tilimizdiń sóz zapası, yaǵnıy sózlikler, kórkem shıǵarmalar hám ilimiy ádebiyatlar.*** Bunday ádebiyatlarda bar bolǵan terminlerdi eki toparǵa bóliw múmkin:

a) Taza ózbek hám qaraqalpaq (túrkiy) terminleri. Máselen, jar, bult, jaz, kent, qorǵan, saz hám basqalar.

b) Ózbek hám qaraqalpaq tili zapasına kirip, ózlesip ketken basqa xalıqlar terminleri: manba, mansab, chashma, daryo hám basqalar.

***2. Dialektler tili sóz zapası***. Dialektler tili sóz zapasınan ilimiy ádebiyatqa kóp ǵana terminler kirip, ózlesip ketken. Máselen, qayır, adaq (odoq) hám basqalar. Xorezmde suwǵarma diyqanshılıq júdá áyyemnen rawajlanǵan. Sonıń ushın ol jerde suwǵarma diyqanshılıqqa baylanıslı terminler kóp: jap, arna, arıq, salma. Bulardı ózbek tili qatnasına áste-aqırın kiritiw múmkin.

***3. Awdarmalaw jolı menen de jańa terminler payda boladı.*** Bular qatarına, qalashma muz, qirǵoq bóyi, daryo boshi, quyar joyi, suv sarfi, oqim sıyaqlı terminler awdarma jolı menen qatnasqa kirgizilgen.

**4.** ***Hár bir xalıqtıń sózlik baylıǵı basqa xalıqlardan kirip kelgen terminler*** esabına bayıp baradı. Sonıń ishinde, geografiyalıq terminler de kirip keledi. Máselen, cunami, garmsel, sohil, erg, gamada, ciklon hám basqalar. Shet eller menen, túrli xalıqlar menen baylanıslardıń kóbeyiwi túrli atama, termin hám túsiniklerdiń kirip keliwine sharayat jaratadı. Biraq bunda biz ózimizde joq, awdarma etip bolmaytuǵın terminlerdi alıwımız kerek. Ózimizde bola turıp yamasa awdarmalasa bolatuǵın terminlerdi shetten almawımız kerek.

Geografiyalıq terminlerdi shártli túrde ***ilimiy***, ***xalıq (jergilikli)***, ***baynalmilal, toponimikalıq*** hám ***awdarma*** terminlerine bóliw múmkin. Milliy terminler qandayda bir millettiń ádebiy tilinde hám ilimiy ádebiyatlarında turaqlı orın alǵan hámde usı millet wákilleriniń kópshiligi túsinetuǵın terminler esaplanadı. Bularǵa taw, tegislik, kól, say, alap, shıń, qar, tóbe hám basqalar mısal bola aladı. Jergilikli terminler belgili aymaqta, belgili bir dialektte qollanılatuǵın terminler bolıp, olardı basqa dialekttegiler, basqa aymaqtaǵılar

túsinbewi múmkin. Máselen, Xorezm dialektindegi yop, arna, ariq, solma hám basqa terminleri, Qashqadárya hám Surxandárya wálayatlarınıń tawlı jerlerinde gaza, adoq, xovar sıyaqlı terminler ushırasadı. Baynalmilal terminler basqa xalıqlar tilinen kirgen bolıp, kópshilik xalıqlarda birdey qollanıladı. Buǵan pán atı geografiyanı, geyzer, karst, delta, artezian suw, ciklon, kristall hám basqalar mısal boladı.

Xalıq terminleri ulıwma terminlerdiń áhmiyetli túrlerinen biri bolıp, ilimiy terminlerdiń milliy-jergilikli ózgesheliklerin ózinde sáwlelendiredi. Belgili geograf alım L.S.Berg táriypi menen aytatuǵın bolsaq, xalıq tilinde tawsılmas baylıq bar, bul-ilimiy terminlerdi keńeytiriwshi derek esaplanadı.

Ayırım geografiyalıq ilimiy izertlewlerde xalıq terminlerin jergilikli terminler dep ataydı. Qazaqstanlı ilimpaz G.Konkashpaev kóbirek xalıq geografiyalıq terminleri mánisin, Ázerbayjanlı M.Geldixanov bolsa jergilikli geografiyalıq terminlerdi kóbirek isletedi. Jergilikli geografiyalıq terminler kóbirek lokal xarakterge iye bolıp, belgili bir aymaqqa tiyisli boladı. Xalıq geografiyalıq terminleri bolsa keńirek máni payda etedi.

Xalıq terminleriniń tiykarǵı derekleri tómendegiler esaplanadı:

1. Xalıq awızeki dóretpesi - folklorı.
2. Áyyemgi qoljazba derekler.
3. Túrli sózlikler, enciklopediyalar.
4. Iri masshtablı topografiyalıq kartalar.
5. Shıǵıstanıwshılardıń shıǵarmaları.

Xalıq terminlerin toplaw, jıynaw hám klassifikaciyalaw áhmiyetli wazıypalardan biri bolıp, olardı toplaw ushın ilimiy terminologiyalıq ekspediciyalar shólkemlestiriw zárúr boladı. Bunday ilimiy ekspediciyalar uzaq awıllarǵa, taw alapları hám dárya boylarındaǵı xalıq jasaw punktlerine shólkemlestiriliwi lazım. Sebebi, bunday xalıq jasaw punktlerinde xalıq terminleri ózlestirilmesten, uzaq jıllardan berli isletilip kelinedi. Bunnan tısqarı, ayırım xalıq úrip-ádetleri áyyemgi zamannan saqlanıp kelinbekte hám bul

hádiyse xalıq terminlerinde óz kórinisin tapqan. Máselen, Qubla Ózbekstanda – bulaqlardıń átirapın tazalaw, kózin ashıw maqsetinde shólkemlestirilgen kóklemzarlastırıw – teganak (taganak) dep júritiledi hám bul máresim ata-babalardan miyras bolıp, házir de ámelge asırılıp kelinbekte. Bul da soǵan uqsas kóplep xalıq terminlerin jergilikli xalıq, tiykarınan jası úlkenler menen sáwbetler dawamında toplaw múmkin.

Xalıq geografiyalıq terminleriniń áhmiyetli dereklerinen biri áyyemgi qoljazba derekler esaplanadı. Yusuf Xos Hojibtiń «Qutadǵu bilig», Mahmud Qoshǵariydiń «Devonu luǵotit turk» shıǵarması eń áyyemgi derekler qatarına kiredi.

Túrli dáwirlerde jazılǵan sózlikler, enciklopediyalar da xalıq geografiyalıq terminlerin toplawdıń áhmiyetli dereklerinen esaplanadı[1].

Ilimiy baynalmilal terminler qatarınan orın alǵan xalıq geografiyalıq terminlerin kóbirek iri shıǵıstanıwshı alımlardıń shıǵarmalarınan toplanadı. Orta Aziya, sonıń ishinde Ózbekstan aymaǵına tiyisli kóplep ilimiy shıǵarmalar jazǵan iri shıǵıstanıwshı alım V.V. Bartold (ózbek hám qaraqalpaq) túrkiy xalıq geografiyalıq terminlerinen kóp paydalanǵan

Tábiyǵıy geografiyaǵa tiyisli ózbek hám qaraqalpaq (túrkiy) xalıq geografiyalıq terminlerin (XGT) tómendegishe toparlarǵa bóliw múmkin:

1. Geografiyalıq ornın bildiriwshi XGT;
2. Relyefti bildiriwshi XGT;
3. Klimatqa baylanıslı XGT;
4. Gidrologiyaǵa baylanıslı XGT;
5. Topıraqtanıwǵa baylanıslı XGT;
6. Biogeografiyaǵa baylanıslı XGT;
7. Landshafttanıwǵa baylanıslı XGT;
8. Taw jınıslarına baylanıslı XGT.

[1] G'ulomov P., Mirakmalov M. Toponimika va geografik terminshunoslik. – T.: Universitet, 2005. 56-b.

Geografiyalıq atamalar (toponimler) quramında qatnasıp, olar sıpatlaǵan obyektti bildiriwshi sózler toponimikalıq terminler (topoterminler) dep júritiledi. Ayırım ilimiy ádebiyatlarda toponimikalıq anıqlawısh (TA), indikator dep te ataladı.

Belgili rus geograf alımı E.M.Murzaev jezǵanınday, mániles atamalar toponimlerdiń tiykarın quraydı hám tábiyǵıy geografiyalıq obyektlerdiń túrin bildiredi.

Xalıq geografiyalıq termintanıwshılıǵın joqarı dárejede biliw orın atamaların úyreniwdi ańsatlastıradı. Hesh bir xalıq tilinde jergilikli terminler qatnaspaǵan toponimler bolmasa kerek.

Kópshilik geografiyalıq atamalar tiykarında ápiwayı geografiyalıq terminler jatadı, sonıń ushın E.M.Murzaev: «… hár qanday toponimikalıq izertlewler geografiyalıq terminlerdi úyreniwden baslanıwı kerek» - dep, durıs aytıp ótken[1].

Toponimikalıq terminler hámme tillerde tákirarlanadı. Bul haqqında belgili toponimist alım H.Hasanov tómendegishe aytadı: «… aytayıq, onlaǵan tiykarǵı tildi biletuǵın adam kartadaǵı atamalardı sol tillerge awdarmalap oqısa, tiykarınan qala, taw, dárya hám kóllerdiń atamaları aytarlıqtay bir mánide ekenligin kórip hayran qalar edi»[2].

Reka, missi, rio, river, shott, xe sózleri – dárya degendi bildiredi. Jayhun, ob, ganga sózleri de suw, dárya mánisinde qollanıladı.

Kóh, jabal, shan (min), maunt, berg (gebirge), montana, kordilyera, syerra, monte – taw degendı bildiredi. Obod, kent qosılǵan atlardıń mánilesleri - pur, grad, kin, taun, vil, pol, burg, shtadt qosılǵan toponimler esaplanadı.

*Geografiyalıq termin* ataması házirge shekem bir qatar ilimiy ádebiyatlarda hár qıylı atalıp kiyatırǵanlıǵın kóremiz. Máselen, *geografiyalıq termin*,

[1] G'ulomov P., Mirakmalov M. Toponimika va geografik terminshunoslik. – T.: Universitet, 2005. 58-b.
[2] Ҳасанов Ҳ. Географик номлар сири: Илмий – оммабоп таъриф. – Т.: Ўзбекистон, 1985. 47-б.

*geografiyalıq sóz, geografiyalıq nomenklatura, indikator, appelyativ sóz, toponimikalıq termin* hám t.b.

Bul haqqında ilimpazlardıń pikirlerine toqtap ótetuǵın bolsaq, B.A.Serebrennikov toponimler menen dizbeklesip keletuǵın sózlerdi *indikatorlar*, G.Q.Qonkashpaev *xalıq geografiyalıq terminleri*, A.A.Kamalov *geografiyalıq terminler* dep ataydı.

A.V.Superanskaya geografiyalıq sharayattı, ortalıqtı bildiretuǵın sózler toparın *geografiyalıq sózler* dep kórsetken.

S.Qoraev bolsa, toponimlerdiń quramında kelip, onıń túrin bildiretuǵın sózge *indikator* dep qollanǵan[1].

Z.Dósimov ta toponimler menen birge kelip, obyekttiń sıpatlı ózgesheligin, sanın kórsetiwshi sózdi *indikator* dep ataǵan. Al, sońǵı izertlewlerde, máselen, ózbek toponimisti T.Enazarov *toponimikalıq indikator, toponimikalıq nomenklatura, geografiyalıq termin, geografiyalıq nomenklatura* degen terminlerdiń ornına *toponimikalıq anıqlawısh* terminin qollanǵanlıǵın kóriwimiz múmkin[2].

Toponimler quramında geografiyalıq obyektti bildiretuǵın sózlerdi M.Mirakmalov *toponimikalıq terminler* dep kórsetip ótken[3].

Q.Ábdimuratov kól, dárya, suw, tóbe, ózek, say, oy, qır, jar sıyaqlı terminler qaraqalpaq tilindegi qospa toponimlerdiń jasalıwında tiykarǵı baza bolıp tabıladı dep esaplaydı hám avtor bul topardaǵı sózlerdi birge *ǵalabalıq atlar*, birde *indikator* dep qollanǵan.

G.Mambetova Qaraqalpaqstan gidronimleriniń quramındaǵı dárya, kanal, bulaq, jap, salma, kollektor sıyaqlı terminlerdi *appelyativler* dep aytıp ótken[4].

M.Qurbanov bolsa, toponimlerdiń quramında kelip, tábiyattaǵı hár qıylı geografiyalıq obyektler haqqında túsinik beretuǵın sózler toparın *geografiyalıq*

---

1 Қораев С. Ўзбекистон вилоятлари топонимлари. – Т.: O'zbekiston milliy ensiklopediyasi, 2005. 213-б.

2 Эназаров Т.Ж. Шаҳрисабз ҳудуди жой номларининг тарихий-қиёсий тадқиқи: Филол. фан. номзод… дисс. – Т.: 1993. – 152 б.

3 Миракмалов М.Т. Табиий географик терминларнинг шаклланишида халқ атамаларининг ўрни: Геогр. фан. номзоди.... дисс. – Т.: 1998. 74-б.

4 Мамбетова Г. Қарақалпақ годронимлериниң қурылыс өзгешеликлери // Әмиўдәрья, 2005. № 3. 116-б.

*termin* dep kórsetip ótken[1]. Joqarıda kórsetilgen avtorlar tárepinen qollanılǵan terminlerdiń barlıǵı da geografiyalıq obyekttiń túrin bildiretuǵın sózlerge baylanıslı aytılǵan.

Hár bir tilde qollanılatuǵın geografiyalıq terminler úlkeniń tábiyǵıy sharayatın, sol jerdiń ózine tán ózgesheligin sáwlelendiredi, sonday-aq, toponimlerdiń mánisin túsiniwde de óz járdemin tiygizedi. Sol ushın da, geografiyalıq terminlerdiń lingvistikalıq, geografiyalıq hám toponimikalıq ózgeshelikleri bir qansha ilimpazlardıń miynetlerinde qarastırılǵan.

Tyurkologiyada jergilikli geografiyalıq terminler eń dáslep G.Qonqashpaev tárepinen arnawlı túrde izertlendi hám «Qazaq xalıq geografiyalıq terminleri» (1948) degen temada dissertaciya jaqladı. Soń usı atama menen sózlik túrindegi miynetin baspadan shıǵardı. Avtordıń bul miynetinde qazaq hám ulıwma túrkiy tilles xalıqları toponimleri quramında ushırasatuǵın kóplegen geografiyalıq terminlerdiń sıpatlaması berilgen. R.Yuzbashevtiń ázerbayjan tiliniń geografiyalıq terminlerin izertlewge arnalǵan dissertaciyasında usı tildiń geografiyalıq terminologiyası menen bir qatarda meteorologiyalıq hám gidrologiyalıq terminler de orın alǵan.

Al, túrkmen tilindegi geografiyalıq terminlerdi jıynaw hám olarǵa túsinikler beriwde M.Geldixanovtıń xızmeti kóp. Qırǵızstan toponimikası hám geografiyalıq terminologiyasınıń jetiskenlikleri S.Umurzaqov, Q.Konkobaev hám D.Isaevlardıń atları menen baylanıslı bolsa, ózbek tiliniń geografiyalıq terminologiyasınıń rawajlanıwına H.Hasanov salmaqlı úles qostı. Avtordıń miynetlerinde ózbek tilindegi geografiyalıq terminlerdiń derekleri, rawajlanıw basqıshları, úlgileri, russha-ózbekshe hám ózbekshe-russha túsindirmeleri berilgen[2].

Túrkiy tillerdegi geografiyalıq terminlerdiń úyreniliwinde belgili geograf alım E.M.Murzaevtıń úlesi kóp. Onıń dáslep 1959-jılı «Словарь местных

[1] Қурбанов М.Д. Қарақалпақ тилиндеги географиялық терминлердиң лексика-грамматикалық өзгешеликлери: Филол. илим. канд… дисс. – Нөкис, 2011. 86-87 б.
[2] Қурбанов М.Д. Қорақалпоқ тилидаги географик терминларнинг лексик-грамматик хусусиятлари: Филол. фан номзод… автореф. – Нукус, 2011. 4-б.

географических терминов» atlı miyneti sózlik túrinde baspadan shıqtı[1]. Ol kóplegen tillerdiń (sonıń ishinde túrkiy tillerdiń) geografiyalıq terminlerin óz ishine qamtıǵan. Avtor bul miynetinde geografiyalıq terminlerdi tek toplap, mánisin túsindirip qoymastan, olardıń payda bolıw hám rawajlanıw jollarında kórsetip bergen. Sonday-aq, avtor tárepinen 1984-jılı baspadan shıqqan «Словарь народных географических терминов» dep atalǵan miynetinde 4 mıńǵa jaqın terminlerdi óz ishine qamtıytuǵın sózlik dúnya toponimistleri hám tilshileriniń dıqqatın ózine tarttı[2]. Bul sózlikte túrkiy tilindegi geografiyalıq terminlerdiń etimologiyası, taralıw órisi hám olardıń toponimlerdi jasawdaǵı xızmeti hám basqa da kóplegen maǵlıwmatlar berilgen.

Úlıwma alǵanda, geografiyalıq obyekttiń túrin bildiriwshi hár qanday termindi *geografiyalıq termin* dep qollanǵanımız túsinikli hám durıs bolar degen pikirdemiz.

[1] Э. и В. Мурзаевы. Словарь местных географических терминов. – М.: 1959. – 303 с.
[2] Мурзаев Э. М. Словарь народных географических терминов. – М.: Мысль, 1984. – 653 с.

## II.2. Qaraqalpaqstan Respublikasınıń arqa rayonları (Taxtakópir, Qaraózek, Shımbay) toponimiyasında ushırasatuǵın geografiyalıq terminler

Toponimlerdiń payda bolıwında jergilikli geografiyalıq terminler ayrıqsha orın iyeleydi. Sebebi, olar aymaqtaǵı toponimlerdiń etimologiyasın anıqlawda gilt wazıypasın atqaradı. Belgili toponomist ilimpazlar jergilikli geografiyalıq terminlerdi bilmey turıp, toponimlerdiń mánisin anıqlaw múmkin emes dep esaplaydı[1]. Jergilikli (xalıq) geografiyalıq terminlerine E.M.Murzaev: «…xalıq geografiyalıq terminleri – ilimiy terminologiyanıń rawajlanıw deregi» - dep, durıs baha beredi[2].

Jergilikli aymaqta jasawshı xalıqlar hám olardıń kúndelikli turmısı, ótmishi geografiyalıq terminologiya ushın júdá kerekli maǵlıwmatlar bazası bolıp esaplanadı. Olardıń paydalanǵan jergilikli terminleri hám atamalarınıń ayırımlarınıń kelip shıǵıwı yamasa geografiyalıq ózgesheliklerin hesh qanday qosımsha dereklerdi paydalanbay-aq anıqlaw múmkin bolsa, ekinshi birewin anıqlaw júdá múshkil.

Xalıq geografiyalıq terminologiyası hám toponimikası haqqında E.M.Murzaev: «…anıqlıǵı boyınsha obyekttiń formaların, kólemlerin, halatın, reńin, sıpatın yamasa atalıp ótilgen jáne de basqa bir ózgesheliklerin jaqsı kórsetip beriwshi hám hayran qaldırıwshı poetikalıq metaforalarǵa bay» – dep, aytıp ótken[3].

Jergilikli geografiyalıq terminler usı aymaqta jasawshı xalıqlardıń ótmishi hám búgingi kúni, turmıs tárzi, xojalıq júrgiziw ózgeshelikleri haqqında biybaha maǵlıwmatlar beredi. Olardıń analizi geografiya terminologiyası hám toponimika páni ushın júdá kerekli bilimlerdiń toplanıwına unamlı tásir etedi.

---

[1] Қурбанов М.Д. Қарақалпақ тилиндеги жергиликли географиялық терминлер // Илим ҳәм жәмийет, 2009. № 1-2. 33-б.

[2] Миракмалов М.Т. Табиий географик терминлар ва уларнинг классификацияси // Ўзбекистон география жамияти ахбороти. 25 – жилд, 2005. 4-б.

[3] Мурзаев Э.М. Топонимика и география. – М.: Наука, 1995. С.6.

Qaraqalpaqstan arqa rayonları toponimiyasında qollanılatuǵın geografiyalıq terminler mánilik ózgesheliklerine qaray hár qıylı bolıp keledi. Olardıń ishinde jer betiniń relyef ózgesheliklerine, suw obyektlerine, jasaw orınlarına, atızlıq, egislik maydanlarına baylanıslı qollanılatuǵınları da bar. Ásirese, suw obyektleri hám jer betiniń relyef ózgesheliklerin bildiretuǵın geografiyalıq terminler jetekshi orındı iyeleydi.

Oronimiyalıq terminlerge *bel, dóń, taqır, taw, tas, tóbe, tóbeshik, tóbelik, qır, qum, shól, shıń, oy, oypatlıq* hám.t.b. terminler kiredi.

*Bel* geografiyalıq termin sıpatında *«tawdan asırılıp ótiw ornı»* mánisin bildiredi. Áyyemgi túrkiy tilde bul sóz *«bel»* mánisin jáne *«tóbe, dóń»* degen túsiniklerdi de bildirgen[1].

*Bel* kóp ǵana túrkiy tillerde *«pás taw», «taw dizbeginiń páseygen ornı»* mánislerinde orın atamalarında ushırasadı. Negizinde *bel* (túrkiy), *dovon* (mońǵolsha), *aqba* (arabsha) atamaları mániles bolıp, *«tawdan asırılıp ótiletuǵın qolay jol»* mánisin ańlatadı.[2]

E.M.Murzaevtıń aytıwınsha, *bel* – metamorfikalıq atamalardan biri bolıp tabıladı. Máselen, ázerbayjan tilinde – *«jol», «taw tóbeleri (gryadaları)», pás tóbeshikler,* tuvalıqlar tilinde – *«taw jaǵası»*, altaysha *«taw», «taw dizbegi»,* túrkmenshe – *«tawlardıń otlaq penen qaplanǵan orta bólimi»*, xakas tilinde – «*pás tóbeshik*», qazaqsha hám qırǵızsha – «*tawlardan ótiw ańsat bolǵan jer*», awǵanshada - *«taw jolı»* mánilerin bildiredi[3].

Úyreniw obyektimizde bul termin menen jasalǵan *Beltaw* hám *Belqum* toponiminlerin ushıratıwımız múmkin.

*Taw* terminin áyyemgi túrkiy jazba esteliklerinde de házirgi mánisinde qollanılǵanlıǵınan onıń oronimiyalıq termin sıpatında aldın qálipleskenligin kóriwimiz múmkin. Máselen, Mahmud Qoshǵariy sózliginde de *taǵ* formasında

---

[1] Қурбанов М.Д. Қорақалпоқ тилидаги географик терминларнинг лексик-грамматик хусусиятлари: Филол. фан. номзод… автореф. – Нукус, 2011. 8-б.
[2] Qorayev S. Toponimika. – T.: O'zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 174-b.
[3] Миракмалов М.Т. Табиий географик терминларнинг шаклланишида халқ атамаларининг ўрни: Геогр.фан.номзоди.... дисс. – Т.: 1998. 102-б.

ushıraydı[1]. P. Ǵulamov ortasha 600 m. biyiklikti *toǵ* dep ataw múmkin dep kórsetip ótken[2].

*Taw* termini Elimizdiń kópshilik bóliminde *toǵ* hám *tov* formalarında ushıraydı. Túrkiy xalıqlar jasaytuǵın aymaqlardıń batıs bólimlerinde (Awǵanstan, Qrım, Kavkazda, Ázerbayjan, Túrkmenstan) *doǵ (dag),* Ózbekstanda *toǵ (tov),* Qazaqstanda *tau,* Qırǵızstanda *tóó,* Sibirde *tu, tuu, tia* dep aytılatın eken[3].

Bunnan *taw* termininiń júdá úlken aymaqlarda, uzaqtan – uzaq aralıqlarǵa tarqalǵanlıǵın kóriwimizge boladı. Bul termin arqalı jasalǵan toponimler respublikamız aymaǵında da jiyi – jiyi qollanıladı: *Bórshitaw* (Taxtakópir), *Qarataw* (Karaózek), *Qusxanataw* (Shımbay).

*Tóbe* termini Qaraqalpaq tili túsindirme sózliginde *«topıraqtan, qumnan yamasa tastan úyilip qalǵan biyik tóbeshik, dóń jer»*[4]. Qaraqalpaqstan aymaǵında bul termin *«ústi gúmbez tárizli bálent jer»* degendi bildiredi. Ózbek tilinde *tepa* - *dóńlik, tepalik, shıń, qandayda bir nárseniń ushı*. Áyyemgi túrkiy tillerde *tepa, teva, tuva, tuva*[5], tájik tilinde *teppa*, ózbek shevalarında *teva, tóba* formalarında aytıladı. E.M. Murzaev aytqanınday, bul atama túrlishe fonetikalıq formalarda Kavkaz, Volga boyı, Ural tawları átiraplarında, Sibir, Jaqın Shıǵıs, Balkan yarım atawında kóplep toponimler payda etken. Sol menen birge tepa *teva* - *tuya* formasın alǵan yamasa urıw – qáwimniń tarmaqları – *tóp* yamasa *tópa* ózgerip *tepa* bolıp ketken. Etnonimler menen birge keletuǵın *tepa* elementi negizinde *tópa* bolıwı kerek[6]. Qaraqalpaqstan aymaǵında tóbe termini arqalı jasalǵan toponimlerdi júdá kóplep ushıratıwımız múmkin.

---

[1] Махмуд Қошғарий. Туркий сўзлар девони (Девону луғотит турк). – Т.: Ўзфанакаднаш, 1963. 167-б.
[2] Ғуломов П.Н. Мактаб жўғрофия атамалари ва тушунчалари изоҳли луғати. – Т.: Ўқитувчи, 1994. 107-б.
[3] Qorayev S. Toponimika. – T.: O'zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 70-b.
[4] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. IV том, О–Я. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. 347-б.
[5] Хуррамов К. Узбекские народные географические термины, обозначающие рельеф Южного Узбекистана: Автореф. к.ф.н. – Т.: 1981. С. 12.
[6] Qorayev S. Toponimika. – T.: O'zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 221-b.

*Oy* bul termin turkiy tillerde keń tarqalǵan[1]. Qaraqalpaqstanda hár qanday shuqırlıq *oy* dep júritiledi. Kópshilik jaǵdayda olar suwsız orınlar boladı.

*Oy – shuqırlıq, páslik, oyılǵan jer*. Túrkiy xalıqlar jasaytuǵın hámme aymaqlarda *óy, óydung, óypat, óyluq, óyjuq, óytaq* sıyaqlı formalarda kóplep toponimler payda etken[2]. Bul termin járdeminde jasalǵan toponimlerge: *Artıqbayoy, Ámetoy, Baltashoy, Palımoy* (Shımbay), *Bekmanoy, Esboǵanoy, Tólegenoy* (Qaraózek), *Qaraoy, Máshimoy* (Taxtakópir).

*Shıń*. 1. Ushı súyir taw shıńı. 2. Qanday formada bolıwına qaramastan, qálegen tawdıń eń biyik noqatı[3]. Qazaqlar *shiń*, altaylıqlar hám qırǵızlar *chiń*, rus ádebiyatlarında *chink*, Iranda *cheń* degende *taw, taw tóbesi, tóbelik* túsiniledi[4]. Taw, tóbeshik, biyikliktiń qattı taslardan ibarat bálent bólegi *«shıń»* sózi arqalı bildiriledi.

*Qum* – tastıń mayda bóleksheleri, shege[5]. *Qum* termini túrkiy tillerde ayırım fonetikalıq parıqları menen jiyi qollanıladı. Máselen, *ózbek*, *qazaq* hám *qaraqalpaq* tillerinde *qum*, ázerbayjan, túrk tillerinde *gum*, túrkmen tilinde *gum* sózi *«qumlı jer»,* bul tildegi *chege* sózi *«qum»,* altay tilinde *kum* sózi *«kóshpe qum»,* usı tildegi *qumaq* yaqut tilindegi *kumax* variantları *«qum»* degen mánini bildiredi[6]. Mirakmalovtıń jazıwınsha, *qum – taw jınısları hám minerallardıń shashılıwshań mayda bóleksheleri*[7].

*Qum* termini *Aybosınqum, Aqqum, Balaqoyǵanqum, Eshimbetqum, Jalańashqum,* (Taxtakópir), *Dáwekequm* (Qaraózek), *Allanazarqum, Bekbayqum, Esbergenqum* (Shımbay) sıyaqlı oronimler quramında qatnasıp *«qumlı jer»* degen mánisti bildiredi.

---

[1] Мурзаев Э. М. Словарь народных географических терминов. – М.: Мысль, 1984. С.266.
[2] Qorayev S. Toponimika. – T.: O'zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 234-b.
[3]Умирбаев Е.У. Географиялық терминлер менен атамалардың орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: Билим, 1993. 168-б.
[4] Qorayev S. Toponimika. – T.: O'zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 228-b.
[5] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. III том, К-Н. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. 187-б.
[6]Қурбанов М.Д. Қорақалпоқ тилидаги географик терминларнинг лексик-грамматик хусусиятлари: Филол. фан. номзод… автореф. – Нукус, 2011. 8-б.
[7]Миракмалов М.Т. Ҳалқ табиий географик терминлари. (Монография). – Т.: Fan va texnologiya, 2009. 173-б.

Gidronimiyalıq terminlerge *kól, arna, jap, say, dárya, salma, bulaq, ózek* sıyaqlı gidronimler quramında jiyi qatnasatuǵın terminlerdi keltirsek boladı. Gidronimiyalıq terminlerdi ózbek alımı N.Begaliev gidronimikalıq atamalar dep kórsetip ótken. N.Begalievtiń awtıwınsha: «…gidronimlerdiń jasalıwında atamalardıń áhmiyeti úlken bolıp, suw atlarında tiykarǵı komponentti qurawı menen ózgeshelenedi. Olar suw obyekti túrin anıqlawda gilt wazıypasın atqarıwdan tısqarı, informaciya beriw ózgesheligine de iye»[1].

*Arna* – úlken tıńnan jarılǵan jap, suw jolı[2]. Qaraqalpaqstan hám Xorezm aymaqlarında úlken japtı arna dep ataydı. Arna bul júdá áyyemgi sóz. Akademik V.V.Radlov arna sózin *«dárya jolı», «kanal»* dep aytıp ótken[3]. Ózbek tilindegi anhor termnin usı arna termini menen sinonimles desek boladı[4]. Áyyemgi xet tilinde arna *bulaq* degen mánini ańlatqan. Jasalma kanallardıń bul atama menen atalıwına sebep, bul kanallar úlkenligi jaǵınan dáryanıń bir bólimi dep esaplanadı. Xorezm hám Qaraqalpaqstan aymaǵında *arna* sóziniń negizgi ataması *«dárya tarmaǵı»* bolıp, keyinshelik bul atama kanallarǵa da isletilgen. Áyyemgi iran tilinde ar (ir) suw degendi bildirgen. Arnas sanskrit tilinde *«aǵım», «suw aǵımı»* mánisin ańlatadı[5].

*Ózek* termini – qaraqalpaq tilinde *«aǵın suwdan bólinip turǵan dáryanıń shaqapshası», «tarmaǵı»* degen mánige iye[6]. Áyyemgi túrkiy tilde *óz – «dara», «alap», ózak – «tawlardaǵı tar ótkel», «tar taw jolı»* degen maǵanaǵa iye eken. Sonday-aq, ayırım dereklerde ol *ókuz + ak «kishi dárya»* mánisinde bolıwı da múmkin ekenligi aytıladı. *Ózek* termini Altaydan Qazaqstan arqalı Bashqorstan hám Tatarstanǵa shekem, Orta Aziyadan Arqa Kavkazǵa shekem bolǵan keń aymaqta toponimler payda etken[7].

---

[1] Бегалиев Н. Самарқанд вилояти гидронимлари (лисоний таҳлил): Филол.фан.номзоди… дисс. – Самарқанд, 1993. 28-б.
[2] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. I том, А–В. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1982. 100-б.
[3] Радлов В.В. Опыт словаря тюркских наречий. I том, I часть. – Санкт-Петербургь, 1893. С. 303.
[4] Qorayev S. Toponimika. – T.: O’zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 164-б.
[5] Qorayev S. Toponimika. – T.: O’zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 166-б.
[6] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. IV том, О–Я. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. 47-б.
[7] Qorayev S. Toponimika. – T.: O’zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 234-b.

Q.Ábdimuratovtıń kórsetiwinshe, *ózek* – bul qoldan qazılmaǵan, ózш tábiyǵıy payda bolǵan dáryanıń bir shaqapshası bolıp, ol bazı waqıtları eki kóldi de tutastırǵan yamasa dáryadan tikkeley aǵıp, teńizge quyatuǵın bolǵan[1]. Biziń pikirimizshe, *ózek «suw», «dárya»* degen mániske jaqın keledi.

Eski túrkiy tilinde *«dárya»* mánisin ańlatıw ushın *ukuz* sózi qollanılǵan. Bunı Mahmud Qoshǵariydiń: «Jayxun, Firat» sıyaqlı dáryalardı *okuz* dep atawınan kóriwimizge boladı[2].

E.V. Sevortyannıń kórsetiwinshe, *ózek* termini túbiri *«bulaq»* mánisindegi *óz* sózine – *(a)k* kishireytiw affiksiniń qosılıwı arqalı payda bolǵan dep kórsetedi[3].

G.I.Donidzeniń jazıwınsha, qaraqalpaq hám qazaq tillerinde *ózek*, altay tilinde *ózók*. *Ózek* terminin *«dárya», «kishi dárya», «kóldi dárya menen yamasa eki kóldi tutastırıp turatuǵın kishkene dárya»* dep kórsetip ótken[4].

M.Mirakmalov *ózek* terminin *«jılǵa», «dárya tarmaqları»* dep kórsetip ótedi[5].

*Jap* – ishinen suw aǵızıw ushın qazılǵan arna, kanal[6]. *Jap* – egin maydanlarına suw alıp barıw ushın qazılǵan úlken salma. Jap kólemi jaǵınan salmadan úlken boladı. Bul gidronimikalıq termin rayon aymaǵında kanal termini menen sinonimles bolıp, ekewi barabar qollanıladı[7]. Ayırım izertlewshiler jap terminin iran tillerine tiyisli bolǵan *ab/ob «suw»* sóziniń ózgergen variantı dep esaplaydı[8].

---

[1] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан,1965. 26-б.
[2] Маҳмуд Қошғарий. Туркий сўзлар девони (Девону луғотит турк). I том. – Т.: Ўзфанакаднащ, 1960. 91-б.
[3] Севортян Э.В. Этимологический словарь тюркских языков. – М.: Наука, 1974. С.510.
[4] Донидзе Г.И. Гидрономические термины в тюркских языках // В кн.: Ономастика. – М.: Наука, 1969. С.167.
[5] Миракмалов М.Т. Ҳалқ табиий географик терминлари. (Монография). – Т.: Fan va texnologiya, 2009. 170-б.
[6] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. II том, Г–К. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1984. 176-б.
[7] Абишов Г.М. Топонимлер қурамындағы гидронимикалық терминлер // ҚМУ Хабаршысы, 2017. № 2 (35). 151-б.
[8] Қурбанов М. Қорақалпоқ тилидаги географик терминларнинг лексик-грамматик хусусиятлари: Филол. фан номзоди ... автореф. – Нукус, 2011. 12-13 б.

Belgili alım Z.Dósimovtıń jazıwınsha *jap* eski jazba dereklerde *«qazılǵan salma»* dep kórsetilgen[1].

Sh.Kárimxojaev *jap* terminin iran tillerinen awısqan dep kórsetedi hám *jap* – suw aǵızıw uqıbı boyınsha ortasha suwǵarıw tarawı[2] dep aytıp ótken. Mahmud Qoshǵariy sózliginde *jap* termini «*sel oyıp ketken tereń jer»* dep kórsetilgen[3].

E.M.Murzaev *jap* terminin *«úlken salma», «suwǵarıw kanalı»* dep kórsetip ótken[4].

Belgili toponimist alım M.Mirakmalov ózbek tilindegi *yob*, *yop* terminlerin qaraqalpaqshada *jap* dep kórsetken[5].

Xorezmde orta hám kishi suwǵarıw tarmaǵın *jap* dep ataytuǵın bolsa, Tájikstannıń ayırım orınlarında dáryanı usılay ataydı eken[6].

*Say* – qaraqalpaq tili túsindirme sózliginde *ańǵar, jır* dep berilgen[7]. *Say* bul «*kishi dárya»* degen mánisti ańlatadı. Túrkiy xalıqlar jasaytuǵın hámme aymaqlarda bir-birine jaqın mánilerde isletiledi hám kóplegen toponimler payda etken. *Say* ataması *kishi dárya* mánisinde rus tiline de kirgen. Ózbek tilinde *soy* dep júritiledi.

Osmanlı túrkler, ázerbayjan tillerinde hám Iranda *shay* (dárya) formasında aytıladı[8].

*Kól* dep qurǵaqlıqtıń átirapı tuyıq saylıqlarda jaylasqan aǵımsız yamasa aǵımı tómen, okean menen ózara baylanısbaǵan, ózine tán ekologiyalıq sharayat hám organizmlerge iye bolǵan suw basseynlerine aytıladı[9]. *Kól – «aylanası tábiyǵıy yamasa jasalma túrde tuyıqlanıp suw jatqan jer»*[10].

---

[1] Дўсимов З. Хоразм топонимлари. – Т.: Фан, 1985. 70-б.
[2] Кәримхожаев Ш. Қарақалпақ тилиниң дийханшылық терминологиясындағы араб ҳәм иран тиллериниң элементлери // Вестник Каракалпакского филиала АН УзССР, 1970. № 4 (42), С. 66.
[3] Маҳмуд Қошғарий. Туркий сўзлар девони (Девону луғотит турк). III том. – Т.: Ўзфанакнаш, 1963. 156-б.
[4] Мурзаев Э. М. Словарь народных географических терминов. – М.: Мысль, 1984. С.173.
[5] Миракмалов М.Т. Халқ табиий географик терминлари (Монография). – Т.: Fan va texnologiya, 2009. 147-б.
[6] Ғуломов П.Н. Мактаб жўғрофия атамалари ва тушунчалари изоҳли луғати. – Т.: Ўқитувчи, 1994. 42-б.
[7] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. IV том, О–Я. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. 162-б.
[8] Qorayev S. Toponimika. – T.: O'zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 217-б.
[9] Шубаев Л.П. Умумий ер билими. – Т.: Ўқитувчи, 1975. 251-б.
[10] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. III том. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. 12-б.

*Kól* termini túrkiy tilge tiyisli. Hár tilde hár túrli aytıladı. Túrkmenstanda – *kyol,* Kavkaz aldı ellerinde – *gyol,* Yakutiyada – *kyuel,* Tajikstanda – *kul,* Altayda – *kol* dep aytıladı[1].

Mahmud Qoshǵariy sózliginde *kól* sózi: 1) «*háwiz»*; 2) *«kól»*; 3) *«teńiz»* degen mánilerdi ańlatıp, jáne *«toplanıp qalǵan suw»* dep te bildirilgen[2].

Al, B.Bafoev bolsa: «*Kól* sózi VII-VIII ásirlerde *dárya* mánisin bildirgen, X-XI ásirlerge kelip, tek ǵana aqpaytuǵın suw obyektlerine baylanıslı qollanılǵan» degen pikirdi aytadı[3]. Al, toponimist-alım A.Nizomov hám.t.b. lar bolsa, «hámme limtoponimlerdiń túp dúzilisinde *kól* qosımtası qatnasadı hám óz-ózinen kórsetilgen orında kól bar ekenliginen derek beredi»[4] - degen, juwmaqqa kelgen.

Oykonimiyalıq terminlerge *awıl, aymaq, elat, jurt, qala* hám.t.b. xalıqtıń jasaw orınlarına baylanıslı qollanılatuǵın sózler toparı kiredi. Qaraqalpaqstan aymaǵında da bul terminler kóp qollanıladı.

*Awıl* – bul termin *«xalqı otırıqshı jasaytuǵın orındı»* bildiredi hám ol qaraqalpaq tilinde keń tarqalǵan. Ózbek tilinde *ovul,* qaraqalpaq tilinde *awıl* – awıl hám basqa mánislerde Kishi Aziyadan Tınısh okeanına shekemgi aymaqlarda *avul, aul, avól, ayól* sıyaqlı fonetikalıq variantlarda ushırasatuǵın atama. Xronologiyalıq tárepten *qishloq* sózinen aldın payda bolǵan bul atama XV-XVI ásirlerde kelgen kóshpeli ózbeklerdiń ornalasıwı (*qishlov* – «qıslaytuǵın orın»), aqıbeti bolsa, *ovul* kóbirek, *ayil* formasında «*ótov», «bir tóp ótov»* mánisinde oǵada aldın payda bolǵan. Ózbekstanda *ovul* sózinen quralǵan ózbek awılları kóp; Qubla Ózbekstanda *ovul* sózi *«qishloq», «kichikroq qishloq»* mánisinde de isletiledi. *«Malxana», «qora»* mánisindegi *oǵıl* sózi de genetikalıq jaǵınan *ovul* sózi menen mániles[5].

---

[1] Э. и В. Мурзаевы. Словарь местных географических терминов. – М.: 1959. С.124.
[2] Маҳмуд Қошғарий. Туркий сўзлар девони (Девону луғотит турк). III том. – Т.: Ўзфанакнаш, 1963. 148-149 б.
[3] Бафоев Б. Кўл сўзининг маънолари ва тарихи // Ўзбек тили ва адабиёти, 1992. № 2. 18-б.
[4] Низомов А., Рахимова Г., Расулова Г. Топонимика. (Ўқув қўлланма). – Т.: Sharq, 2013. 96-б.
[5] Qorayev S. Toponimika. – T.: O’zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 207-b.

*Awıl* termini túrkiy tilles xalıqlardıń arasında keń tarqalǵan *avul, avil, auıl, ayil, ail, agil,* yakut tilinde *ial,* chuvash tilinde *yal,* ózbek tilinde *ovul,* monǵol tilinde *ail* formasında ushıraydı[1]. Ayırım izertlewshilerdiń pikirlerine qaraǵanda, bul termin eski túrkiy tilde *«topla, jıyna»* mánisin bildiretuǵın *av* feyiline *«orın, jay»* mánisin bildiretuǵın – *(u)l* affiksiniń qosılıwı menen jasalǵan[2]. Basqa avtorlar eski túrkiy tilde *«mal qora»* mánisin ańlatqan *aǵıl* sózi menen baylanıstıradı[3]. Biz úyrenilip atırǵan rayonlar aymaǵında da *awıl* termini arqalı jasalǵan geografiyalıq atamalar júdá kóplep ushırasadı.

*Aymaq – bir betkey jer, átirap, dóńgelek, óz aldına bir bóleklengen kólemli jer, bir topar qonıslasqan xalıq* degendi bildiredi[4]. Bul termindi ayırım ilimpazlar monǵol tilinen ózlesken sóz dep táriyipleydi[5]. *Aymaq* sóziniń de mánileri kóp. Orta ásir monǵollarında *bir aymaqta jasawshı, bir – birine jaqın shańaraqlar birlespesi aymaq* delingen. Orta ásirlerde túrkiy xalıqlarda da bir neshe qáwim yamasa urıw birlespesi *aymaq* dep atalǵan[6].

V.V.Radlov bul sóz *«basqa adam», «basqa mámleketten kelgen adam»* mánisinde ańlatıwın aytıp ótedi[7]. Orta ásirlerde Monǵoliyada belgili bir aymaqta kóship júrgen jaqın shańaraqlar awqamı, arasında úlken bir shańaraq yamasa awıl da *aymaq* dep atalǵan. Házirgi monǵol tilinde *aymaq* sózi hákimshilik birlik, qáwim, túr, bólim sıyaqlı gáp bólegin ańlatadı. Ózbek tilinde bul sózdiń «*hudud»* mánisi de bar[8]. Bul sóz arealı elimiz aymaǵında uzaq aralıqqa sozılǵan.

*Elat* – termini el sózine arab tilindegi – at qosımtasınıń qosılıwı menen payda bolǵan. Qaraqalpaq tilinde házirge shekem kishi qalalardı, xalıq jasaw orınların *poselka* dep ataydı. Poselka qaladan kishi bolǵan, qala tipindegi xalıq

---

[1] Мурзаев Э. М. Словарь народных географических терминов. – М.: Мысль, 1984. С.48.
[2] Севортян Э.В. Этимологический словарь тюркских языков. – М.: Наука, 1974. С.65.
[3] Qurbanov M. Qaraqalpaq tilindegi ayırım oykonimiyalıq terminlerdiń etimologiyası hám semantikalıq ózgeshelikleri // Ilim ha’m ja’miyet, 2014. № 1. 24-b.
[4] Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. I том, А–В. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1982. 45-б.
[5] Қурбанов М. Қорақалпоқ тилидаги географик терминларнинг лексик-грамматик хусусиятлари: Филол. фан номзоди ... дисс автореф. – Нукус, 2011. 9-б.
[6] Чориев З. Тарих атамаларининг қисқача изоҳли луғати: Қадимги ва ўрта асрлар. – Т.: «Шарқ», 1999. 8-б.
[7] Радлов В.В. Опыт словаря тюркских наречий. I том, I часть. – Санкт-Петербургъ, 1893. С.64.
[8] Qorayev S. Toponimika. – T.: O’zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 163-b.

jasaw punktlerine qollanıladı[1] Jáne de elat – bul adamlardıń til, aymaq, ekonomikalıq hám mádeniy jaqtan tariyxıy quralǵan birligi. Elattıń kelip shıǵıwına bir – birine jaqın bir neshe qáwimlerdiń birlesiwi tiykar bolǵan[2].

*Qala* (arabsha) – Evropa, Afrika hám Aziyanıń úlken bóliminde *«istehkom», «qasr», «qalıń hám biyik diywal hámde xandaklar sıyaqlı qorǵanıw quralları menen bekkemlengen orın»* mánilerinde toponimler quramında keletuǵın geografiyalıq termin. Xorezmde *qala* – bul átirapı qalıń diywal menen oralǵan orın[3].

*Qala* termini hár tilde hár túrli formada qollanıladı. Mısalı: ózbek tilinde - *kent, obod, shahar;* rus tilinde – *gorod;* tájik–parsı tilinde - *obod, shahr, bandar;* arab tilinde - *madina, qasaba;* hind tilinde - *pur, garx, nagar;* qıtay tilinde - *kin, chen, chjou, syan;* ingliz tilinde - *city, town;* nemis tilinde - *burg, shtat;* ispan tilinde - *sudad* dep ataladı[4].

Joqarıdaǵı jergilikli geografiyalıq terminlerdiń sıpatlamasınan kóretuǵın bolsaq, olardıń kópshiligi túrkiy tilles xalıqlardıń geografiyalıq terminleri menen derlik birdey. Elimizdegi jergilikli geografiyalıq terminlerdiń tarqalıw arealı da júdá keń ekenligin de usı izertlewimiz juwmaǵınan biliwimizge boladı. Jáne de, bul jergilikli geografiyalıq terminler elimiz aymaǵında kóplegen toponimlerdiń payda bolıwında aktiv qatnasqanlıǵın hám de ózi dara jaǵdayda da toponimler payda etiwde roliniń joqarılıǵınan jergilikli geografiyalıq terminlerdi ele de tereńirek úyreniw kerekligin uyǵarıwımız kerek.

---

[1] Қурбанов М. Қорақалпоқ тилидаги географик терминларнинг лексик-грамматик хусусиятлари: Филол. фан номзоди ... дисс автореф. – Нукус, 2011. 10-б.

[2] Чориев З. Тарих атамаларининг қисқача изоҳли луғати: Қадимги ва ўрта асрлар. – Т.: «Шарқ», 1999. 123-б.

[3] Qorayev S. Toponimika. – T.: O’zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 237-b.

[4] Ҳасанов Ҳ. Географик номлар сири. – Т.: Ўзбекистон, 1985. 48-б.

# III BAP. QARAQALPAQSTAN ARQA RAYONLARÍ (Taxtakópir, Qaraózek, Shımbay) TOPONIMLERINE SÍPATLAMA

## III.1. Oronimler

Oronimlerge, taw taslar ǵana emes, bálkim relyeftiń basqa da formaları – alaplar, jarlıqlar, saylıqlar, sonıń menen birge, tegislik, pás tegislik hám qumlıqlar da kiredi.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń kópshilik bólegin, ásirese, arqa-shıǵıs tárepin Qızılqum qumları iyelegenligi sebepli aymaqta qumlı tóbeshikler kópshilikti quraydı. Bul jerde júdá biyik tawlar joq. Sonıń menen birge, usı qum aralıqlarında biyik–biyik tóbeshikler bar bolıp, olar hár túrli atlar menen atalǵanlıǵın kóremiz. Bul aymaqta tóbeshiklerden kóre qumlı aymaqlar úlken bólimin quraydı. Bul oronimikalıq obyektlerdiń atalıwında adam atlarınıń kópligi menen ózgeshelenedı. Kartografiyalıq materiallardan bul aymaqta 143 oronimikalıq obyekt bar ekenligi anıqlandı hám tómende olardıń ayırımlarına sıpatlama berip ótemiz.

*Abıllajalǵızqum* – Taxtakópir rayonı «Múlik» APJ aymaǵında jaylasqan qum bolıp, bulay atalıwınıń sebebi, usı qum jaǵasında Abılla degen adam jalǵız ózi jasaǵan desedi sol sebepli, *Abıllajalǵızqum* dep atalǵan hám bul qumnıń qasında basqa qum joq solda sebep bolıwı múmkin.

*Atshabartóbe* – Taxtakópir rayonı «Múlik» APJ aymaǵındaǵı tóbeshik. Tóbeshik atamasınıń kelip shıǵıwına bul orında ázelden shabandozlar ılaq oyınların ótkerip turǵanlıǵınan *Atshabartóbe* dep atalıp ketken.

*Báykequm* – Taxtakópir rayonı «Múlik» APJ aymaǵındaǵı qumlıq atı. *Báykequm* atalıwınıń sebebi, usı aymaqta Báyke degen adam jasaǵan eken, sonıń atına *Báykequm* atalǵan degen pikirler bar. Bul adam elge tanımalı adam bolǵan desedi.

*Begistıń qumı* – bul házirgi Taxtakópir rayonı Qaraoy APJ aymaǵında jaylasqan qumlıq. Qumlıqtıń bunday dep atalıwınıń sebebi, Aydosbiydiń inisi Begis usı qumǵa jaqın jerde jasaǵan, sol sebepli usılay atalǵan.

*Bórshitaw* –Taxtakópir rayonı aymaǵında Beltaw ústirtligi bar ekenligi hámmege belgili. Al, bul ústirtlikti bolsa jergilikli xalıq *Bórshitaw* dep ataydı. Bul tawdıń *Bórshitaw* atalıwınıń sebebin, jergilikli xalıq arasında *bórshi* degen kishi degendi bildiredi degen pikirler bar. Sonda jergilikli xalıq tilinde *Bórshitaw* «*kishi taw*» degen mánige iye. Bórshitaw bul házirgi «Beltaw» APJ aymaǵında jaylasqan ústirtlik. Al Beltawǵa keletuǵın bolsaq, bel bul geografiyalıq termin bolıp «*tawdan asıp ótiw ornı*», «*pás taw*», «*taw dizbeginiń páseygen jeri*» degen mánilerdi bildiredi, degen pikirlerimizdi bildirdik.[1] Shınında da, taw pás hám onıń bir qaptalı ótiwge qolaylasqan júdá pás jeri bar.

*Dilekeshoqat* – Qaraózek rayonı Akademik Sabır Kamalov APJ aymaǵında jaylasqan qumlıq ataması. Bul qum átirapında Dileke degen adam jasaǵan hám sonıń atına aytılǵan. Házirgi waqıtta bul atamada awıl atıda qoyılǵan.

*Eshimbetqum* – bessarı urıwınan shıqqan Eshimbet degen xalıqqa belgili adam bolǵan, ol usı qum eteginde jasaǵan deydi sol sebepli *Eshimbetqum* atalǵan bolıwı itimal.

*Jalańashqum* – bul qumnıń átirapında hesh ósimlik ózpeytuǵın bolǵan sonıń ushın *Jalańashqum* dep aytılǵan. *Jalańashqum* Taxtakópir rayonı «Múlik» APJ aymaǵında.

*Qarawıltóbe* – Taxtakópir rayonı «Múlik» APJ aymaǵındaǵı kishkene tóbeshik bolıp, aldın usı orında Qılısh degen qazaqtıń biyi Xiywa jawıngerlerin kóriw ushın usı orınǵa qarawıl qoyǵan hám sonıń ushın *Qarawıltóbe* dep aytılǵan.

*Qazaqoy* – bul házirgi Shımbay rayonı «Tazǵara» APJ aymaǵındaǵı awıl hám jer ataması bolıp, atamanıń kelip shıǵıwı tuwısqan xalıq esaplanǵan qazaq

---

[1] Балтабаев О.О. *«Таў»* термини топотермин сифатида // «XXI асрда илм-фан тараққиётининг ривожланиш истиқболлари ва уларда инновацияларнинг тутган ўрни» мавзусидаги Республика илмий 3-онлайн конференцияси. – Т.: 2019. 144-146 б.

milleti menen baylanıslı jáne de, bul jer basqa qońsı orınlarǵa qaraǵanda oylaw bolıp kelgenliginen hám bul jerge qazaqlar otırıqshı bolıp qonıs basqanlıǵınan usı atama payda bolǵanlıǵın kóriwimizge boladı.

*Qızılqum* – Orta Aziyadaǵı eń úlken shóllerden biri, Ózbekstan menen Qazaqstan aymaǵında jaylasqan. Házirgi geografiyalıq kartalarda bul shóldiń atı keń aymaqqa jayılǵan. Qızılqumdı eki túrli mániste túsindiriw múmkin: SHıǵıs shól yamasa Altınqum. Qızıl sóziniń altın mánisi de bar. Murıntaw altın káni bunıń dálili. Bul qumnıń ataması tuwralı kóplegen alımlardıń juwmaqlawshı pikiri bul qumnıń kóplegen bólimi qizǵıp sarı reńli bolıwınan dep túsindiredi. Sonday-aq, qum menen qaplanǵan kóp territoriya jergilikli xalıq tilinde qızıl dep ataladı[1].

*Qusxanataw* – bul Shımbay rayonı aymaǵında jaylasqan teńiz qáddinen biyikligi 138 metr bolǵan taw ataması. Ráwiyatlarǵa hámde sózlerdiń (*Qusxanataw*) mánisine qaraǵanımızda, bul jer quslar kóp bolǵanlıǵın biliwimizge boladı.

*Qospanqum* – Taxtakópir rayonı «Múlik» APJ aymaǵındaǵı qumlıq bolıp, bul qum jaǵasında Qospan ata degen adam jasaǵan sol sebepli *Qospanqum* dep atalǵan.

*Mırjıqtıń qumı* – bul házirgi Taxtakopir rayonı «Qaraoy» APJ aymaǵında jaylasqan qumlıq bolıp, qumlıq ataması Aydosbiydiń inisi Mırjıq usı qumǵa jaqın jerde jasaǵan hám soǵan baylanıslı atalǵan.

*Narmanqum* – házirgi Taxtakopir rayonı «Múlik» APJ aymaǵındaǵı qum bolıp, jası úlkenlerdiń aytıwına qaraǵanda bul qum jaǵasında Narman degen adam jasaǵan, sol sebepli, *Narmanqum* dep atalǵan.

*Ótámbetshúńgil* – Taxtakópir rayonı «Múlik» APJ aymaǵında jaylasqan orın bolıp, bul oy orında Ótámbet degen adam jasaǵan sol sebepli *Ótámbetshúńgil* dep atalǵan.

---

[1] Ҳасанов Ҳ. Географик номлар сири: Илмий – оммабоп таъриф. – Т.: Ўзбекистон, 1985. 117-б.

*Sarıqum* – bul házirgi Taxtakópir rayonı «Qaraoy» APJ aymaǵında jaylasqan qum bolıp, *Sarıqum* atalıwınıń sebebi, qum alıstan qarasań sap–sarı reńge dónip turǵanlıǵınan bolıwı múmkin. Bunday at penen atalǵan qumlıqlardı elimiz aymaǵında kóplep ushıratıwımızǵa boladı.

*Sarmanqum* – qum atı bolıp, Sarman degen qazaq adam bolǵan ol adam usı qum jaǵasında jasaǵan eken, sol sebepli, *Sarmanqum* dep atalıp ketken degen pikirler bar.

*Sultan Wáyis tawı* – Ámiwdáryanıń oń tárepinde Qaraózek rayonınıń qublasındaǵı taw dizbegi. Orta Aziyada islam dini taratıwshılarınan biri arab Wáyis Qarniy atı menen atalǵan (VII ásir). Sultan ataǵı oǵan keyin ala Orta Aziya xalıqları tárepinen berilgen. Dizbektiń qubla-batıs janbawırında Sultan Wáyistıń ziyarat ornı, ápsanaǵa aylanǵan qábiri bar[1].

*Teńgeshashqan qumı* – ráwiyatlarǵa qaraǵanda Xiywa xanı usı qumdı jaǵalap kiyatırǵanda adamlar aldına shıǵıp, onıń aldın tosadı. Xiywa xanı aldınan shıqqan alamandı tarqatıw ushın qumǵa qarap teńge shashqan desedi. Sol sebepli *Teńgeshashqan qumı* dep atalıp ketipti. Bul qum Qaraózek rayonı «Qarshıǵalı» APJ aymaǵında jaylasqan.

[1] Қораев С. Ўзбекистон вилоятлари топонимлари. – Т.: O’zbekiston milliy ensiklopediyasi, 2005. 200-б.

## III.2. Gidronimler

«Kól qurısa da atı qurımaydı» degen gáp bar xalıqta. Jer júzindegi geografiyalıq atamalardıń úlken bir bólimin gidronimikalıq atamalar quraydı. Gidronimler xalıq tariyxı, tili hám turmıs-tárizi haqqında maǵlıwmatlar tasıwı menen úlken áhmiyetke iye. Qaraqalpaqstan aymaǵınıń kópshiligi tegislik, qumlıq bolıwına qaramastan bul aymaqta gidronimlerdiń kópligi menen xarakterli. Qaraqalpaqstan aymaǵındaǵı ásirese, biz úyrenip atırǵan aymaqtaǵı gidronimikalıq obyektlerdiń atamaları haqqında professor R.Ballieva tómedegishe aytadı, «... gidronimler ataması ásirese, jap, salma hám kanal atamaları kóbirek urıw atamalarına qoyılǵanlıǵı, kanaldı qazıwda basshılıq etken adamnıń atına qoyılǵanlıǵı yamasa usı kanaldan paydalanǵan awıllar atamasına qoyılǵanlıǵı menen xarakterli»[1]. Ulıwma izertlewimiz dawamında kartografiyalıq maǵlıwmatlardan jámi 319 gidronimikalıq obyekt anıqlandı hám olardıń ayırımlarına sıpatlama berip ótemiz.

*Aqbaslıkól* – kóldiń Aqbaslı dep atalıwınıń baslı sebebi, kóldiń átirapında oǵada kóp aqbas ósimligi ósken hám sonıń ushın kól *Aqbaslıkól* atalıp ketken. Bul kól Taxtakópir rayonı «Atakól» APJ aymaǵında jaylasqan.

*Aqjaǵıs* – házirgi xalıq awzındaǵı sózlerde hám geypara ilimiy ádebiyatlarda bul atama jiyi ushırasıp otıradı. Aqjaǵıs XIX ásirdiń aqırında Qaratereń kóline onıń shıǵıs jaǵınan quyıp turǵan Kókózektiń bir shaqapshası bolǵan, Qaratereń kóliniń shıǵıs jaǵı ol waqıtta Tımpıy – Ayaǵı dep atalatuǵın edı. (Házir Taxtakópir rayonı Qaratereń APJ territoriyasınan ótip turǵan Quwanıshjarmanıń ayaǵın Tımpıy dep ataydı). Bunnan Jańasuw dáryası aǵıp Aralǵa quyatuǵın bolǵan. Xiywa dokumentlerinde Jańasuw dáryasın Aqjaǵıs ayaǵı dep te atalatuǵınlın jiyi gezlestiriwge boladı. *Aqjaǵıs* dewdiń mánisi, jaǵıs dep tilimizde dáryanıń jaǵası, ótkeli keme toqtaytuǵın jerdi ataydı, bundaǵı aq degen

[1] Баллиева Р. Этнокультурные особенности природопользования народов Приаралья (в конце XIX – начале XX века): Монография. М.: Компания Спутник+, 2003. С.23.

sóz aq topıraqlı jaǵa, rash mániden kelip shıqqan bolıwı múmkin. Al eski tilde aq–bereketli, ırısı mol degen mánisti ańlatadı.

Jáne bir házirgi xalıq awzındaǵi sózlerde *Aqjaǵıs* haqqında bir waqıtlarda usı Aqjaǵıstıń jaǵasındaǵı ótkelde bir kemeshi bolıp ótken. Ol ústine hárdayım aq kiyim, basına aq qalpaq kiyip júrgen, uzaǵıraqtan qaraǵan adamǵa ol kisi ústindegi kiyimi menen aǵarıp, appaq kórinedi eken. Sonlıqtan, xalıq bul jerdi *Aqjaǵıs* dep ataǵan degen ángime de bar. XVIII ásirdiń birinshi yarımında bul jerde *Aqjaǵıs* xalıqlarınıń úlken qorǵanı (qalası) boladı. Xiywa xanlıǵı dáwirinde arqadan kiyatırǵan dushpanlardan qorǵanıw hám adamlardı xabarlandırıw ushın ot jaǵıp turatın orın bolǵan[1].

*Aqkól* – Taxtakópir rayonı «Múlik» APJ aymaǵında jaylasqan kól bolıp, bul kóldiń atalıwınıń sebebi, kól oǵada duzlı bolǵanlıǵı sebepli, alıstan aq bolıp kórinip turǵan, sonlıqtan usılay atalıp ketken.

*Atakól* – Taxtakópir rayonı aymagında. Bizlerdiń izertlewlerimiz boyınsha, ráwiyatlarǵa qaraǵanda, Ánnet ata degen manǵıt urıwınan shıqqan sawatlı, jası úlken adam bolǵan, bul adam usı kóldiń jaǵasında jasaǵan eken, soń bul kól Atanıń kóli, *Atakól* dep aytılatuǵın bolǵan. Házirgi waqıtta «Atakól» atamasındaǵı APJ, kól hám awıl bar[2].

*Badraqjap* – Taxtakópir rayonı aymaǵındaǵı uzınlıǵı 15 km bolǵan suwǵarıw tarmaǵı. Ol «Jańadárya» elatın suw menen támiyinleydi. Saǵası Quwanıshjarmadan bólinip, «Qaraǵash» hám «Marjankól» elatlı punktleriniń arqa bóliminen aǵıp ótedi. Atamasınıń kelip shıǵıwı, jergilikli puqaralardıń aytıwına qaraǵanda, jap Badraqday jaynap turǵan, sonlıqtan, jergilikli xalıq *Badraqjap* dep aytıp ketken. Bul atamanıń kelip shıǵıwınıń ekinshi variantı, hámmemizge belgili tariyxta XX ásirdiń basında jallanba jumısshılardı Batraklar

[1] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан, 1965. 28- б.

[2] Allanazarov K., Urinbaeva F., Baltabayev Ó. Qaraqalpaqstanda kól termininiń toponim payda etiwdegi roli (Taxtakópir rayonı mısalında) // «География пәни ҳәм оны оқытыўдың актуаль мәселелери» атамасындағы Республикалық илимий-теориялық конференциясы. – Нөкис, 2018. 5-7 б.

dep atağan, bul suwǵarıw tarmaǵınıń da qazılıwında Batraklar qatnasqan bolıwı múmkin[1]. Izertlewimiz juwmaǵında usınday pikirlerdi bildirip óttik.

*Besjap* – Shımbay hám Qaraózek rayonları aymaǵın suwlandırıwshı kanal ataması. *Besjap* dep atalıwınıń sebebi, bul kanaldı bes adam qazdırǵan. Kanal qazılıp pitkennen keyin hár qaysısı kanaldıń atın óziniń atına qoydırıw ushın óz ara jánjellesedi. Eń sońında olardıń besewiniń de atı menen *Besjap* atalıp qaladı[2].

*Biydaykól* – maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda, kóldiń bulay atalıwınıń sebebi, burın bul kóldiń ornında biyday egiletuǵın oy orın bolǵan, keyin bul orındı suw basıp ketken, soń *Biydaykól* atalıp ketken delinedi. Kól Taxtakópir rayonı «Qaraoy» APJ aymaǵında jaylasqan.

*Bosay* – bul Taxakópir rayonı «Taxakópir» APJ aymaǵındaǵı kanal ataması. Bosay dep atalıwınıń sebebin maǵan 60 jasqa shıqqan Qádir ata bılay dep túsindirdi. Qádir atanıń aytıwı boyınsha onıń Bosay degen babası bolǵan eken, ol shopan eken. Kúnde atı menen mal baǵatın bolǵan. Kúnlerdiń birinde malın baǵıp úyine qaytıp kiyatırǵanda kanaldan atı menen ótemen degende atı da, ózi de shógip ketken eken. Soń kanal atı *Bosay* dep aytılǵan deydi.

*Bozjap* – bul suwǵarıw tarmaǵı Taxtakópir rayonınıń «Qaraoy» elatlı punktiniń shıǵıs hám Aqkól elatlı punktiniń arqa tárepinen aǵadı. Bizlerdiń jası úlkenlerden esitiwimizshe, egislik maydanların keńeytiw ushın jańadan boz jerler ózlestiriledi hám sol ózlestirilgen jerlerge suw aparıw maqsetinde suwǵarıw tarmaǵı qazıladı, sol sebepli suwǵarıw tarmaǵınıń atı *Bozjap* dep aytılǵan. Jáne bir mánisi taza jap yaǵnıy boz degen sóz jańa, taza mánislerinde de isletiledi[3]. Usınday maǵlıwmatlardı anıqlawǵa miyasar boldıq.

---

[1] https://ru.wikipedia.org/wiki/Батрак

[2] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан, 1965. 25-26 б.

[3] Allanazarov K.J., Baltabayev O.O. The term of zhap and its role in prodicing toponyms (the research is based on the toponymy Takhtakopir District of the Republic of Karakalpakstan) // Science and Education in Karakalpakstan, 2019. № 1 (9). 52-55 pp.

*Botakól* – kól Taxtakópir rayonı «Qarátereń» APJ aymaǵında jaylasqan bolıp, kóldiń boyında túyeler kóp baǵılǵan hám kól átirapında jayılıp júrgen túyeniń botalarına baylanıslı usılay atalǵan degen pikirler bar.

*Esimózek* – Qaraózek rayonı Saymanawıl hám Qostamǵalıawıl elatlı punktlerinen batısta aǵadı. Kanal ataması qaraqalpaq milletinen bolgan Eshim Muxammedtiń atı menen baylanıslı. Bul kanal 1709-jılı Eshim Muxammedtiń basshılıǵında qazıladı[1].

*Ibrayımózek* – Taxtakópir rayonı «Qaraoy» APJ aymaǵınan aǵıp ótedi. Nuranıy Esbosın Saparovtıń aytıwına qaraǵanda, urıwı bessarıdan bolǵan Narımbet axunnıń balası Qudaybergen degen adam bolıptı. Ol rayonlıq keńes atqarıw komitetiniń baslıǵı bolıp islep júrgen waqtında házirgi «Qaraoy» aymaǵındaǵı Besmeshit degen jerdi suwlandırıw ushın Quwanıshjarmadan saǵa alıp usı japtı qazdıradı. Biraq, japtıń atın inisi Ibrayımnıń atına qoyadı[2]. Toponimist alım Q.Seytniyazovta bul japtıń atın adam atına qoyılǵan dep kórsetip ótken.

*Janbasjap* – Taxtakópir rayonınıń «Dáwqara» elatlı punktiniń arqa-shıǵıs tárepinen aǵatuǵın suwǵarıw tarmaǵınıń ataması. «Qarátereń» APJ puqarası 94 jaslı nuranıy Xojaxmetov Xojabaydıń aytıwına qaraǵanda, bul suwǵarıw tarmaǵı Tımpıyjaptıń qaptal, yaǵnıy, janbas tárepinen qazılǵan, sol sebepli, *Janbasjap* dep atalıp ketken[3]. Izerlewlerimiz juwmaǵında joqarıdaǵı pikirlerdi bildirip óttik.

*Jańadárya* – Aral teńizine quyatuǵın dáryalar hám onıń salaları tuwralı geograf alım L. Berg sóz etedi. Aral teńizine Ámiwdáryadan basqa onıń shıǵıs tárepinen Sırdárya kelip quyatuǵınlıǵı málim. L.Bergtiń tastıyıqlawı boyınsha

---

[1] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан, 1965. 27-б.

[2] Алланазаров К.Ж., Балтабаев Ө.Ө. Өзек термини ҳәм оның топоним пайда етиўдеги орны (Қарақалпақстан Республикасы Тахтакөпир районы мысалында). // «Бутун жаҳон атроф-муҳит муҳофазаси куни»га бағишланган «Жанубий Оролбўйи табиий ресурсларини оқилона фойдаланиш» номидаги VII республика илмий-амалий конференцияси. – Нукус, 2018. 128-130 б.

[3] Allanazarov K.J., Baltabayev O.O. The term of zhap and its role in prodicing toponyms (the research is based on the toponymy Takhtakopir District of the Republic of Karakalpakstan) // Science and Education in Karakalpakstan, 2019. № 1 (9). 52-55 pp.

Sırdáryanıń túslik jaǵınan eki dáryanıń úlken salası teńizge quyǵan. Onıń biri Jańadárya, ekinshisi Quwandárya edi. Bul dáryalar sol dáwirde bir ese tolıp-tasıp, bir ese suwı kemeyip qurıp qalatuǵın bolǵan. Jańadáryanıń saǵası Perovskiy (Qızıl Orda) qalasınan 12 verst tómende bolǵan. Gladishev hám Muravin de (1740) bul dárya eske alınbaǵan. Qaraqalpaqlar ótken ásirdiń aqırında Perovskiy portınıń joqarǵı jaǵına kóship kelip, bul jerden úlken kanal júrgizedi, onı *Jańadárya* dep ataydı. Bul tómendegishe tariyxıy jaǵdaylar menen baylanıslı bolıwı múmkin. Gladishev hám Muravin 1740–jılı Sırdáryanıń tómengi boyınan Shaxtemir (házirgi Shımbay qalasına jaqın orında burın Shaxtemir degen qala bolǵan) qalasına shekemgi aralıqtı sayaxat etken. Bulardıń miynetinde jáne Richkovtıń 1762–jılı basılıp shıqqan kitabında Jańadárya belgisiz edi. Demek, Jańadárya qaraqalpaqlar tárepinen XVIII ásirdıń ekinshi yarımında qazılǵanlıǵın bir qansha tariyxıy dokumentler tastıyıqlaydı. Taxtakópir rayonı aymaǵında *Jańadárya* atı menen házirgi waqıtta APJ ataması bar.

*Jılwanjap* – «Taxtakópir» APJ aymaǵın suw menen támiyinleytuǵın suwǵarıw tarmaǵı. Uzınlıǵı 31 km. Bul japtıń etimologiyası bizge belgisiz[1]. Etimologiyasın anıqlaw qıyın keshti.

*Kegeyli* – kanal ataması. Bul atamanıń kelip shıǵıwı haqqında belgili qaraqalpaq toponimisti Q.Ábdimuratov bılay, dep jazǵan: Kegeyli atamasınıń payda bolıwı Sımbay tariyxı menen tıǵız baylanıslı dewge boladı. Qaraqalpaqlardıń Jańadáryadan kóship kelip, Kegeyli boylarına hám Shımbay átiraplarına jerlesiwleri XVIII ásirdiń sońǵı jıllarında bolǵan. *Kegeyli* dewiniń manisi onıń boyında qalıń kegey aǵashları ósken[2].

*Kókózek* – Taxtakópir hám Qaraózek rayonları shegarasınan aǵadı. Bul sózdiń grammatikalıq forması hám etimologiyalıq shıǵısı jaǵınan Qaraózekke bir qansha jaqınlıǵı bar. Bulardıń ekewi de jubaylas sóz tirkeslerinen quralıp

---

[1] Сейтниязов Қ.М. Топонимы северных районов правобережья Каракалпакии: Диссертация на соис. к. г. н. –Т.: 1998. С.106.
[2] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан, 1965. 24-б.

toponim jasaǵan. Sóytse de, Kókózektiń ózine ılayıq tariyxı belgili. Kaulbarstıń bildiriwine qaraǵanda 1873-jılı Kókózekte suw bolmaǵan. Sebebi, bul wakıtları Ámiwdárya batısqa kóshken. Bunnan ilgeri XVIII ásirdegi geypara tariyxıy miynetlerde Kókózek kóp eske alınadı[1]. *Kókózek* dep atalıwınıń sebebi, suwınıń kópshilik waqıtta kóp – kómpek bolıp aǵıwında. Izertlewimiz juwmaǵında joqarıdaǵı pikirlerimizdi bildirdik.

*Qamıslıjap* – bul jap Taxtakópir rayonı «Múlik» APJ aymaǵında Aqjay elatlı punktiniń arqa tárepinen aǵadı. «Múlik» APJ puqarası 69 jaslı nuranıy Asqarov Baxıtbaydıń aytıwınsha, bul suwǵarıw tarmaǵı jaǵası oǵada qamıslı, bárháma qamıs ósip turatuǵınlıǵınan usılay atalǵan[2]. Jumısımız juwmaǵında joqarıdaǵı pikirlerdi bildirip óttik.

*Qarasaqaljap* – Taxtakópir rayonı «Múlik» APJ aymaǵınıń arqa-batıs Qarasaqal awılına aǵatuǵın suwǵarıw tarmaǵı bolıp esaplanadı. *Qarasaqaljap* dep atalıwına, usı Qarasaqalawılı turǵınları qazǵanlıǵı sebep bolǵan.

*Qaratereń kóli* – Qaraqalpaq jeriniń arqa betinde, Qızılqumnıń arqa – batısında Terbenbes tawı degen bir biyik tóbe bar. Sol tóbeniń túserliginde Qaratereń dep atalǵan bir kól bar. Jergilikli eldiń adamları kóldiń suwı tereń, suwınıń reńi qara, sonlıqtan *Qaratereń* dep atalǵan desedi. Ǵarrılardıń aytıwınsha, bul kóldiń astı bir zamanlarda úlken bir qala bolǵan, suw alǵannan soń kól bolıp ketken. Qaratereń kóliniń suwı astında elege shekem sol qala bar eken desedi[3]. Jáne de, Qaratereń kóliniń ultanında qazaqtıń tabın urıwınan Altınbay degen awıl bolǵan, biraqta ol suw astında qalǵan degen de gápler bar[4].

*Qızılózek* – Mayjaptıń eski ańǵarı. Ol Kegeyliden aǵıp ayaǵı teńizge quyatuǵın bolǵan. *Qızılózek* dewiniń mánisi, bir dáwirde qıs kúnleri hám erte

---

[1] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан,1965. 27-б.
[2] Allanazarov K.J., Baltabayev O.O. The term of zhap and its role in prodicing toponyms (the research is based on the toponymy Takhtakopir District of the Republic of Karakalpakstan).//Science and Education in Karakalpakstan, 2019. №1 (9). 52-55 pp.
[3] Қарақалпақ фольклоры. Т. 77-87 / Бас редактор Н.Қ.Аимбетов. – Нөкис: Илим, 2014. 150-б.
[4] Райымбеков Н. Хатлар сөйлейди… «Қаратереӊ» дегенде қарақалпақтың тарийхы шығады. // Әмиўдәрья, 1992. № 4-5. 125-126 б.

báhárde mudamı qızıl suw aǵıp turǵan. (Qıs kúnleri hám erte báhárde muzlı yaǵnıy muz ústinen aqqan suwlardı qızıl suw dep ataydı)[1].

*Qońıratkól* – Taxtakópir rayonı aymaǵındaǵı APJ hám kól ataması. Bul aldınǵı Kendırli awıllıq shirketiniń házirgi ataması bolıp, bul atamanıń atalıwınıń sebebi, APJ aymaǵında jaylasqan úlken kól bar, usı kól jaǵasında qaraqalpaqtıń qońırat urıwına tiyisli bolǵan xalıq kópshilikti quraydı hám olar burınnan usı jerge qonıs basqan.

*Qoyshıkól* – bul kól házirgi Taxtakópir rayonı «Múlik» APJ aymaǵında jaylasqan, kóldıń *Qoyshıkól* dep atalıwınıń sebebi, kól átirapındaǵı jergilikli xalıqtıń qoy sharwashılıǵına qánigeleskenligi bolıp esaplanadı.

*Qudıyarkól* – kól jaǵasında bessarı urıwınan bolǵan Qudıyar degen adam jasaǵan. Ol kóldiń boyında dıyxanshılıq hám sharwashılıq penen shuǵıllanıp, baǵ jaratqan. Sonlıqtan, onıń atı kól átirapın gúllep-jasnatıwǵa qosqan úlesi sebepli kól atamasına tiykar bolǵan. Bul kól Taxtakópir rayonı «Taxtakópir» APJ aymaǵında jaylasqan.

*Quwandárya* – Sırdáryanıń tómengi jaǵınan saǵa alıp, Aralǵa quyǵan. Butakov 70 jastaǵi qirǵizdıń (qazaqtıń) biyi Maqtıbay menen sóyleskeninde, 1780–jıllarda Quwandáryasınıń suwı Sırdáryanıń suwına qaraǵanda kóp bolǵanlıǵın anıqlaǵan. Onıń aǵısı qattı bolǵanı sonshelli, hátte taslardı da jumalatqan. Maqtıbaydıń aytıwına qaraǵanda Quwandáryasi bul waqıtta sırdıń bas ańǵarı bolǵan. Jańadáryada suw onsha kóp bolmaǵan. Sonday–aq, L.Berg Úlkendárya (Ámiwdárya), Tallıq, Jańasuw, Qazaqdárya hám basqa da atamalar tuwralı da bir qansha maǵlıwmatlar beredı.

*Quwanıshjarma* kanalınıń etimologiyası. A.B.Kaulbarstıń «Ámiwdáryanıń tómengi boyı» degen kitabında qaraqalpaq jer – suw atlarınıń kóplegen tariyxıy dereklerin gezlestiriwge boladı[2]. A.B.Kaulbars 1873–jılǵı Xiywa poxodına

---

[1] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан,1965. 26-б.

[2] Каульбарс А.В. Низовья Аму-дарьи, описанные по собственным исследованиям в 1873 г. Записки РГО по отделу общей географии, кн. IX. 1881. С.276., Ғуломов Я.Ғ. Хоразмнинг суғорилиш тарихи. – Т.: Ўзфанакаднаш, 1959. 204-205 б.

qatnasqan rus genshtabınıń polkovnigi edı. Ol rus imperatorınıń geografiya jámiyetiniń tapsırması boyınsha Ámiwdáryanıń tómengi jaǵin izertlewdı óziniń aldına maqset etip qoyǵan edı. Polkovnik A.B.Kaulbars ruslardıń poxodınan keyin 1873–jıldıń avgust hám sentyabr aylarında keme menen Ámiwdáryanı boylap júzip, Quwanıshjarma arqalı qaraqalpaqtıń kóplegen eletlı punktlerin aralaydı. Ol Quwanıshjarmanıń ertedegi aǵısı tuwralı bılay, dep jazǵan: Quwanıshjarma burın Ámiwdáryanıń bir úlken salası bolǵan hám ol Kókózek dep atalǵan. Kókózek bul waqıtta Dáwqara kóline emes, onıń kún batarınan ótip, Jańasuwdıń házirgi ańǵarı arqali teńizge quyatuǵın edı. Xiywanıń xanı Annaqul xan (1825 – 1842) tusında Quwanısh degen qaraqalpaqqa Kókózekten Dáwqara kóline shekem kanal júrgiziwge ruxsat etedı. Quwanıshtıń basshılıǵı astında Kókózekten Dáwqaraǵa kanal jarılıp pútkil Dáwqara jeri suw menen toltırıladı. Quwanıshjarma kanalınıń dáslepki atamasınıń kelip shıǵıw sebebi Quwanıshtıń atına baylanıslı ekenligin kóremiz.

*Marjankól* – kól ataması joqarıdaǵı mısaldaǵı sıyaqlı obekttiń sırtqı kórinisine baylanıslı qoyılǵan bolıp, kól suwı marjanday tınıq bolǵanlıqtan *Marjankól* dep atalıp ketken. Bul kóldińde ataması qasındaǵı awıl atına kóshken. Bul kól hám awıl házirgi Taxtakópir rayonı «Jańadárya» APJ aymaǵında.

*Maqpalkól* – bulda rayon limnonimlerinen biri bolıp, kóldiń bulay atalıwınıń sebebi kól maqpalday tawlanıp kóz tartıp turǵanlıǵı sebepli *Maqpalkól* dep atalıp ketken. Demek, kól ataması suwdıń reń-túsine, obekttiń sırtqı kórinisine baylanıslı qoyılǵan. Kól ataması qasındaǵı awıl atına da kóshken[1]. Bul kól hám awıl házirgi Taxtakópir rayonı «Atakól» APJ aymaǵında jaylasqan.

*Mayjap* – bul suwǵarıw tarmaǵı házirgi Taxtakópir rayonı «Atakól» APJ aymaǵında aǵadı. Suwǵarıw tarmaǵınıń *Mayjap* atalıwına, 1979-jıl Mayjap

[1] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан,1965. 39-б.

shirketiniń adamları qazǵanlıǵı sebep bolǵan[1]. Shımbay rayonında da *Mayjap* dep atalǵan jap bar. Bul jap «Qızılózek», «Mayjap» elatlı punktleriniń shıǵıs tárepinen aǵıp ótedi.

*Múlikjap* – Taxtakópir rayonınıń «Múlik» APJ aymaǵın suw menen támiyinlewshi suwǵarıw tarmaǵı. «Múlik» APJ puqarası 69 jaslı nuranıy Asqarov Baxıtbaydıń aytıwına qaraǵanda, bul suwǵarıw tarmaǵın usı jerde jasawshı puqaralar qazǵanlıǵı sebepli, *Múlikjap* atamasın alǵan eken[2]. – degen, juwmaq bildirip óttik.

*Pishenkól* – Taxtakópir rayonı «Taxtakópir» APJ aymaǵında jaylasqan. Kóldiń usılay atalıwınıń sebebi, kól ataması fitotoponim bolıp, kól suwında qalıń qamıs óskenlikten «qamısı kóp kól» yamasa *Pishenkól* atalıp ketken[3]. Jumısımız juwmaǵında usı pikirdi bildirdik.

*Porxanózek* – Taxtakópir rayonı «Qaraoy» APJ aymaǵında jaylasqan tábiyiy ańǵar. Jergilikli xalıqtıń aytıwınsha ol qutırıp aqqanlıǵı sebepli usınday at alǵan. Porxan – xalıq arasında qutırıp, oynap adam emleytuǵın táwipke aytıladı[4]. Xalıq arasında joqarıdaǵıday pikirler bar.

*Saǵidullajap* – Taxtakópir rayonı «Qaraoy» APJ aymaǵında aǵatuǵın suwǵarıw tarmaǵı. Bul suwǵarıw tarmaǵınıń qazılıwında Saǵidulla degen adam basshılıq etken. Sol sebepli, usılay atalıp ketken.

*Sarıkól* – kóldiń *Sarıkól* dep atalıwınıń mánisi, onıń bir tárepi Qızılqum chóli menen japsarlas. Usıǵan baylanıslı kóldiń atı *Sarıkól* bolıp, qumnıń túsi

---

[1] Сейтниязов Қ.М. Топонимы северных районов правобережья Каракалпакии: Диссертация на соис. к. г. н. –Т.: 1998. С.115.

[2] Allanazarov K.J., Baltabayev O.O. The term of zhap and its role in prodicing toponyms (the research is based on the toponymy Takhtakopir District of the Republic of Karakalpakstan) // Science and Education in Karakalpakstan, 2019. № 1 (9). 52-55 pp.

[3] Allanazarov K., Urinbaeva F., Baltabayev Ó. Qaraqalpaqstanda kól termininiń toponim payda etiwdegi roli (Taxtakópir rayonı mısalında) // «География пәни ҳәм оны оқытыўдың актуаль мәселелери» атамасындағы Республикалық илимий-теориялық конференциясы. – Нөкис, 2018. 5-7 б.

[4] Алланазаров К.Ж., Балтабаев Ө.Ө. Өзек термини ҳәм оның топоним пайда етиўдеги орны (Қарақалпақстан Республикасы Тахтакөпир районы мысалында) // «Бутун жаҳон атроф-муҳит муҳофазаси куни»га бағишланган «Жанубий Оролбўйи табиий ресурсларини оқилона фойдаланиш» номидаги VII республика илмий-амалий конференцияси. – Нукус, 2018. 128-130 б.

menen atalǵan bolsa itimal[1]. Bunday at penen atalǵan kóller tek Taxtakópir rayonı aymaǵında emes, elimizdiń kópshilik aymaqlarında bar.

*Taltayjap* – Taxtakópir rayonı «Qaraoy» APJ orayın suw menen támiyinlewshi suwǵarıw tarmaǵı. Ibrayımózekten bólinedi. Al atamasına keletuǵın bolsaq, bul suwǵarıw tarmaǵı júdá keń etip qazılǵan.

*Temirxanjap* – Taxtakópir rayonı «Qaratereń» APJ aymaǵında aǵatuǵın suwǵarıw tarmaǵı bolıp esaplanadı. Jergilikli puqaralardıń aytıwına qaraǵanda, qıpshaq urıwınan bolǵan Temirxan bolıstıń atına qoyılǵan. Sebebi, bul suwǵarıw tarmaǵınıń qazılıwında Temirxan bolıstıń ózi basshılıq etken.

*Tımpıyjap* – Taxtakópir rayonı «Qaratereń» APJ aymaǵında Qaramoyınawıldıń batıs tárepinen aǵıwshı suwǵarıw tarmaǵı. Kaulbarstıń miynetinde Qaratereń kóliniń batıs bólimi Tımpıyayaǵı[2] dep atalıwın kóriwimizge boladı.

*Tınıqkól* - kól ataması bolıp, *Tınıqkól* dep atalıwınıń sebebi, suwı júdá tınıq bolǵanlıǵınan kóldi *Tınıqkól* dep ataǵan degen pikirler bar. Bul kól Taxtakópir rayonı «Qaraoy» APJ aymaǵında jaylasqan.

*Toqımbetjap* – bul suwǵarıw tarmaǵı Taxtakópir rayonı «Múlik» APJ aymaǵındaǵı Jalańashqumnıń qasınan aǵadı. *Toqımbetjap* atalıwınıń sebebi, urıwı sháwjeliden bolǵan Toqımbet degen brigada baslıǵı bolǵan, ol usı suwǵarıw tarmaǵınıń qazılıwında basshılıq etken eken.

*Uzınkól* – kól ataması rayon aymaǵındaǵı forması boyınsha atalǵan birden-bir kól desek qatelespeymiz, sebebi, kól uzınına sozılǵanlıǵı ushın *Uzınkól* atalǵan. Kól Taxtakópir rayonı «Qaraoy» APJ aymaǵında jaylasqan.

---

[1] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан, 1965. 49-б.

[2] Каульбарс А.В. Низовья Аму-Дарьи, описанные по собственным исследованиям в 1873 г. Записки РГО по отделу общей географии, кн. IX. 1881. С.129.

## III.3. Oykonimler

Toponimler túrli ásirler jemisi bolıp, uzaq dáwirler jasaydı. Geografiyalıq atamalar túrli dáwirler gúwası. Geografiyalıq atamalarǵa qarap ótmishte qanday xalıqlar jasaǵanlıǵın, túrli millet xalıqlarınıń ózara baylanısların, olardıń bir orınnan ekinshi orınǵa kóship júriwin bilip alıwǵa boladı.

Oykonimler toponimiyanıń eń ózgeriwsheń tarmaǵı bolıp esaplanadı. Úlke tábiyatınıń ózgeshelikleri, jámiyet ómirinde ásirler dawamında júz bergen tariyxıy, ekonomikalıq hám social hádiyseler, xalıqtıń kásip-óner atamaları, xalıq jasaw punktin birinshi bolıp ózlestirgen yamasa tiykar salǵan adamnıń atı, onday qanday qáwim wákilleri jasaǵanlıǵı yamasa jasap atırǵanlıǵına qarap urıw-qáwim atamaları – etnonim qala-awıl atamalarında óz kórinisin tabadı[1].

Respublikamız aymaǵında oykonimlerdiń eń kóp tarqalǵan túri bul – *etnotoponimler (etnooykonimler)* bolıp tabıladı.

Qaraqalpaqstan etnotoponimleriniń tiykarǵı hám baslı bólegin qaraqalpaq urıwlarına tán bolǵan atamalar quraydı. Olar Qaraqalpaqstannıń arqa rayonlarında júdá kóplep ushırasadı[2]. Kartografiyalıq maǵlıwmatlardan Taxtakópir, Qaraózek hám Shımbay rayonları aymaǵında barlıǵı bolıp 283 elatlı puntkler bar ekenligi anıqlandı hám tómende olardıń ayırımlarına sıpatlama berip ótpekshmiz.

*Abatawıl* – Taxtakópir rayonı «Qońıratkól» APJ aymaǵında jaylasqan awıl ataması. *Abatawıl* dep atalıwınıń sebebi, usı jerde jasawshı jası úlkenlerdiń pikirlerine qaraǵanda, xalıq abat turmıs keshiriwi hám abadanshılıq bolsın degen niyette qoyılǵan. Házirgi waqıtta bul awılda 576 adam jasaydı. Usı attaǵı awıl Shımbay rayonı «Tazǵara» APJ aymaǵında da bar.

---

[1] Qorayev S. Toponimika. – T.: O'zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 51-b.

[2] Туреева Г., Урынбаева Ф., Каримуллаев И. Қарақалпақстан этнотопонимлериниң қәлиплесиў өзгешеликлери // «Рациональное использование природных ресурсов южного приаралья». Материалы республиканской научно – практической конференции. – Нукус, 2013. 73-б.

*Alǵabas* – Qaraózek rayonınıń batıs tárepinde Shımbay menen shegaralas orında jaylasqan APJ. *Alǵabas* bul ideyalogiyalıq atama bolıp, alǵa órleybersin, jaqsı rawajlanıwlar bolabersin degen niyette qoyılǵan.

*Annaawıl* – bul atama menen atalǵan awıllar házirgi waqıtta Taxtakópir rayonınıń «Qaratereń» APJ, Shımbay rayonınıń «Baxıtlı», «Taǵjap», «Tazajol» APJ aymaqlarında bar. *Annaawıl* atalıwınıń sebebi,bul awıl aymaǵında qaraqalpaqtıń anna urıwına tiyisli bolǵan xalıq kópshilikti quraydı hám olar ázelden usı aymaqqa qonıs basqan[1].

*Aqmańǵıtawıl* – aqmańǵıt urıwı menen baylanıslı atalǵan awıl ataması Shımbay rayonınıń «Baxıtlı», «Keńes», «Tazǵara», «Taǵjap» APJ aymaqlarında bar.

*Aralbayawıl* – aralbay urıwı menen baylanıslı atalǵan awıl ataması Shımbay rayonınıń «Baxıtlı», «Keńes» APJ aymaǵında bar.

*Arshanawıl* – arshan urıwı menen baylanıslı atalǵan awıl ataması Shımbay rayonınıń «Baxıtlı» APJ aymaǵında bar.

*Atakól awılı* – ráwiyatlarǵa qaraǵanda, bul aymaqta Ánnet ata degen mańǵıt urıwınan shıqqan sawatlı, jası úlken adam bolǵan, bul adam kól jaǵasında jasaǵan eken, soń bul kól Atanıń kóli, *Atakól* dep atalatuǵın bolǵan. Házirgi waqıtta «Atakól» atamasındaǵı APJ, kól hám awıl bar. Bul awılda 269 adam jasaydı.

*Aydosqala* – qaraqalpaq xalqınıń mańǵıt... 

1810-jılı Muhammed Rahim xan Aydos biyge Kókózektiń Aqjaǵıs degen ótkeline jaqın jerden qorǵan salıwǵa ruqsat beredi. Bul qorǵandı *Aydosqala* dep

---

[1] Allanazarov K., Baltabayev Ó. Taxtakópir rayonı etnotoponimleri (Elatlı punktler mısalında).// Магистрантлардың илимий мийнетлериниң топламы. – Нөкис, 2018. 43-46 б.

ataydı[1]. Aydosqalaǵa jaqın jerde Qaraoy hám Lesxoz awılları bar. Bul aymaqta házirgi waqıtta 1075 adam jasaydı.

*Ádilawıl* – Taxtakópir rayonı «Atakól» APJ aymaǵında jaylasqan awıl ataması. Jergilikli xalıqtıń awzındaǵı ańız-áńgimelerge qaraǵanda, bul jer Ádil degen jası úlkenniń atına qoyılǵan. Ol bul jerge óziniń jaqınların jıynap hámmesi bir awılda jasaǵan. Waqıttıń ótiwi menen bul awıl *Ádilawıl* dep atalıp ketken. Bul awılda házirgi waqıtta 189 adam jasaydı.

*Baxıtlı* – Shımbay rayonınıń arqa-batıs bóliminde, Shımbay qalasınan 14 km qashıqlıqta jaylasqan APJ ataması. Baxıtlı bul ideyalogiyalıq atama bolıp, el baxıtlı, qurǵın jasasın degen niyette qoyılǵan.

*Beskempir awılı* – beskempir urıwı menen baylanıslı atalǵan awıl ataması Shımbay rayonınıń «Qosterek» APJ, Qaraózek rayonınıń «Alǵabas» APJ aymaqlarında bar.

*Bessarıawıl* – bul atama menen atalǵan awıllar Taxtakópir rayonınıń «Qaraoy» hám «Atakól» APJ, Shımbay rayonınıń «Keńes», «Tazǵara» APJ hám Qaraózek rayonınıń «Qarshıǵalı» APJ aymaqlarında bar. Awıllardıń bulay atalıwınıń sebebi, bul awıllar aymaǵında qaraqalpaqtıń bessarı urıwınan bolǵan xalıq kópshilikti quraydı hám olar ázelden usı awılǵa qonıs basqan[2].

*Dáwqaraawıl* – Taxtakópir rayonı «Qarapereń» APJ aymaǵında jaylasqan awıl. Taxtakópir rayonı aymaǵı burın «Dáwqara jerleri» dep atalǵan úlken elatlıq bolǵan. Ilimiy ádebiyatlarda bul jerde Dáwqara kóli, birde Dáwqara oypatı túrinde ushırasıp otıradı. Óytkeni, bul jerlerde suw tasqını qubılısı jiyi-jiyi ushırasatuǵın bolǵan. Soǵan baylanıslı birde qurǵaqlıq, birde kól astı bolıp turǵan. Dáwqara adam atı: Ya.G.Gulyamovta Tawqara bolıp ta gezlesedi, anıǵında Dáwqara bolıwı kerek. Xalıq awzındaǵı ańız sózlerde Dáwqara Shımbaydıń balası degendi aytadı. Bul tuwralı minaday ańız sózler saqlanıp

---

[1] Камалов С. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетлигиниң тарийхынан. – Нөкис: ӨзР ИА ҚҚБ «Хабаршысы» журналы, 2001. 27-б; Алланазаров К.Ж. Балтабаев О.О. Үлкемиздиң тарийхый объект атамалары // ҚМУ Хабаршысы, 2019. № 1 (42). 22-24 б.

[2] Пахратдинов Қ., Бекниязов Қ. Қарақалпақстан топонимлериниң қурылысы // Илим ҳәм жәмийет, 2010. № 1-2. 70-б.

qelgen. «Shımbay asıp-tasqan bay bolıp, malların sıydıra almay úlken balası Dáwqaranı otawǵa jaylawǵa shıǵaradı eken. Dáwqaranıń da sonıń ala baylıǵı artıp, el-jurtqa dańqı shıqqan bay bolǵan» desedi[1]. Házirgi waqıtta bul aymaqta 1811 adam jasaydı.

*Diyqanawıl* – Taxtakópir rayonı «Qaratereń» APJ aymaǵında. Awıl atı diyqanshılıq tarawına baylanıslı penen kelip shıqqanlıǵı hesh kimge de gúman tuwdırmasa kerek. Házirgi waqıtta bul awılda 175 adam jasaydı[2].

*Írǵaqlıawıl* – bul házirgi Taxtakópir rayonı «Qaraoy» APJ hám Qaraózek rayonı «Akademik Sabır Kamalov» APJ aymaǵındaǵı awıllar ataması bolıp, bulay atalıwınıń sebebi, usı awıllar aymaǵında qaraqalpaqtıń ırǵaqlı urıwına tiyisli bolǵan xalıq ázelden bul aymaqqa qonıs basqan hám olar házirgi waqıtta da kópshilikti quraydı.

*Kepeawıl* – bunday atama menen atalǵan awıllar Taxtakópir rayonınıń «Atakól», Shımbay rayonınıń «Tazǵara», Qaraózek rayonınıń «Qarshıǵalı» APJ aymaqlarında bar bolıp, bul awıllardıń *Kepeawıl* dep atalıwınıń sebebi, bul jerde qaraqalpaqtıń Kepe urıwınıń adamları kópshilikti quraydı, sol sebepli, *Kepeawıl* dep atalǵan.

*Qazaqawıl* – bunday atama menen atalǵan awıllar Taxtakópir rayonınıń «Taxtakópir», Shımbay rayonınıń «Tazǵara», «Qızılózek», Qaraózek rayonınıń «Akademik Sabır Kamalov», «Qarshıǵalı» APJ aymaqlarında bar. Bul awıllar aymaǵında tiykarınan qazaq milletiniń wákilleri qonıs basqan hám kópshilikti quraydı.

*Qazayaqlıawıl* – qazayaqlı urıwı menen baylanıslı atalǵan awıl ataması Shımbay rayonınıń «Qosterek» APJ, Qaraózek rayonı «Alǵabas», «Qarshıǵalı», «Qarabuǵa» APJ aymaqlarında bar.

---

[1] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан, 1965. 47-48 б.

[2]Балтабаев Ө.Ө. Ойконимиялық терминлер ҳәм олардың топоним пайда етиўдеги орны (Тахтакөпир районы мысалында) // «Орол минтақаси ва қўшни ҳудудларда комплекс географик тадқиқотларнинг муаммо ва истиқболлари» номидаги Халқаро илмий-амалий конференцияси. – Нөкис, 2018. 133-135 б.

*Qańlıawıl* – bul atama menen atalǵan awıllar Taxtakópir rayonınıń «Qaraoy», Shımbay rayonınıń «Keńes», «Tazǵara» APJ aymaqlarında bar. Awıllardıń bulay atalıwınıń sebebi, usı awıllar aymaǵında qaraqalpaqtıń qańlı urıwına tiyisli bolǵan xalıq ázelden bul aymaqqa qonıs basqan hám olar házirgi waqıtta da kópshilikti quraydı.

*Qaraoy elatı* – házirgi APJ atı. «Qaraoy» atalıwınıń sebebin, Hikmetulla Ayımbetov óziniń «Taxtakópir ullı dárbent ústinde» atlı miynetinde, Qaraoydı alıstan túnerip qap–qara duman sıyaqlı bolıp kórinetuǵın terekzarlıqları menen toǵayları usı Qaraoy atamasın alıwǵa sebepshi boldı dep jazadı[1]. Haqıyqattan da bul aymaqta terekler hám toǵaylar júdá kóp. Házirgi bul elatta 2528 adam jasaydı.

*Qaraózek* – rayon atamsı. *Qaraózek* Zayırdıń tusında SHılımkól menen Taqırkóldi baylanıstırıwshı bir ańǵar bolıp, onıń suwı birdeyine aqpay, tınıp turatuǵın bolǵan. 1928-jılı Zayırda Qaraózek rayonı bolıp dúziledi. 1932-jılı ol jerdi suw alǵannan soń Shaxamanǵa kóshiriledi. 1945-jılı SHaxamandı da suw aladı, bunnan keyin Qaraózek rayonı házirgi orınǵa kóshiriledi[2].

*Qarasaqalawıl* – bul házirgi Taxtakópir rayonı «Múlik» APJ aymaǵında bolıp, Qarasaqal atalıwınıń sebebi bul aymaqta tiykarinan qazaqtıń qarasaqal urıwına tiyisli xalıq jasaydı sol sebepli usılay ataladı. Qazaqta kishi júz úlken 3 toparǵa bólinedı sonıń ishinde álim atalıǵına tiyisli 6 urıw bar sonıń biri qarasaqal. Qarasaqal atalıwı iri aybatli qalıń qara saqallı batır adam bolǵan[3].

*Qaramoyınawıl* – bul atama menen atalǵan awıllar Taxtakópir rayonı aymaǵında ekew hám Qaraózek rayonı aymaǵında úshew. Olar Taxtakópir rayonınıń «Taxtakópir», «Qaratereń» hám Qaraózek rayonınıń «Qarshıǵalı», «Mádeniyat» hám «Qaraózek» APJ aymaqlarında jaylasqan. Bul awıllardıń

---

[1] Айымбетов Ҳ. Тахтакөпир уллы дәрбент үстинде. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2007. 114-б.
[2] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан,1965. 26-б.
[3] Allanazarov K., Baltabayev Ó. Taxtakópir rayonı etnotoponimleri (Elatlı punktler mısalında).// Магистрантлардың илимий мийнетлериниң топламы. – Нөкис, 2018. 43-46 б.

usılay atalıwınıń sebebi, bul aymaqta qaraqalpaqtıń qaramoyın urıwına tiyisli bolǵan xalıq kópshilikti quraydı hám olar ázelden usı orınǵa qonıs basqan.

*Qıpshaq* – etnonimi kóplep túrkiy xalıqlar arasında tarqalǵan. Qaraqalpaqstanda 15 ge jaqın awıl usı atamada ataladı[1]. Maxmud Qoshǵariydiń «Devanu Luǵatit túrk» («Túrk sózler jıynaǵı») dep atalǵan kitabında Qıpshaq sóziniń túsinigin jazǵan, onda bılay delingen: «Burıńǵı dáwirde sháhárde ájayıp bir haywan saqlanǵan eken. Ol haywannıń ózi iri hám shaqı uzın bolǵan. Usı haywannıń hádiysesi menen sol sháhárdıń atı Qıpshaq bolıp atalsa kerek»[2]. XI-XII ásirlerde Aral teńizi jaǵalawlarında, Sırdárya hám Jayıq dalalarında Qıpshaqlar dep atalǵan qáwimler birlespesi jasaǵan. Olar sol waqıtta «Deshti qıpshaq» dep atalǵan belgili aymaqtı iyelegen. Házirgi qaraqalpaqlar, qazaqlar, noǵaylar, azlap ózbekler, bashqirlar hám tatarlar sol waqıttaǵı Qıpshaq qáwimine birikken ulıwma xalıq bolǵan.

Házirgi Qıpshaq urıwları da sol urıw tiykarında payda bolǵan Qıpshaq qalası, Qıpshaq dáryası dep atalǵan atamalardıń túpkilikli negizi áyyemgi qıpshaqlar menen baylanıslı bolsa kerek[3]. Házirgi waqıtta qıpshaq ataması menen atalǵan awıllar Taxtakópir rayonınıń «Qaraoy», Shımbay rayonınıń «Keńes», «Tazǵara», Qaraózek rayonınıń «Akademik Sabır Kamalov», «Alǵabas», «Mádeniyat» APJ aymaqlarında bar.

*Qońıratkól* – Taxtakópir rayonı aymaǵındaǵı APJ hám kól ataması. *Qońıratkól* aldıńǵı Kendirli awıl keńesiniń házirgi ataması bolıp, bul atamanıń atalıwınıń sebebi, APJ aymaǵında jaylasqan úlken kól bar, usı kól jaǵasında qaraqalpaqtıń qońırat urıwına tiyisli bolǵan xalıq kópshilikti quraydı hám olar ázelden usı jerge qonıs basqan[4].

---

[1]Qorayev S. Toponimika. – T.: O'zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. 153-b.
[2] Маҳмуд Қошғарий. Туркий сўзлар девони (Девону луғотит турк). I том. – Т.: Ўзфанакаднаш, 1960. 496-б.
[3] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан,1965. 36-б.
[4]Allanazarov K., Baltabayev Ó. Taxtakópir rayonı etnotoponimleri (Elatlı punktler mısalında) // Магистрантлардың илимий мийнетлериниң топламы. – Нөкис, 2018. 43-46 б.

*Qurbanawıl* – qurban urıwı menen baylanıslı atalǵan awıl ataması Shımbay rayonınıń «Keńes», «Qızılózek» APJ, Qaraózek rayonınıń «Qarshıǵalı» APJ aymaqlarında bar.

*Múytenawıl* – bul atama menen atalǵan awıllar Taxtakópir rayonı aymaǵında ekew. Olar «Qaraoy» APJ hám «Qarattereń» APJ aymaǵında jaylasqan. Awıllardıń bulay atalıwınıń sebebi, usı awıllar aymaǵında qaraqalpaqtıń múyten urıwına tiyisli bolǵan xalıq ázelden bul aymaqqa qonıs basqan hám olar házirgi waqıtta da kópshilikti quraydı.

*Tazǵara* – Shımbay rayonı aymaǵındaǵı APJ hám eski japtıń ataması. Xalıqtan jıynalǵan hám ayırım dereklerge qaraǵanda Shımbaydıń balası *Tazǵaranıń* atına qoyılǵan[1]. «Tazǵara» APJ Shımbay qalasınıń qubla-shıǵıs tárepinde, qaladan 3 km uzaqlıqta jaylasqan.

*Taxtakópir* – Quwanıshjarma kanalınıń dawamı Bosayda 1916-jıldıń jazında Házirgi Atakól APJ aymaǵındaǵı Ádilawılda jasawshı bessarı Qálimbet bay degen Shımbaydan ustalar aldırıp, óziniń qárejetleri esabınan taqtaydan kópir saldırǵan. Bul kópir dáryanıń eki jaǵasına qonıs basqan elldiń barıs-kelisin jeńillestirgen, sonıń menen birge óz dáwirindegi eń úlken qurılıs sanalǵan[2].

*Shómishliawıl* – bul qaraqalpaqtıń shómishli urıwı atına qoyılǵan bolıp, usı shómishli urıwınıń adamları mákán basqan kópshilikti quraytuǵın bolǵanlıǵı sebepli, usılay atalǵan. *Shómishliawıl* Taxtakópir rayonı «Atakól» APJ aymaǵında.

*Shómekeyawıl* – bul awıl házirgi Taxtakópir rayonı «Múlik» APJ aymaǵındaǵi kishkene awıl bolıp, bulay atalıwınıń sebebi, awıl aymaǵında tiykarinan shómekey urıwına tiyisli xalıq kópshilikti quraydı, sol sebepli, *Shómekeyawıl* dep atalǵan.

*Shúyitawıl* – shúyit urıwı menen baylanıslı atalǵan awıl ataması Shımbay rayonınıń «Baxıtlı» hám «Qızılózek» APJ aymaǵında bar.

[1] Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан,1965. 26-б.
[2]Султанов М. Тарийх – өткен күнлер жыйнағы. // Тахтакөпир таңы. 2018. 26-апрель. № 12 (5957).

*Shımbay qalası* – Shımbay rayonınıń administrativlik orayı. Shımbay qalasınıń ornında burınları qalıń toǵaylıqlar bolıp, ol jerde jıńǵıl, qamıs, jantaq usaǵan jabayı shópler qaplap jatqan. Sol jerde qaraqalpaq awıllarınıń birinen Shınıbay degen jigit talap izlep shıǵıptı. Ol usı qalıń toǵaylıqta ózine imarat tiklep, diyxanshılıq penen shuǵıllanadı. Jerlerdi ashıp, edin egip, mol ónim jıynap aladı. Ónimdar topıraqlardan jıynaǵan ónimlerin satıp tirishilik etken. Bunı kórgen adamlar bul jerge kóplep kele baslaǵan. Sonıń menen bul jer úlkeyip, qalaǵa aylanǵan. Adamlar ózleriniń ónimlerin satıp, ózlerine kerekli zatların alıp, jaqsı kún keshirgen. Shınıbay xalıqqa janı ashıp, xalıqtıń sózin sóylegen. Usı adamnıń atına baylanıslı bul jer *Shımbay* dep atalǵan[1].

*Xojametawıl* – Taxtakópir rayonı «Atakól» APJ aymaǵında jaylasqan awıl. Tariyxta kópshilikke belgili bolǵan Xojamet degen bolıs bolǵan. Bul awıl ataması usı Xojamet atı menen baylanıslı payda bolǵan[2]. Bul awılda házirgi waqıtta 216 adam jasaydı.

---

[1] Қарақалпақ фольклоры. Т. 77-87 / Бас редактор Н.Қ.Аимбетов. – Нөкис: Илим, 2014. 114-б., Қунназаров Қ. Бес қала. Теңиздиң әтирапы елим. (Қысқаша тарийхый дереклер ҳәм аңыз әпсаналар). – Нөкис: Билим, 2010. 17-26 б.

[2] Сейтниязов К.М. Топонимы северных районов правобережья Каракалпакии: Диссертация на соис. канд. геогр.наук. – Т.: 1998. С.124.

# JUWMAQLAW

Qaraqalpaqstan Respublikası aymaǵı tábiyǵıy sharayatı, xalqınıń etnikalıq quramı, xojalıq júrgiziw xarakteri boyınsha hár qıylı bolıwı geografiyalıq atamalarda da óziniń ayqın kórinisin tapqan.

Álbette, respublikanıń geografiyalıq atamalar hám terminleri júdá quramalı bolıp keliwi onı tereń izertlewdi talap etedi. Respublikanıń Taxtakópir, Qaraózek hám Shımbay rayonları geografiyalıq jaylasqan ornı boyınsha ózine tán ózgeshelikke iye. Bunıń tiykarǵı sebebi, onıń úsh tábiyǵıy komplekstiń kontakt zonasında jaylasıwı, kópshilik bólimin shólistanlıq quraǵanlıǵı rayonlar toponimikasında ayqın sáwlelenedi.

Biziń elimiz óz ǵárezsizligine erisiwi hám tilimizdiń mámleketlik statusqa iye bolıwı, siyasiy-ekonomikalıq ózgerisler geografiyalıq atamalar hám terminlerdiń óz ana tilimizde jazılıwına imkaniyat berdi. Biraq, olardı durıs jazıw hám tártiplestiriw máselesinde elede kemshilikler bar ekenligi kózge taslanadı. Qaraqalpaqstan geografiyasınıń terminologiyasın jetilistiriw búgingi kúnniń tiykarǵı wazıypalarınan biri, sebebi, geografiyalıq terminler qaraqalpaq tilinde hár qıylı maǵanada paydalanıp kelmekte.

Bul baǵdarda 2011-jıl 12-oktyabrdegi Ózbekstan Respublikasınıń «Geografiyalıq obyektlerdiń atamaları haqqında»ǵı hámde 2013-jıl 28-dekabrdegi Qaraqalpaqstan Respublikasınıń «Geografiyalıq obyektlerdiń atamaları haqqında»ǵı Nızamları úlken áhmiyetli baǵdarlawshı tiykar boldı. Bul Nızamlar tiykarında rayonlardaǵı geografiyalıq atamalar qayta kórip shıǵıldı.

Usı kóz-qarastan men óz aldıma qoyǵan maqset hám wazıypalardan kelip shıqqan halda tómendegi mashqalalardı sheshiwge úles qosıwǵa háreket ettim:

- geografiyalıq atamalardıń hám jergilikli geografiyalıq terminlerdiń kelip shıǵıw nızamlıqları úyrenidi;

- geografiyalıq termin túsinigine jergilikli hám dúnya júzi toponimist ilimpazları kóz-qaraslarınan kelip shıqqan halda ilimiy anıqlama berildi;

- jergilikli geografiyalıq terminlerdiń izertleniw usılları hám principlerine keń túrde toqtaldı hám analiz jasaldı;

- jergilikli geografiyalıq terminlerdiń toponim payda etiwdegi roli úyrenildi hám regionǵa tán ózgeshelikleri anıqlandı;

- regionnıń geografiyalıq terminologiyasınıń mashqalaları kórip shıǵıldı hám jergilikli geografiyalıq terminler klassifikaciyalandı;

- regionnıń jergilikli geografiyalıq terminlerine sıpatlama berildi;

-region aymaǵındaǵı ayırım toponimlerge sıpatlama berip ótildi.

Kartografiyalıq hám topografiyalıq materiallardan bul aymaqta 143 oronimikalıq obyekt bar ekenligi anıqlandı hám bulardıń ishinde 74 oronimikalıq obyekt Taxtakópir rayonına, 29 oronimikalıq obyekt Qaraózek rayonına hám qalǵan 40 oronimikalıq obyekt bolsa Shımbay rayonları aymaǵınan anıqlandı.

Kartografiyalıq hám topografiyalıq materiallardan bul aymaqta 319 gidronimikalıq obyekt bar ekenligi anıqlandı hám bulardıń ishinde eń kóp gidronimikalıq obyekt 210 Taxtakópir rayonına, 60 gidronimkalıq obyekt Qaraózek rayonına hám qalǵan 49 gidronimikalıq obyekt bolsa, Shımbay rayonları aymaǵınan anıqlanǵanlıǵın kóriwimizge boladı.

Kartografiyalıq hám topografiyalıq materiallardan bul aymaqta jámi bolıp, 283 elatlı punktler bar ekenligi anıqlandı hám bulardıń ishinde eń az xalıq jasaw orınları Taxtakópir rayonına 42 elatlı punkt, Qaraózek rayonında 106 elatlı punkt hám Shımbay rayonında eń kóp 135 elatlı punkt bar ekenligi anıqlandı.

Taxtakópir rayonı aymaǵı úlken hám kópshilik bólimin Qızılqum shóli iyelep jatırǵanlıǵınan bul rayonda oronimikalıq hám gidronimikalıq obyektlerdiń kóp ekenligin kóriwimizge boladı. Bul obyektlerdi analizep kórsek, oronimikalıq obyekttiń kópshiligin qumlıqlar, gidronimikalıq obyekttiń kópshiligin qudıqlar ekenligin kóriwimizge boladı. Jáne de, bul obyekt

atamalarınıń kópshilik bólimin antropotoponim (adam atlarına baylanıslı)ler quraǵanlıǵında aytıp ótiw lazım.

Shımbay rayonı aymaǵı tiykarınan xalıq erte dáwirlerden qonıs basqan Ámiwdáryanıń deltalıq bólimi bolıp, bul rayon aymaǵında eń kóp elatlı punktler (135 elatlı punkt) bar ekenligi anıqlandı. Jáne de, bul elatlı punktlerdiń atamalarınıń basım kópshiligi qaraqalpaq urıw atamaları (etnotoponimler) quraytuǵınlıǵın aytıp ótiw kerek. Bunnan urıw atamaları elimizde tariyxıy qálipleskenligin kóriwimizge boladı.

Regionnıń geografiyalıq atamaların hám terminlerin úyreniwde burınǵı usı baǵdarda islengen ilimiy ádebiyatlarǵa analiz jasaǵan halda jergilikli geografiyalıq terminologiyaǵa baylanıslı máselelerdi sheshiwge óz úlesimdi qosıwǵa háreket qıldım. Degen menen, bul aymaqtaǵı toponimlerdiń barlıǵınıń etimologiyasın anıqlaw, olardıń qayasi tilge tiyisliligi, durıs jazılıwı barısında elede ilimiy izertlewler dawam etiliwi kerek dep oylayman. Jáne de, keleshekte elimizdiń elektron kartaların jaratıw aldımızda turǵan eń aktual máseleler qatarına kiredi. Onıń ushın dala ámeliyatları, hár bir rayon kóleminde ilimiy ekspediciyalar shólkemlestiriw zárúr. Sonıń menen birge, Qaraqalpaqstan Respublikası toponimleri sózliklerin hámde jergilikli geografiyalıq terminler túsindirme sózliklerin jaratıw keleshekte bul tarawda elede kóp jumıslar isleniwi kerekliginen derek beredi.

# PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR


## I. Basshı ádebiyatlar

1. Мирзиёев Ш.М. Буюк келажагимизни мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз. – Т.: Ўзбекистон, 2017. – 488 б.
2. Мирзиёев Ш.М. Миллий тараққиёт йўлимизни қатъият билан давом эттириб, янги босқичга кўтарамиз. 1-жилд. – Т.: Ўзбекистон, 2017. – 592 б.
3. Мирзиёев Ш.М. Халқимизнинг розилиги бизнинг фаолиятимизга берилган энг олий баҳодир. 2-жилд. – Т.: Ўзбекистон, 2018. – 508 б.
4. Каримов И.А. Юксак маънавият енгилмас куч. – Т.: Маънавият, 2008. – 176 б.

## II. Normativ–huqıqıy hújjetler

1. Ўзбекистон Республикасининг Конституцияси. – Т.: Ўзбекистон, 2018.
2. Қарақалпақстан Республикасының Конституциясы. – Нөкис: 1993.
3. Ўзбекистон Республикасининг «Таълим тўғрисида»ги Қонуни. – Т.: 1997.
4. Ўзбекистон Республикаси «Кадрлар тайёрлаш миллий дастури». – Т.: 1997.
5. Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2017 йил 7 февралдаги «Ўзбекистон Республикасини янада ривожлантириш бўйича Харакатлар стратегияси тўғрисида»ги ПФ-4947 – сонли Фармони.
6. Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 36-сонли Қарори билан 2015 йил 2 мартда тасдиқланган «Магистратура тўғрисида»ги Қонуни. – Т.: 2015.
7. Ўзбекистон Республикасиинг «Географик объектларнинг номлари тўғрисида» Қонуни. 2011 йил 12 октябрь. № ЎРҚ – 303 (*Халқ сўзи газетасининг 2011 йил 13 октябрдаги № 198 (5365) сони*).

8. «Географик объектларнинг номлари тўғрисида»ги Ўзбекистон Республикаси Қонунига мувофиқ географик объектларнинг номлари соҳасидаги ишларни тартибга солиш чора-тадбирлари ҳақида Ўзбекистон Республикаси Вазирлар Маҳкамасининг 2012 йил 16 октябрдаги 295 сонли Қарори. – Т.: 2012.
9. Қарақалпақстан Республикасының «Географиялық объектлердиң атамалары ҳаққында»ғы Нызамы. 28-декабрь 2013-жыл. (*Еркин Қарақалпақстан газетасының 18-январь 2014-жыл № 8 (19470) саны*).
10. Инструкция по русской передаче географических названий Каракалпакской АССР. – М.: Наука, 1976. – 27 с.
11. Ўзбекистон Республикаси географик номларининг ўзбек тилида ёзилиши асосий қоидалари. – Т.: Ўзгеодезкадастр, 2001.
12. Қорақалпоғистон Республикаси паспорти. – Нукус: 2019.

## III. Arnawlı ádebiyatlar

1. Айымбетов Ҳ. Тахтакөпир уллы дәрбент үстинде. – Нөкис: Қарақалпақстан, 2007. – 208 б.
2. Әбдимуратов Қ. Неге усылай аталған? – Нөкис: Қарақалпақстан, 1965. – 80 б.
3. Әбдирахманов А. Қазақстан этнотопонимикасы. – Алматы: Ғылым, 1979. – 127 б.
4. Әбдıрахманов А. Топонимика және этимология. – Алматы: Ғылым, 1975. – 208 б.
5. Әхмәтьянов Р.Г. Татар теленең кыскача тарихи – этимологик сүзлеге. – Казан: Тат.кит.нәшр, 2001. – 272 б.
6. Баллиева Р. Этнокультурные особенности природопользования народов Приаралья (в конце XIX – начале XX века): Монография. М.: Компания Спутник+, 2003. – 86 с.

7. Бартольд В.В. Сочинения, т. II ч.2. – М.: Наука, 1964. – 657 с.; т. V. – М.: Наука, 1968. – 759 с.
8. Бегалиев Н. Самарқанд вилояти гидронимлари (лисоний таҳлил): Филол.фан.номзод… дисс. – Самарқанд, 1993. – 144 б.
9. Бердимуратов Е. Қарақалпақ терминологиясы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. – 64 б.
10. Географический энциклопедический словарь. Понятия и термины. // Гл. ред. Трёшников А.Ф. – М.: Сов. энциклопедия, 1988. – 432 с.
11. Ғуломов П.Н. Мактаб жўғрофия атамалари ва тушунчалари изоҳли луғати. – Т.: Ўқитувчи, 1994. – 144 б.
12. Ғуломов Я.Ғ. Хоразмнинг суғорилиш тарихи. – Т.: Ўзфанакаднаш, 1959. – 324 б.
13. Даўлетова К.Д., Умаров Е.К. Қарақалпақстан АССРының тәбияты ҳәм хожалығы. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1989. – 188 б.
14. Донидзе Г.И. Гидрономические термины в тюркских языках // В кн.: Ономастика. – М.: Наука, 1969. С. 164-171.
15. Дўсимов З. Хоразм топонимлари. – Т.: Фан, 1985. – 104 б.
16. Дўсимов З., Эгамов Х. Жой номларининг қисқача изоҳли луғати. – Т.: Ўқитувчи, 1977. – 174 б.
17. Жданко Т.А. Очерки исторической этнографии каракалпаков. – М.: 1950. – 169 с.
18. Жучкевич В.А. Общая топонимика. – Минск: Вышэйшая школа, 1968. – 432 с.
19. Заҳириддин Муҳаммад Бобур. Бобирнома. – Т.: Ўзфанакаднаш, 1960. – 512 б.
20. Камалов С. Қарақалпақлардың халық болып қәлиплесиўи ҳәм оның мәмлекетлигиниң тарийхынан. – Нөкис: ӨзР ИА ҚҚБ «Хабаршысы» журналы, 2001. – 76 б.

21. Каримова Л. Ўзбек тилида топонимларнинг ўрганилиши. – Т.: Фан, 1982. – 92 б.
22. Каульбарс А.В. Низовья Аму-Дарьи, описанные по собственным исследованиям в 1873 г. Записки РГО по отделу общей географии, кн. IX. 1881. – 630 с.
23. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. I том, А–В. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1982. – 404 б.
24. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. II том, Г–К. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1984. – 388 б.
25. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. III том, К–Н. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. – 368 б.
26. Қарақалпақ тилиниң түсиндирме сөзлиги. IV том, О–Я. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. – 636 б.
27. Қарақалпақ фольклоры. Том. 77-87. – Нөкис: «Илим». 2014. – 560 б.
28. Қарақалпақша-русша сөзлик. Бас ред. Баскаков Н.А. – М.: Шет тил ҳәм миллий сөзликлер, 1958. – 892 б.
29. Қораев С. Географик номлар маъносини биласизми? – Т.: Ўзбекистон, 1970. – 192 б.
30. Қораев С. Географик номлар маъноси. – Т.: Ўзбекистон, 1978. – 203 б.
31. Қораев С. Ўзбекистон вилоятлари топонимлари. – Т.: O'zbekiston milliy ensiklopediyasi, 2005. – 240 б.
32. Қунназаров Қ. Бес қала. Теңиздиң әтирапы елим. (Қысқаша тарийхый дереклер ҳәм аңыз әпсаналар). – Нөкис: Билим, 2010. – 60 б.
33. Қурбанов М.Д. Қарақалпақ тилиндеги географиялық терминлердиң лексика-грамматикалық өзгешеликлери: Филол. илим. канд… дисс. – Нөкис, 2011. – 127 б.
34. Қурбанов М.Д. Қорақалпоқ тилидаги географик терминларнинг лексик-грамматик хусусиятлари: Филол. фан. номзод… автореф. – Нукус, 2011. – 23 б.

35. Мамбетова Г. Ж. Қарақалпақстанның арқа районлары гидронимлери: Филология илимлери бойынша философия докторы (Doktor of Philosophy)… дисс. – Нөкис, 2018. – 140 б.
36. Мамбетова Г.Ж. Қорақалпоғистоннинг шимолий туманлари гидронимлари: Филология фанлари бўйича фалсафа фоктори (Doktor of Philosophy)… дисс автореф. – Нукус, 2018. – 51 б.
37. Маҳмуд Қошғарий. Туркий сўзлар девони (Девону луғотит турк). III том. – Т.: Ўзфанакнаш, 1963. – 463 б.
38. Миракмалов М.Т. Табиий географик терминларнинг шаклланишида халқ атамаларининг ўрни: Геогр. фан. номзод… дисс. – Т.: 1998. – 148 б.
39. Миракмалов М.Т. Халқ табиий географик терминлари. (Монография). – Т.: Fan va texnologiya, 2009. – 176 б.
40. Мурзаев Э.М.Очерки топонимики. – М.: Мысль, 1974. – 382 с.
41. Мурзаев Э.М. География в названиях. – М.: Наука, 1982. – 176 с.
42. Мурзаев Э.М. Словарь народных географических терминов. – М.: Мысль, 1984. – 653 с.
43. Мурзаев Э.М. Топонимика и география. – М.: Наука, 1995. – 304 с.
44. Насыров Д.С., Доспанов О.Д. Қарақалпақ диалектологиясы. – Нөкис: Билим, 1995. – 224 б.
45. Низомов А., Рахимова Г., Расулова Г. Топонимика. (Ўқув қўлланма). – Т.: Sharq, 2013. – 120 б.
46. Никонов В.А. Краткий топонимический словарь. – М.: Мысль, 1966. – 509 с.
47. Радлов В.В. Опыт словаря тюркских наречий. I том, I часть. – Санкт-Петербургь: 1893. – 968 с.
48. Сайымбетов О.Т. Қарақалпақ тлиндеги меншикли адам атлары. – Нөкис: Билим, 2000. – 72 б.
49. Севортян Э.В. Этимологический словарь тюркских языков. – М.: Наука, 1974. – 768 с.

50. Сейтниязов К.М. Топонимы северных районов правобережья Каракалпакии: Диссертация на соис. к. г. н. –Т.: 1998. – 138 с.
51. Толстов С.П. По следам древнехорезмийской цивилизации. – М.: 1948. – 326 с.
52. Умурбаев Е.У. Географиялық терминлер менен атамалардың орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: Билим, 1993. – 244 б.
53. Ўзбек тилининг изоҳли луғати. Тўртинчи жилд. – Т.: Ўзбекистон миллий энциклопедияси, 2007. – 606 б.
54. Ўзбек тилининг этимологик луғати. – Т.: Университет, 2000. – 600 б.
55. Хуррамов К. Узбекские народные географические термины, обозначающие рельеф Южного Узбекистана: Автореф. к.ф.н. – Т.: 1981. – 23 с.
56. Ҳасанов Ҳ. Географик номлар имлоси. – Т.: Ўзфанакаднаш, 1962. – 136 б.
57. Ҳасанов Ҳ. Ўрта Осиё жой номлари тарихидан. – Т.: Фан, 1965. – 81 б.
58. Ҳасанов Ҳ. Ер тили. – Т.: Ўқитувчи, 1977. – 88 б.
59. Ҳасанов Ҳ. Сайёҳ олимлар. – Т.: Ўзбекистон, 1981. – 262 б.
60. Ҳасанов Ҳ. Географик номлар сири: Илмий – оммабоп таъриф. – Т.: Ўзбекистон, 1985. – 120 б.
61. Чориев З. Тарих атамаларининг қисқача изоҳли луғати: Қадимги ва ўрта асрлар. – Т.: Шарқ, 1999. – 144 б.
62. Шубаев Л.П. Умумий ер билими. – Т.: Ўқитувчи, 1975. – 367 б.
63. Эназаров Т.Ж. Шаҳрисабз ҳудуди жой номларининг тарихий-қиёсий тадқиқи. Филол. фан. номзод… дисс. – Т.: 1993. – 152 б.
64. Эназаров Т.Ж., Есемуратов Е.А. Оразымбетова З.Қ. Қарақалпақстан Республикасындағы топонимлерди топлаў бойынша сораўнама. – Т.: Turon zamin ziyo, 2016. – 48 б.
65. Э и В. Мурзаевы. Словарь местных географических терминов. – М.: 1959. – 303 с.

66. Юлдашев Д.Т. Жанубий Қорақалпоғистон топонимларининг тарихий-этимологик тадқиқи: Филол. фан. номзод… дисс автореф. – Нукус, 2012. – 23 б.
67. G'ulomov P., Mirakmalov M. Toponimika va geografik terminshunoslik. – T.: 2005. – 64 b.
68. Qorayev S. Toponimika. – T.: O'zbekiston faylasuflari milliy jamiyati nashriyoti, 2006. – 320 b.

## IV. Ilimiy hám gazeta maqalaları

1. Абишов Г.М. Топонимлер қурамындағы гидронимикалық терминлер // ҚМУ Хабаршысы, 2017. № 2 (35). 150-152 б.
2. Абишов Г.М. Шымбай районындағы этнотопонимлер // ҚМУ Хабаршысы, 2011. № 3-4. 110-111 б.
3. Алланазаров К.Ж. Балтабаев О.О. Үлкемиздиң тарийхый объект атамалары // ҚМУ Хабаршысы, 2019. № 1 (42). 22-24 б.
4. Алланазаров К.Ж., Балтабаев Ө.Ө. Өзек термини ҳәм оның топоним пайда етиўдеги орны (Қарақалпақстан Республикасы Тахтакөпир районы мысалында) // «Бутун жаҳон атроф-муҳит муҳофазаси куни»га бағишланган «Жанубий Оролбўйи табиий ресурсларини оқилона фойдаланиш» номидаги VII республика илмий-амалий конференцияси. – Нукус, 2018. 128-130 б.
5. Алланазаров К.Ж., Балтабаев Ө.Ө. Жергиликли географиялық терминлерге қысқаша сыпатлама (оронимиялық терминлер мысалында) // «География – келешекке көз қарас» атамасындағы республикалықилимий-теориялық конференциясы. – Нөкис, 2018. 12-14 б.
6. Әбдимуратов Қ. Қарақалпақ топонимикасы ҳәм оны изертлеў мәселелери // Әмиўдәрья, 1965. № 2. 119-125 б.

7. Балтабаев О.О. Қарақалпақстанда топонимикалық изертлеўлер // Магистрантлардың илимий мийнетлериниң топламы. –Нөкис, 2019. 63-66 б.
8. Балтабаев О.О. «Таў» термини топотермин сифатида // «XXI асрда илм-фан тараққиётининг ривожланиш истиқболлари ва уларда инновацияларнинг тутган ўрни» мавзусидаги Руспублика илмий 3-онлайн конференцияси. – Т.: 2019. 144-146 б.
9. Балтабаев Ө.Ө. Ойконимиялық терминлер ҳәм олардың топоним пайда етиўдеги орны (Тахтакөпир районы мысалында) // «Орол минтақаси ва қўшни ҳудудларда комплекс географик тадқиқотларнинг муаммо ва истиқболлари» номидаги Халқаро илмий-амалий конференцияси. – Нөкис, 2018. 133-135 б.
10. Бафоев Б. Кўл сўзининг маънолари ва тарихи // Ўзбек тили ва адабиёти, 1992. – № 2. 18-20 б.
11. Бекбаулов У. Топонимы Приаралья как источник изучения истории каракалпакского народа // Вестник Каракалпакского филиала АН УзССР, 1970. № 4 (42). С. 60-65.
12. Бердимуратов Е. Топонимиялық атамаларға дыққат аўдарайық // Еркин Қарақалпақстан. 2000. 20-июнь. № 73 (17355).
13. Кәримхожаев Ш. Қарақалпақ тилиниң дийханшылық терминологиясындағы араб ҳәм иран тиллериниң элементлери // Вестник Каракалпакского филиала АН УзССР, 1970. № 4 (42).
14. Қазақ ономастикасының мәселелері. – Алматы: Ғылым, 1986. – 136 б.
15. Қудайбергенов М., Пахратдинов Қ. Географиялық атамаларға итибар – дәўир талабы // Еркин Қарақалпақстан. 2013. 10–декабрь. № 150 (19456).
16. Қурбанов М.Д. Қарақалпақ тилиндеги географиялық теминлерди үйрениўдиң әҳмийети // ӨзР ИА ҚҚБ Хабаршысы, 2009. № 1.107-109 б.
17. Қурбанов М.Д. Қарақалпақ тилиндеги жергиликли географиялық теминлер // ӨзР ИА ҚҚБ Хабаршысы, 2009. № 3.130-132 б.

18. Матмуратов Ж. Карақалпақ топонимикасы машқалалары ҳаққында // Совет Қарақалпақстаны. 1991. 4-июль. № 126 (15795).
19. Мамбетова Г. Қарақалпақ годронимлериниң қурылыс өзгешеликлери // Әмиўдәрья, 2005. № 3. 116-118 б.
20. Мәтмуратов Ж. Өзлеримизде де пәкизе атамалар бар ямаса қарақалпақ топонимикасына байланыслы гейпара ойлар // Әмиўдәрья, 1991. № 10. 123-126 б.
21. Миракмалов М.Т., Солиев А.С. Ўзбекистонда географик номларнинг ўрганилиш тарихи, ҳозирги ҳолати ва истиқволлари // Ўзбекистон География жамияти ахбороти. 42-жилд, 2013. 3-7 б.
22. Өтепбергенов Р. Үлкемиздиң тарийхын үйренемиз // Тахтакөпир таңы. 2018, № 30-31 (5975 – 5976).
23. Пахратдинов Қ., Бекниязов Қ. Қарақалпақстан топонимлериниң қурылысы // Илим ҳәм жәмийет, 2010. № 1-2. 69-70 б.
24. Пахратдинов Қ.А., Серıкбаева А.С. Тахтакөпıр ауданының аталу тарихы // «Техникалық және гуманитарлық ғылымдардың болашағы» Халықаралық ғылыми-тәжірибелік конференциясы – Астана, 2018. 292-294 б.
25. Райымбеков Н. Халық аўзынан // Әмиўдәрья, 1994. № 7-9. 100-104 б.
26. Райымбеков Н. Хатлар сөйлейди… «Қаратереӊ» дегенде қарақалпақтың тарийхы шығады // Әмиўдәрья, 1992. № 4-5. 125-126 б.
27. Сейтниязов К.М. Распространение типов географических названий в Каракалпакстане // Вестник Каракалпакского отделения АН Узбекской, 2001. № 3. С. 109-110.
28. Султанов М. Тарийх – өткен күнлер жыйнағы // Тахтакөпир таңы. 2018. 26-апрель. № 12 (5957).
29. Туреева Г., Урынбаева Ф., Каримуллаев И. Қарақалпақстан этнотопонимлериниң қәлиплесиў өзгешеликлери // «Рациональное использование природных ресурсов Южного Приаралья». Материалы

республиканской научно-практической конференции. – Нукус, 2013. 173-175 б.
30. Эназаров Т. Дж., Есемуратов А.Е., Бердиева Б.Т. Этнотопонимлерди үйрениў мәселесине // Илим ҳәм жәмийет, 2017. № 2. 27-29 б.
31. Allanazarov K.J., Baltabayev O.O. The term of zhap and its role in prodicing toponyms (the research is based on the toponymy Takhtakopir District of the Republic of Karakalpakstan) // Science and Education in Karakalpakstan, 2019. № 1 (9). 52-55 pp.
32. Allanazarov K., Baltabayev Ó. Taxtakópir rayonı etnotoponimleri (Elatlı punktler mısalında) // Магистрантлардың илимий мийнетлериниң топламы. –Нөкис, 2018. 43-46 б.
33. Allanazarov K., Urinbaeva F., Baltabayev Ó. Qaraqalpaqstanda kól termininiń toponim payda etiwdegi roli (Taxtakópir rayonı mısalında) // «География пәни ҳәм оны оқытыўдың актуаль мәселелери» атамасындағы Республикалық илимий-теориялық конференциясы. - Нөкис, 2018. 5-7 б.
34. Qurbanov M. Qaraqalpaq tilindegi ayırım oykonimiyalıq terminlerdin' etimologiyası ha'm semantikalıq o'zgeshelikleri // Ilim ha'm ja'miyet, 2014. №1. 40-42 b.

## V. Internet materialları

1. www.edu.uz (Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrligi)
2. www.lex.uz (Ózbekstan Respublikası nızam hújjetleri milliy bazası)
3. www.ziyonet.uz (Informaciyalıq bilimlendiriw)
4. www.geografiya.uz (Geografiyalıq mağlıwmatlar bazası)
5. www.karsu.uz (Qaraqalpaq mámleketlik universiteti)

# QOSÍMSHALAR

# Taxtakópir rayonı kartası



# Qaraózek rayonı kartası



# Шымбай районы картасы

